S. KAMALOV, Q. SARÍBAEV,
M.Q. SARÍBAEV, M.A. QARLÍBAEV,
A.Q. SARÍBAEV

# QARAQALPAQSTAN TARIYXÍ

*(1917—1991-jıllar)*

**10-KLASS**

**ULÍWMA ORTA BILIM BERIW MEKTEPLERI USHÍN**

# I BAP. QARAQALPAQSTAN SOVET HÁKIMIYATÍNÍŃ ORNATÍLÍWÍ JÍLLARÍNDA (1917—1924-JJ.)

## §1. Ámiwdárya bólimi 1917-jıl fevral-oktyabr aralıǵında

**Xalqı hám social-ekonomikalıq jaǵdayı.** 1917-jılı házirgi Qaraqalpaqstan aymaǵı sol waqıtları eki mámleket quramındaǵı — Túrkstan general-gubernatorlıǵı Sırdárya wálayatınıń Ámiwdárya bólimi hám Xiywa xanlıǵı aymaqlarına tiyisli edi. Bul dáwirde Ámiwdárya bóliminde xalqınıń sanı 236.200 adam bolıp, onda qaraqalpaqlar (39,1 payız), ózbekler (30,4 payız), qazaqlar (22,1 payız), sonın menen birge 8,4 payızıń quraǵan — túrkmenler, orıslar (urallı kazaklar menen) iranlılar, tájikler hám tatar xalıqları jasaytuǵın edi. Sonday-aq, shep jaǵalıqtaǵı qaraqalpaqlar Xiywa xanlıǵınıń kóbinese Góne Úrgenish, Xojeli, Shomanay hám Qońırat bekliklerinde hám átirapında jasadı, al xanlıqtıń basqa bekliklerinde jasawshı qaraqalpaqlar az sanda edi.

1917-jıldıń basında Ámiwdárya bóliminde jasap atırǵan xalıqlardıń social-ekonomikalıq turmısı, birinshi jer júzilik urıs aqıbetinde, oǵada tómenlegen edi. Ol Rossiya imperiya orayınıń shiyki zat hám awıl xojalıq ónimlerin jetkerip beriwshi aymaq bolıp xızmet etiwdi dawam etti. Urıstıń bánesi menen patsha húkimeti jańadan qosımsha shiyki zat óndiriw, salǵırtlar jıynawdı niyet etip, xalıqtan hár túrli (aqshalay, zatlay, mal, jer hám t.b.) awır salıqlar óndirildi. Sonday-aq, jergilikli xalıqtan arzan miynet kúshi sıpatında paydalandı. Nátiyjede, bul aymaqtaǵı xalıqlarǵa awır búlginshilik alıp keldi. 1916-jıldıń aqırında Petro-Aleksandrovskte hám basqa qalalarda azıq-awqattı bólistirip, kartochka menen beriw tártibin ornattı. Biraq azıq-awqat jetispegenlikten Ámiwdárya bóliminde hár qıylı awırıwlar tarqaldı, óliwshilik kóbeyip ketti. Xiywa xanlıǵındaǵı awhal onnan da tómenledi. 1917-jıldıń 29-yanvarında xan urıs zaemın shıǵardı. Suwdıń az bolǵanlıǵınan 1917-jılı tek Xojeli bekliginiń Jańa qala degen awılında 170 mıń tanap (desyatina) jer suwǵarılmay qaldı.

Usı jaǵdaylardıń hámmesi bul aymaqtaǵı xalıqlardıń patshaǵa hám xanǵa qarsı narazılıǵın kúsheytti. Xalıq-azatlıq háreketiniń kúsheyiwinen qorqqan xan Túrkstan general-gubernatorınan kóterilisshilerdi bastırıw ushın Rossiya áskeriy komissariatın dúziwdi ótinish etti. 1917-jıldıń 29-yanvarında sonday komissariat dúzilip Xiywada patsha áskerleri turdı.

**Patshashılıqtıń qulawı hám úlkede jámiyetlik-siyasiy háreketlerdiń jetilisiwi.** 1917-jıl 27-fevral kúni Rossiya imperiyasınıń paytaxtı Petrogradta miting hám kóterilisler baslanıp, onıń jeńisi nátiyjesinde patshashılıq quladı hám 2-matrta imperator Nikolay II taxttan waz keshti. Elde Waqıtsha húkimet hám Sovetler payda boldı. Bul xabar patsha Rossiyasınıń koloniyası bolǵan Túrkistanǵa hám onıń eń shet úlkeleriniń biri Ámiwdárya bólimine, sonday-aq, Xiywa xanlıǵına taraldı.

Fevral waqıyaları úlkede jámiyetlik-siyasiy háreketlerdiń jetilisiwine úlken tásir etti. Bul dáwirde Xiywa xanlıǵında hám Ámiwdárya bóliminde «jas xiywalılar» háreketi siyasiy shólkem sıpatında maydanǵa shıǵa basladı. Eldiń aldıńǵı qatardaǵı zıyalıları hár qanday artta qalıwshılıqtıń baslı sebebi feodallıq tártipler menen koloniyallıq eziwshilikte dep olar tusinetuǵın edi. «Jas xiywalılar» háreketi xalıqtı mádeniy jaqtan alǵa ilgeriletiwge bar kúsh-jigerin jumsadı, bul aymaqtaǵı tuwısqan xalıqlardıń sawatlı bolıwı ushın gúres júrgizdi. Olar xalıqtıń rawajlanıwı ushın úlkemizde azatlıq gúresiniń wákilleri retinde, eziwshilikti saplastırıw jolında xızmet etti.

Sonday-aq, 1917-jıl 6-martta Petro-Aleksandrovsk qalasında jumısshılar deputatlarınıń Soveti dúzildi. 7-martta qala garnizonınıń 738-drujinasınıń soldatları miting shólkemlestirip atırǵan waqıtta Ámiwdárya bóliminiń baslıǵı polkovnik Zavitnevich mitingshilerdi tarqatıw ushın kelgende onı, onıń járdemshisin hám qala pristavın soldatlar qamaqqa aldı. Kóplegen policiyashılar qaladan qashıp shıǵıp ketti.

Sońınan, Petro-Aleksandrovskte Ámiwdárya flotiliyasınıń soldat hám matroslarınıń belsene qatnasıwınıń arqasında soldatlar deputatlarınıń Soveti dúzilip, onıń baslıǵı praporshik Kirshevskiy saylandı. Sovet aǵzaları soldatlar, bolshevikler, menshevikler hám eserlerden ibarat boldı, biraq onda jergilikli xalıq wákilleri joq edi. Ámiwdárya bólimi menen Xiywa xanlıǵında soldatlardıń drujina, matroslardıń barja hám paroxod, sonıń menen birge jumısshılarınıń zavod komitetleri shólkemlese basladı. Sonday-aq, 1917-jıldıń mart ayında bolsheviklerdiń basshılıǵı astında Petro-Aleksandrovsk hám Úrgenishte jumısshılardıń, muǵallimlerdiń hám medicina xızmetkerleriniń kásiplik awqamı dúzildi.

Petro-Aleksandrovsktegi bolǵan waqıya Ámiwdárya bóliminiń basqa da jerlerine tez taradı. Onda «jas xiywalılar» belsene qatnastı. Saylaw jolı menen 8-mart kúni Tórtkúl bolısında, al 9-martta

Sheyx-Abbaz-Valiy (Beruniy) bolısında bolıslıq komitetler dúzildi. Petro-Aleksandrovsk soldat deputatları Soveti tárepinen Shımbayǵa soldatlar jiberildi. Olar 10-mart kúni Shımbayǵa keliwden dárhal Shımbay uchastkasınıń pristavın xızmet ornınan shetletti hám policiyashılardı quralsızlandırdı. Bunnan soń jeti adam quramında komitet dúzildi. Onda soldatlar hám basqa da hár qıylı qatlam wákilleri bar edi. Komitet baslıǵı bolıp jergilikli xalıqtan Turman Qarjawbaev saylandı hám onı komitet baslıǵınıń uchastka komissarı dep te ataǵan.

**Jámiyetlik qáwipsizlik komiteti.** Petro-Aleksandrovsk gornizonınıń soldatlar hám jumısshılar deputatlarınıń Sovetleri shólkemlesken kúnlerinen baslap, urıstı toqtatıw ushın úgit-násiyat jumısların alıp bardı hám hámeldarlardıń Orayǵa jiberip atırǵan qaǵazlarına qadaǵalaw júrgiziwdi iske asıra basladı.

Ámiwdárya bóliminde jumısshılar hám soldatlar sovetlerge qarsı ámeldarlar óziniń kúshin biriktirip jergilikli waqıtsha húkimetin dúziwge kiristi. 1917-jılı 7-martta Petro-Aleksandrovskte jámiyetlik qáwipsizlik komiteti shólkemlestirildi. Ol administrativlik hám azıq-awqat sekciyalarınan ibarat bolıp, dáslep administrativlik sekciya baslıǵına jer ólshewshi Shaposhnikov saylandı, sońınan onıń ornına gidrotexnik Pamshev belgilendi. Azıq-awqat sekciya baslıǵı apteka baslıǵı Bersudskiy boldı. Al, burıngı patsha ámeldarı Samborskiy qáwipsizlik komitet baslıǵı – mirovoy sudya bolıp, Ámiwdárya bólimindegi hákimiyattı óz qolına ala basladı.

Komitet qalalıq Petro-Aleksandrovsk dumasın dúziwge kirisip, 1917-jıl 16-aprelde qalalıq Dumaǵa saylaw ótkerildi. Bul Duma[1] waqıtsha húkimettiń tapsırmasın orınlaytuǵın organǵa aylandı hám onıń baslıǵı etip paxta zavod iyesi A.Shapov saylandı. Burjuaziya Dumaǵa burıngı patsha ámeldarların kirgizdi hám oǵan jergilikli xalıqtıń wákilleri kirmedi.

**Musılmanlar awqamı.** Ámiwdárya bólimindegi soldat deputatları Sovetinde, Dumada hám waqıtsha húkimet komitetlerinde jergilikli xalıq wákillerine tiyisli orın berilmedi. Olardıń huqıqları hár tárepleme sheklendi, ásirese, musılman xalıqlarınıń sol zamandaǵı aldıńǵı toparları bolǵan ruwxanıy hám ulamalar hesh qanday itibarǵa alınbadı. Usınday jaǵdayda Tashkent qalasında 1917-jılı 14-martta dúzilgen «Shuro-i-Islamiya» («Islam Keńesi») tásirinde Petro-Aleksandrovskte de «musılmanlar awqamı» dúzildi. Onıń baslıǵı etip paxta zavod iyesi A.Ravilov, al orınbasarı «jas xiywalılar» háreketiniń wákili D.Allaqulov belgilendi. Biraq, «Petro-Aleksandrovsk musılmanlar awqamı» tek qısqa waqıt (mart-oktyabr aralıǵında) óz jumısın alıp bardı. 1917-jıldıń may ayınan avgustqa shekemgi waqıt ishinde «musılmanlar awqamı» birneshe toparlarǵa bólinip ketti. Olardıń birazları Sovetlerdi qollasa, ayırım toparları Waqıtsha húkimetti qolladı, al birqanshaları ǵárezsiz Túrkistan tárepdarı boldı hám bulardı kópshilik xalıq qollap-quwatlaytuǵın edi.

**Úlkede qarama-qarsılıqtıń keskinlesiwi.** Solay etip, 1917-jılı patshashılıq qulaǵannan soń Ámiwdárya bóliminde jumısshılar hám soldatlar sovetleri, jámiyetlik komitet penen birge qalalıq Duma hám musılmanlar awqamı payda boldı.

Petro-Aleksandrovsk jámiyetlik qáwipsizlik komiteti menen qalalıq Duma úlkedegi xalıq ushın aytarlıqtay ózgeris islemedi hám burıngı koloniyalıq siyasattı dawam etti. Patsha hámeldarların óz orınlarına qaytadan qoyıp, urıstı dawam ettiriw siyasatın alıp bardı. Burıngıday is júrgiziw, basqarıw, mádeniy jumıslardı jergilikli xalıqtıń tilinde alıp barıw qadaǵan etildi. Salıq tólew muǵdarı kemeymedi, kerisinshe 1917-jılı urıs zaemına májbúriy túrde jazılatuǵın boldı.

Waqıtsha húkimettiń bul siyasatı Ámiwdárya bóliminde hám xalıqta oǵan narazılıqtı kúsheytiwge alıp keldi. Ol quralllı qozǵalań dárejesine shekem jetip, olar endi siyasiy talaplar qoya basladı. Oǵan Oraylıq Rossiya qalalarınan front artı tıl qurılıs jumıslarınan qaytıp kelgen márdikarlar da sebepshi boldı. Bulardıń kópshiligi siyasiy jaqtan sawatlı boldı. Birinshi bolıp narazılıqtı Petro-Aleksandrovsk hám Xiywa garnizonınıń soldatları bildirdi. Olar erkinlikti hám áskeriy ataqlardıń hámmesin teń beriwdi talap etti. Waqıtsha húkimetke ant beriwden bas tartıp, soldatlar oficerlerdiń zorlıq-zombılıqlarına qarsı gúres júrgizdi, áskeriy shólkemlerdiń jańa saylaw sistemasın ornatıwdı talap etti.

Bul dáwirde úlkede xalıq arasında da qozǵalańlar háwij aldı. Máselen, Ámiwdárya bóliminde Shoraxan kanalın qazıwǵa qatnasıp atırǵan jumısshıları qazıwdı basqarıwshılardıń qatań tártibi, qazıwdaǵı jaman sharayatlarǵa qarsı shıqtı. Sonday-aq, bólimde awıllardıń diyqanları da eski bolıslardı ornınan alıwdı, bolıslıq atqarıw komitetlerdi qaytadan saylawdı talap etti.

Xiywa xanlıǵında 1917-jılı 24-iyunde diyqanlar Xojeliniń qasındaǵı Safaryanctıń úlken paxta plantaciyasın zorlıq penen basıp aldı. Xanlıqtıń basqa jerlerinde xalıq háreketleri kúsheydi. Xojeli, Qıpshaq hám Qońırat bekliklerinde diyqanlardıń waqıtsha húkimettiń áskerleri menen quralllı

soqlıǵısıwları boldı.

Úlkede xalıq háreketleriniń aldın alıw maqsetinde 1917-jılı 17-sentyabrde Ámiwdárya bólimi hám Xiywa xanlıǵına polkovnik Zaycevtiń kazak otryadları alıp kelindi. Biraq, Ámiwdárya bóliminde hákimiyattı soldat deputatları Sovetine beriw ushın háreket kúsheyip ketti, onı bolshevikler, menshevikler hám eserler, sonday-aq «jas xiywalılar»dıń sol qanatı bólinip shıǵıp qollap-quwatladı. Bul jaǵday revolyuciyanıń jańa basqıshına ótiw ushın zárúrli jámiyetlik siyasiy tiykar saldı.

**Sorawlar hám tapsırmalar**

1. 9-klastıń «Qaraqalpaqstan tariyxı»nda ótilgen §4 hám §12 temaları boyınsha Ámiwdárya bóliminiń administrativlik dúzilisi hám birinshi jer júzilik urıstıń úlkedegi xalıqlardıń turmısına tásiri haqqında aytıp beriń.
2. 1917-jılı Ámiwdárya bólimi hám Xiywa xanlıǵı aymaqlarında jasap atırǵan xalıqlardıń social-ekonomikalıq turmısı qanday edi?
3. Patshashılıq qulaǵannan sońǵı Ámiwdárya bóliminde qanday jámiyetlik-siyasiy ózgerisler júz berdi?
4. Bul dáwirdegi Ámiwdárya bólimindegi demokratiyalıq kúshler qanday edi?
5. Ámiwdárya bólimi hám Xiywa xanlıǵı aymaqlarında jasap atırǵan xalıqlardıń narazılıq háreketleri haqqında aytıń.

## §2. Bolshevikler ústemliginiń ornatılıwı hám sovet hákimiyatına qarsı gúres (1917—1920-jj).

**Rossiyadaǵı 1917-jılǵı oktyabr awdarıspaǵınıń Ámiwdárya bólimine tásiri.** Rossiyada kóplegen partiyalar arasındaǵı siyasiy hákimiyat ushın gúres 1917-jılı 25-oktyabr kúni bolshevikler paydasına sheshildi hám V.Ulyanov (Lenin) basshılıǵında sovet húkimeti dúzilip, Rossiyanı Sovetler Respublikası dep járiyaladı.

1917-jılı revolyuciyalıq háreketler oraylıq qalalarda jeńip shıqqannan keyin Turkstan úlkesinde de jeńiske eristi hám bul jerde barlıq húkimet sovetlerdiń (bolsheviklerdiń) qolına óte basladı. Sol jıldıń dekabr ayınıń birinshi yarımında Sovet húkimeti Ámiwdárya bóliminde de ornatıla basladı. 12-dekabr kúni Petro-Aleksandrovskte soldatlar kazak otryadların biytáreplendirip, Sovet hákimiyatın ornattı. Bunnan keyin Shoraxanda, Shabbazda, Biybazarda, sońınan 1918-jılı 1-yanvarda Shımbay hám Nókiste, keyin ala sol jıldıń birinshi yarımında bolshevikler basshılıǵında Moynaq hám oǵan jaqın yarım atawlarda Sovet hákimiyatı ornatıldı.

Biraq, sonı aytıp otiw kerek, bul Sovet hákimiyatı ele bekkem emes edi hám onıń úlkedegi xalıqlarǵa dáslep tásiri bolmadı. 1917-jıldıń 31-sentyabrinen 1918-jıldıń oktyabrine shekem Ámiwdárya bóliminiń komissarı bolıp V.Pamshev islegen waqıtta bul jerde basqarıw tártibinde túpkilikli ózgerisler bolmadı. Jergilikli húkimet basında burıńǵı kolonizatorlar hám patsha xızmetkerleri otırǵan edi. Qalanıń bay hám belgili adamlarınan quralǵan Petro-Aleksandrovck qalalıq hákimiyatı (Duma) bolsheviklerdiń is-háreketiń quwatlamadı hám bul Duma 1918-jıl 13-oktyabrge shekem óz xızmetiń atqardı.

Sonday-aq, Ámiwdárya bóliminiń Shımbay hám Shoraxan uchastkalarındaǵı jergilikli hákimiyat basshıları xalıqtıń ataqlı atqa minerleri bolsheviklik hákimiyattıń dáslepki háreketlerin sın kózqaras penen baqlap otırdı. Xalıq asharshılıq, baspashılıq hám quwdalawshılıq apatınıń dóniwine baylanıslı ózleriniń urıw hám aymaq basshıları aynalasına jámlese basladı.

Bul waqıtta sol jaǵalıqtaǵı Xiywa xanlıǵına qaraslı bolǵan házirgi Qaraqalpaqstan aymaǵında da bolsheviklerge qarsı kúshler basım edi. Bolshevikler olardı qıyratıw ushın barlıq múmkinshiliklerden paydalandı. Ásirese, áskeriy kúshlerdi barınsha jumsadı sonday-aq, koloniyalıq siyasattıń azabın shegip ezilgen kámbaǵallardı da paydalandı.

**Bolshevikler ústemliginiń ornatılıwı.** Barlıq úlkede, sol qatarda, qonsı Xiywa xanlıǵındaǵı siyasiy turaqsızlıq Ámiwdárya bólimine tásiri otiwine qorqqan bolshevikler Petro-Aleksandrovsk qalasın Rossiyanıń haqıyqıy áskeriy bazasına aylandırıwǵa kiristi. 1918-jıldıń gúzinen baslap 1919-jıldıń avgustına shekem Petro-Aleksandrovsk qalasına kóp tájiriybeli partiyalıq hám áskeriy adamlar basshılıǵındaǵı bir neshe qurallanǵan jumısshı hám matroslar otryadları kele basladı.

Bul jılları bolshevikler hám Sovet hákimiyatı «endi qaraqalpaq, ózbek, qazaq, túrkmen hám basqa da xalıqlar eziwshilikten birotala azat boladı, socializm hám kommunizm quradı» degen túsinikti xalıqtıń qulaǵına quyıp, sanasına engiziw ushın tınbay jumıs isledi. Sonın menen birge hákimiyattaǵı hám deputatlar Sovetindegi basshılıqtı Sovet hákimiyatı ornaǵan kúnlerden baslap-aq bolshevikler ózleri iyeley basladı. Olar ózleriniń hákimshiligin saqlaw hám bekkemlew ushın bár-

hama tiyisli ilajlar isledi.

1918-jılı 24-dekabrde Petro-Aleksandrovskte bolsheviklerdiń jıynalısı bolıp, onda Túrkistan kommunistlik partiyasınıń Petro-Aleksandrovsk qalalıq komitetin dúzdi. Bul dáwirde Petro-Aleksandrovsk qalalıq Sovetindegi basqarıwın bolshevikler iyelep, keyin ala onı Ámiwdárya deputatları Soveti dep ózgertip, onda jer iyeleri hám ruwxanıylar saylawlarǵa qatnasıw huqıqınan ayırılǵan edi. 1919-jılı 26-fevraldaǵı Ámiwdárya bólimi Sovetiniń jańadan atqarıw komitetin saylawda da, onıń quramındaǵı V.Kempchinskiy, V.Kroshilov, D.Golovyashkin hám basqa da bolsheviklerdiń qolına ótti. Solay etip, Ámiwdárya bólimi aymaǵında «proletar» diktaturasın ornatıp, orıs bolshevikleri úlkedegi xalıqlardı basqarıwdı óz qollarına aldı.

**«Áskeriy kommunizm» siyasatı hám onıń aqıbetleri.** Sovet húkimeti Ámiwdárya bóliminde áskeriy-siyasiy jaǵday dúzip, onıń ekonomikalıq siyasatı dáslepki kúnnen baslap-aq úlkedegi jeke menshik sanaat kárxanalardı hám banklar, jer qorların, iri úy iyeleriniń turaq jayların hám basqa da jeke múlklerdi mámleket múlkine aylandırıw, sonday-aq salıqlar salıw, qızıl áskerlerdıń azıq-awqat toplaw otryadlarınıń háreketleri menen sıpatlandı.

Biraq, bul ilajlar bolsheviklerdiń kútken nátiyjesin bermedi. Sol jılları Ámiwdárya bólimi boyınsha egislik jerler eki ese, al Shoraxan uchastkasında úsh eseden de aslam qısqardı. Nátiyjede awıl xojalıǵı ónimleriniń zúráátligi oǵada tómenlep ketti. Mallardıń bas sanı da júdá kemeyip ketti. Sanaat óndirisi da oǵada kúshli pásenlenip, bul ulıwma sanaat orınlarınıń sanınıń azayıp ketiwine alıp keldi. 1920-jılǵa kelip 24 mayda paxta tazalaw zavodınan tek Tórtkúl paxta tazalaw zavodı ǵana islep turdı. Aral teńiziniń qubla jaǵalawlarındaǵı balıq sanaatı ónimleri júdá azaydı. Máselen, eger 1917-jılı 245,906 c. balıq awlanǵan bolsa, al 1919-jılı tek 65,574 c. balıq awlandı. Álbette xalıq xojalıǵınıń bunday oǵada artta qalǵanlıǵınıń baslı sebebi Sovet húkimetiniń siyasatı nátiyjesinde urıstıń aqıbetleri boldı, sonıń menen birge jańa iyeleri – jumısshılar hám diyqanlardıń ele durıs xojalıqtı shólkemlestirmegenligi hám olarda jeke mápi bolmanǵınlıǵınıń nátiyjesi bolıp esaplanadı.

Bul jıllarda diyqan xojalıqlarınıń ashınarlı awhalına qaramastan Sovet hákimiyatı azıq-awqat razvyortkası[1], yamasa «áskeriy kommunizm» dep atalǵan argarlıq áskeriy siyasattı júrgizip, diyqanlardı hár tárepleme taladı. Bul siyasat boyınsha Sovet húkimeti diyqan hám sharwalardan óndirilgen ǵálle hám basqa azıq-awqatların áskeriy tártip jolı menen qolı-jolına qaramay tartıp aldı. Xalıqtan tartıp alınǵan diyqanshılıq hám sharwashılıq ónimleri Ámiwdárya bólimindegi qızıl áskerler ushın paydalanıldı, al paxta tikkeley Rossiya toqımashılarına jiberildi.

Ámiwdárya bólimi xalıqları azıq-awqat razvyortkası menen birge áskeriy qor ushın kontribuciya[2] tóledi. Máselen, tek 1920-jılı ózinde-aq xalıqqa 17 mln.nan aslam kontribuciya salındı. Nátiyjede, xalıqtıń awhalı awırlastı hám asharshılıqqa duwshar boldı. Sol jılları asharshılıqqa ushıraǵan xalıqtıń sanı Shoraxanda 5 mıń, al Shımbayda 25 mıń adamnan asıp ketti. Bulardıń barlıǵı xalıqtıń sovet hákimiyatına degen narazılıǵın kúsheytti. Bunıń ústine bolshevikler dáslepten-aq meshit hám medreselerdi xalıq sanası ushın gúrestegi básekilesi dep bilgen komissarlardıń diniy xızmetkerlerge qarsı siyasatı xalıq arasında jáne de qarama-qarsılıqlar tuwdırdı.

Solay etip, Ámiwdárya bólimindegi bir yarım jıl jańa húkimettiń, qızıl otryadlarınıń háreketleri, nadurıs milliy siyasatı úlkemizde azatlıq háreketiniń en jayıwına alıp keldi. Bolsheviklerge qarsı azatlıq gúrestiń ayrıqsha belgileri tómendegilerden ibarat edi: jámiyettiń derlik barlıq qatlamlarınıń bul gúreske qatnasıwı, háreketti ruwxanıylardıń basqarıwı, oǵan qazaqlardıń da belsene qatnasıwı, úlkede milliy ǵárezsizlik, erkinlik hám azatlıq ideyalarınıń saqlanıp qalıwı nátiyjesinde júzege keldi.

**Bolshevikler hákimiyatına qarsı gúres.** Sovetlerge qarsı háreketleri Xorezm oazisinde dáslep Muxammed-Kurban Serdar (Jóneyitxan)dıń 1918-jılı noyabr ayında Petro-Aleksandrovskke hám Nókis qorǵanına topılıs jasawı menen baslandı. Bul waqıtta Charjawdan Petro-Aleksandrovskke járdemge jaqsı qurallanǵan qızıl áskerler kelip, olar 11 kún dawam etilgen qalanıń qamalın buzdı hám qala garnizonı menen birikti. Keyin ala 1918-jılı 13-dekabrde Petro-Aleksandrovskten járdemge qızıl áskerler kelip Nókistegi qızıllar menen kúsh biriktirgennen soń Jóneyitxannıń áskerleri keyin shegindi. Bul urısta eki jaqtan da kóp adamlar qırıldı.

1919-jıldıń báhárinen baslap bolshevikler húkimdarlıǵındaǵı sovet rejimine qarsı háreket jań adan kúsheye baslaydı. Bul waqıtta Shımbay uchastkasında bolsheviklerge qarsı keyiptegiler ural kazaklarınıń atamanı Mixail Filchev otryadına qosıldı. Sonday-aq, Nókis qala-qorǵan aymaǵındaǵı bolısı — Iniyat Niyazov «qızıl»lardıń jawı boldı. Arqa aymaqta Sovet hukimetine qarsı turǵan basshıları Terbenbes, Ishim bolısı - Lepesbay Joldasov, Ibragim bolıs Ádilov, Xalmuratbay Qurbanov, Qutlımuratbiy (Bala biy), Seytnazar bolıs Pirnazarov, Ubaydulla Bawetdinov (Xan Maqsım) hám basqalar edi.

1919-jılı 29-iyulde Petro-Aleksandrovskten Shımbay uchastkasına Túrkistan Oraylıq Atqarıw

Komitetiniń aǵzası A.Xristoforov basshılıǵındaǵı 17 adam quramında arnawlı qurallı komissiya jiberildi. Olar Shımbayǵa barıp, qalalıq atqarıw komitetin tarattı hám sovet tártibin ornata basladı. Biraq ol óz nátiyjesin bermedi. Kóterilisshiler Shımbaydı iyeledi hám komissiyanıń aǵzaların (14 adam) oltirip, 1919-jılı 15-avgust kúni Shımbayǵa jaqın Tazǵara degen awılda olarǵa járdemge jiberilgen 80 nen aslam qızıl áskerlerdi quralsızlandırdı. Keyin ala Nókis qorǵanı, Moynaq balıq awlaw aymaqları kóterilisshiler qolına ótti.

Solay etip, bul waqıtta Shımbay uchastkasında bolsheviklerge qarsı kóterilis júz berip, oǵan bul uchastkanıń barlıq 12 bolıslıǵınan wákiller qatnastı. 1919-jılı avgust ayında Ámiwdárya bóliminiń arqa rayonlarında M.Filchev basshılıǵında húkimet ornatılıp, oǵan urallı kazaqkar menen birgelikte U.Bawetdinov (Xan Maqsım), I.Ádilov, I.Niyazov, S.Pirnazarov, Qutlımurat (Bala-biy) hám t.b. kirdi. Kóterilisshilerdi Jóneyitxan quwatladı hám olar birlikte Petro-Aleksandrovskke qaytadan topılıw haqqında da keńesti.

Bul waqıtta Ámiwdárnıń oń jaǵalawına sovet hákimiyatınıń ómir súriwiniń ózi qáwip astında turdı. Sonlıqtanda Xorezm oazisindegi áskeriy-jaǵdayǵa ózgertiw  ushın Túrkkomissiya Ámiwdárya bólimine úlken dıqqat awdardıp, keskin ilaj kórdi. Ol óziniń qeń huqıqlı wákiligi G.Skalovtın komissiyasın usı úlkege jiberdi hám onıń qol astına N.Sherbakov basshılıǵındaǵı qızıl armiyashılar batalonın berdi. Sonıń menen birge Charjawdan jańadan áskeriy kúshler jiberildi. 1919-jılı 17-avgustta olar N.Shaydakov hám G.Rıjkov basshılıǵında Ámiwdárya bólimine kirip kelip, 11-noyabrde Nókis qorǵanı basıp aldı. Keyin ala, Xiywa xanlıǵına qarsı qızıl áskerlerden eki otryad – arqa hám túslik otryadları dúzildi. Olar Ámiwdáryanıń sol tárepine ótip, 1920-jılı 1-fevralda Xiywa qalasın iyeledi. Solay etip Xiywa xanlıǵı quladı hám 2-fevral kúni Xorezm Xalıq Sovet Respublikası dúzildi.

Bul dáwirde Ámiwdárya bóliminiń arqa rayonlarında jaǵday shiyelenisip ózgermegen jaǵdayda sovet hákimiyatı sóylesiwler júrgiziwge májbúr boldı. Túrkkomissiya wákilleri aqsaqallar hám kóterilis basshıları menen sóylesiwler nátiyjesinde qadaǵan etiwshi qaǵıydalardıń joqqa shıǵarılıwı, eń baslısı 1919-jılı dekabrdegi Ámiwdárya revkomın qayta dúziw bulardıń barlıǵı paraxatshılıq shártnamasına qol qoyıwǵa imkaniyat jasap berdi. 1920-jıldıń 18-fevralında Túrkkomissiyası wákili menen úlkedegi xalıq-azatlıq gúresiniń basshıları arasında pitimge qol qoyıldı. Shımbay uchastkasında waqıtsha revkom dúzildi. Bolıslıqlarda bes adamnan ibarat puqaralardıń komitetleri saylandı. Qazaqlardıń úrp-adetlerin, sociallıq-mádeniy, turmıs jaǵdayların hám ózgesheliklerin esapqa alıp, ózin-ózi basqarıw ruxsat etildi.

Solay etip, bolshevikler qızıl áskerler kúshi menen sovet hákimiyatın bekkemley basladı. Degen menen áskeriy kúshtiń milliy hám diniy qarama-qarsılıqlardı sheshiwde barlıq waqıtta eń kúshli dálil bolmaytuǵınıń sovet hákimiyatı túsinip, Ámiwdárya bóliminiń revkomı - N.Soldatov (baslıq), M. Baljanov (orınbasar), Sh.Xasanov, G.Skalov, A.Makaev, I.Mitin (aǵaları) quramında qayta dúzildi. Birinshi mártebe komissiya orınbasarı hám aǵzaları bolıp jergilikli xalıqlardıń hám urallı kazaklardıń wákilleri saylandı. Bul xalıqlardıń mámleketlik shólkemlerde qatnasıwı 1919-jıldaǵı kóterilis jeńisleri dep qaralıwı mumkin. Ámiwdárya bóliminde Sovetlerdiń qayta saylawların ótkiziwge tayınlanıp, onda bolshevikler jergilikli adamlardı da basshılıqqa qatnastıra basladı. Usıǵan qaramastan bolshevikler óz wádelerin tez arada umıttı. 1921-jılı fevralda Shımbay uchastkasındaǵı kóterilisshlerdiń 24 belsene qatnasıwshıları qamalıp, súrgin etildi. Qaraqum iyshan qusaǵan belgili tulǵalar Sovetler saylawlarına qatnasıw huqıqınan ayırıldı, Xan Maqsım bolsa Ufa qalasına súrgin etildi. 75 iri jer iyelerinen hám sawdagerlerden 10 mln. manatqa jaqın járiyma óndirildi.

**Sorawlar hám tapsırmalar**

1. 1917-jıl oktyabr – 1918-jıl oktyabr aralıǵında Ámiwdárya bóliminde jámiyetlik-siyasiy turmıs qanday edi?
2. Bolsheviklerdiń Petro-Aleksandrovsk qalasın Rossiyanıń haqıyqıy áskeriy bazasına aylandırıwına ne sebep boldı, onıń maqsetı hám ol qalay etip ámelge asırıldı?
3. Ámiwdárya bóliminde bolshevikler ústemliginiń ornatılıwı hám «áskeriy kommunizm» siyasatı haqqında aytıp beriń.
4. Qanday sebepler Ámiwdárya bóliminde sovet hákimiyatına qarsı qurallı háreketti keltirip shıǵardı?
5. 1919-jılı Shımbay uchastkasındaǵı kóterilistiń áhmiyeti neden ibarat edi?

## §3. Ámiwdárya wálayatınıń dúziliwi hám social-ekonomikalıq ózgerisler

**Ámiwdárya wálayatınıń dúziliwi.** Sovet hákimiyatı ornaǵannan soń da házirgi Qaraqalpaqstan aymaǵı ekige bólinip qala berdi. Bul dáwirde Ámiwdárya bólimi hákimshilik jaqtan kóp basqıshlı basqarıw quramına iye edi: sawatlandırıw hám sudlaw tártibi Samarqand oblastına, sovetler, áskeriy hám xojalıq jaǵınan Sırdárya oblastına, ayırım qıyan-keski waqıtları tikkeley Túrkistan ASSRı oraylıq atqarıw komiteti (OAK) Sovetler hám xalıq komissarlarına baǵınıshlı edi. Sonlıqtan bolshevikler húkimeti buyrıqlarınıń orınlanıwın baqlap barıw júdá qıyın edi.

Sońıń ushın da Ámiwdárya bóliminde basqarıwdı oraylastırıwǵa hám onda bolsheviklik ústemlikti támiyinlewge baǵdarlanǵan sovetlik administrativlik dúzim engiziw baslandı. 1920-jılı 10-oktyabrde Túrkstan ASSR OAK Sovetleri Ámiwdárya bólimin óz shegarasında Ámiwdárya wálayatına aylandırdı. Tórtkúl (burınǵı Petro-Aleksandrovsk) onıń oraylıq qalası dep járiyalandı. Ámiwdárya wálayatı eki uezdge – Shoraxan hám Shımbay (burınǵı Shoraxan hám Shımbay uchastkaları) uezdlerine bólindi. Tórtkúl hám Shımbay uezdlik qala bolıp belgilendi.

Solay etip, Ámiwdárya wálayatı TASSR oraylıq atqarıw komitetińe hám xalıq komissarları sovetine baǵınatuǵın aymaqlıq-ekonomikalıq hám hákimshilik-siyasiy birlik bolıp qurıldı. Onı basqarıw ushın Sovetlik kórsetpeler tiykarında háreket etiwshi waqıtsha wálayatlıq revkom dúzildi. Al, uezdlerdi basqarıw ushın uezdlik revkomlar ornatıldı. Wálayatlıq hám uezdlik revkomlardıń basshıları bolshevikler boldı. Wálayatlıq revkom bes adamnan ibarat bolıp, onıń baslıǵı bolshevik N.Soldatov tayınlandı.

Keyin ala, wálayatlıq hám jergilikli sovetlerge saylawlar baslandı. Awıllıq hám bolıslıq sovetlerge saylawlar 1921-jılı yanvarda bolıp ótti, al 1921-jılı yanvardıń aqırında Sovetlerdiń Shımbay uezdlik siezdi, sol jıldıń 13-16-aprel kúnlerinde Sovetlerdiń Shoraxan uezdlik siezdi boldı. Saylawlar juwmaǵında eki uezdlik, 16 bolıslıq hám 77 awıllıq atqarıw komitetlerine 978 deputat saylandı, olardıń ishinde 518 qaraqalpaq, 253 ózbek, 181 qazaq, 26 túrkmen deputatlar bar edi. Bolshevik deputatlar Sovetlerdegi tiykarǵı baslı orınlardı iyeledi.

Bunnan keyin, 1921-jılı 25-30-aprel aralıǵında Ámiwdárya wálayatınıń I-siezdi ashılıp, oǵan 35 delegat qatnastı. Siezd Ámiwdárya wálayatı Sovetleriniń Wálayatlıq Atqarıw Komitetin saylap, onıń jumısına bolshevikler basshılıq etti hám baslı lawazımlardı iyeledi. Solay etip, sovet hákimiyatınıń basqarıw organlarında partiyalıq ústemlik ádewir kúsheye basladı. Oblastlıq basshılardıń arasında jergilikli xalıqlardıń wákilleri az boldı.

**Jańa ekonomikalıq siyasatqa ótiw jaǵdayı.** «Áskeriy kommunizm» siyasatı dáwirinde Sovet hákimiyatı sanaat kárxanaların mámleket qaramaǵına aldı. Paxtaǵa mámleketlik monopoliya ornata basladı hám onı Charjaw arqalı temir jol menen Rossiyaǵa jiberiwdi dawam etti. Máselen, 1919-jılı 24 vagon, 1920-jılı 138, al 1921-jılı 118 vagon paxta mamıǵı jiberildi. Jeke adamlardıń kishi kárxanaları hám sawda úyleri jumısı ústinen mámleketlik qadaǵalaw ornatıldı. Paxta mamıǵı menen sawdagershilik islewge tıyım salındı. 1919-jılı 4-iyuńdegi Túrkstan Oraylıq Atqarıw Komitetiniń qararına muwapıq ǵálle menen erkin sawda jasaw da qadaǵan etildi. Jáne de bul qarar boyınsha diyqanlar ǵállesin júdá arzan baha menen mámleketlik tayarlaw organlarına májbúriy tapsırıwı tiyis boldı.

Bul dáwirde azıq-awqat hám eń zárúrli zatlar jetispedi. Sovet hákimiyatınıń qaǵaz aqshası qádirsizlenip ketti. Ámiwdárya wálayatında, ásirese awıl xojalıǵı oǵada tómenledi. Solay etip, sovet hákimiyatınıń dáslepki ilajları sátsizlikke ushıradı. Xalıqtıń awhalı burınǵıdan da tómenlep ketti. Húkimet ekonomikalıq siyasatın ózgertiwge májbúr boldı.

1921-jıldan baslap, burınǵı «áskeriy kommunizm» dep atalǵan azıq-awqat razvyortkası «jańa ekonomikalıq siyasat» penen almastırıldı. Oraydıń kórsetpesine muwapıq Ámiwdárya wálayatı sovetleriniń I arnawlı siezdi 1921-jılı avgustta jańa ekonomikalıq siyasatqa ótiw haqqında qarar qabıl etti. Bunıń tiykarǵı mánisi ekonomikaǵa, xalıq xojalıǵına basshılıq etiwdiń dáslepki áskeriy-kommunistlik usılların biykarlap, óndiriwshige, ásirese diyqanǵa bir qatar erkinlikler beriwden ibarat edi. Yaǵnıy, diyqan ózine belgilengen azıq-awqat salıǵın tólegennen keyingi ónimniń qalǵan bólegine erkin iyelik etip, onı bazarǵa satıwǵa hám óz xojalıǵı ushın zárúrli zatlardı satıp alıwǵa ıqtıyarlı boldı.

Biraq, paxtaǵa mámleket monopoliyası saqlanıp qalıp, bud dáwirde ol wálayattıń barlıq tovar oniminiń 47,3%iń quradı. Paxta hám onıń mamıǵı mámleketlik monopoliya dep daǵazalandı hám onıń menen jeke sawda islew biykar etildi. Sóytip, kooperativlerge kirgen hám kirmegen diyqanlar ózleriniń paxtaların mámleketlik zavodlarǵa, kótere satıp alıw punktlerine, kooperativlerge, al kooperativler bolmaǵan jerlerde egis komitetlerine (posevkom) tapsırıwǵa minnetlendi. Biraq, bul ilajlar xalıqtıń awhalın jaqsılamadı.

**Aqsha reforması hám eldegi apatshılıq.** 1920-jıl aqırında turkbon aqsha[1] RSFSR aqshası menen almastı. Aqsha almasıw 1921-jıldıń 1-martına tamam boldı, onda 10 turkbon aqsha 1 manat RSFSR aqshasına teń bolıp almastırıldı. Biraq, aqsha almasıw ilajı bul aqsha qádiriniń tómenlewin toqtata almadı. Ásirese, azıq-awqatlardıń bahası tez ósip ketti.

Xalıqtıń ekonomikalıq jaǵdayı Sovet Respublikasınıń barlıq jerinde tómen edi, geypara xalıqlar ashlıqqa ushıraǵan edi. Máselen, 1921-jılı Volga boyı, Arqa Kavkaz hám Qubla Ukrainada ashlıq 20 millionnan aslam xalıqtı qamtıdı. Ashlıqqa ushıraǵan xalıqqa járdem etiw burınnan kiyatırǵan ulıwma miyrim-shápáátlik is edi. Sonlıqtan, ózleriniń awhalı qıyın bolıwına qaramastan Ámiwdárya wálayatı xalıqları ashlıqta qalǵan basqa xalıqlarǵa járdem qolın sozdı. 1921-jıldıń 11-avgustınan 17-noyabrge shekem wálayat xalqı ashırqaǵanlarǵa járdem qorına 17 million somǵa shamalas aqsha hám 9230 pud ǵálle tapsırdı. Ashırqaǵanlardan 900 adam úlkege ornalastı. Ashlıqqa ushıraǵan Volga boyı xalqına Ámiwdárya wálayatı balıqshılarınıń járdemi ayrıqsha boldı. Olar ashlıqtaǵı Volga boyı xalqına 19521 tonna balıq jiberdi. Bulardan tısqarı Qazaqstannıń Aralsk hám Kazalı xalqına Shımbay uezdiniń diyqanları 3500 pud ǵálle jiberdi.

**Sanaat, transport hám baylanıs tarawındaǵı ózgerisler.** 1920-jılı Ámiwdárya wálayatında islep turǵan 6 sanaat kárxanası hám 462 ónermentshilik kárxanaları bolıp, olarda ulıwma 625 jumısshılar isledi. Aral teńiziniń qubla jaǵalawlarındaǵı balıq awlaw bir qálipte óspedi. 1923-jılı 272 mıń pud balıq awlanǵan bolsa, al 1924-jılı 85 mıń pud ǵana balıq awlandı.

Jańa ekonomikalıq siyasattıń engiziliwi Ámiwdárya wálayatında bir qansha elewli ózgerislerge alıp keldi. Dáslepki ónermentshilik artelleri payda bolıp, olarda islew ushın hayal-qızlar hám ónermentler tartıldı. 1920-jılı-aq 44 ónermentshilik artelinde 507 hayal-qız jumıs isledi. 1921-jıldıń aqırında, wálayatta qolında bar barlıq buyımları menen erkin sawda jasawǵa ruqsat etildi. 1922-jılı wálayatta 200 ge jaqın jeke menshik kishi sawda mákemeleri islep turdı. Bul waqıtları balıq awlawda jeke menshik iyeleriniń úlesi basım bolıp, 1923-jılı jeke menshik iyeleriniń qolındaǵı 22 balıqshılıq kásip ornı barlıq awlanǵan balıqtıń 62,7%in berdi.

Ámiwdárya wálayatı transportınıń tiykarǵı túri suw transportı boldı. 1923-jıl avgustta shólkemlestirilgen Orta Aziya mámleketlik paroxodshılıǵı wálayatqa xızmet etti. Ol 1923—1924-jılları Aral teńizi boyınsha 311 mıń pud júk, Ámiwdárya boyınsha 315 mıń pud júk hám 21,5 mıń jolawshı tasıdı.

Xalıq xojalıǵında bul dáwirinde baylanıs isleri de kem-kem jolǵa qoyıldı. 1921-jılı Xiywa hám Tórtkúlde qabıl alıwshı radiostanciyalar ornatıldı. Tórtkúl-Shımbay telegraf liniyası 1924-jılı paydalanıwǵa berilgen Jańa Úrgenish—Xojeli telegraf liniyası

arqalı baylanısa alatuǵın edi. 1925-jıldıń aqırında Xojeli — Shımbay telegraf liniyası isley basladı. 1925-jılı martta Tórtkúl — Jańa Úrgenish — Xojeli — Shımbay liniyası ashıldı. Solay etip bul liniya wálayattıń alıstaǵı eki okrugin oray menen baylanıstırdı. Buǵan shekem bunday baylanıslar atlılar naryadınıń járdemi menen iske asırılatuǵın edi.

Solay etip, jańa ekonomikalıq siyasattıń dáslepki jıllarında-aq Ámiwdárya wálayatınıń ekonomikalıq jaqtan ádewir artta qalıwshılıǵına qaramastan, onıń sanaatın hám ekonomikasınıń basqa da tarawların qayta tiklewde belgili tabıslar qolǵa kirgizildi. Biraq, bul jańa ekonomikalıq siyasat kapitalizmge alıp baratuǵın qáte siyasat dep oylaǵan bolshevikler XX ásirdiń 20-jıllardıń ekinshi yarımında toqtatıldı.

**Irrigaciya. Diyqanlardıń awhalı.** Ámiwdárya wálayatındaǵı sovet hákimiyatı barlıq xojalıq jumısların, ásirese kanal hám japlar qazıwdı burıńǵısınsha diyqanlardıń qárejeti hám kúshi menen alıp bardı. Qazıw jumısları tiykarınan Shoraxan uezdindegi Shoraxan, Tórtkúl, Bozjap, Shirim, Xanjap hám Biyjap, al Shımbay uezdinde Quwanısh-jarma, Kegeyli, Besjap, Dawletjarǵan hám basqa da ulıwma uzınlıǵı 1500 shaqırımnan aslam irrigaciyalıq tarmaqlarında júrgizildi. Sonday-aq sol jılları iri hám mayda japlardı qazıw hám tazalaw jumısları hár jılı báhárde hám gúzde bolıp turatuǵın edi.

Diyqanlardı qazıwǵa toplawǵa wálayatlıq suw xojalıǵı hám 2 suw okrugi (Shımbay hám Shoraxan) xızmetkerlerinen basqa Sovet húkimetiniń awıllıq hákimiyatlarınıń barlıǵı qatnastı, hátteki, wálayatta ele dawam etip atırǵan azıq-awqat jıynaw otryadları olarǵa járdem etti. Olar diyhanlardı burıńǵısınsha zorlıq-zombılıq penen azaplap qazıw qazdıratuǵın edi. Al, mámleket tárepinen geyde suwǵarıw jumıslarına bólip shıǵarılatuǵın qárejetler kóbinshe suw xojalıǵı xızmetkeriniń aylıǵı hám basqa da mútájliklerinen awıspaytuǵın edi.

Bul jılları Sovet húkimeti xalıqqa hár tárepleme zorlıq ete basladı. 1922-jılı iyuńde Oraydıń tikkeley kórsetpesi menen qabıl etilgen qarar boyınsha qurǵın xojalıqlarǵa salınatuǵın salıq kóbeytilip, ol tek diyqanlarǵa emes, al ónermentler, sawdagerler hám ruwxaniylerge de salınatuǵın boldı. Jáne de, olar irrigaciya jumıslarına da tartıldı. Diyqan xojalıqlarınan jıynalatuǵın burıńǵı irrigaciyalıq natural salıq ornına 1924-jılı aqshalay salıq engizildi. Bul salıq oǵada awır boldı, onı haqıyqatında da tek baylar emes, al diyqan xojalıqlarınıń bári tóledi.

**Awıldaǵı Sovetlik ózgerisler hám olardıń sátsizligi.** Bul jılları Ámiwdárya wálayatında Túrkistannıń basqa wálayatları sıyaqlı awıl xojalıǵında hár túrli arteller, qosshılar awqamı hám sovxozlar shólkemlestiriw ushın ilajlar islendi. 1921-1922-jılları 85 artel, tájiriybe atızları, bir sovxoz hám bir neshe agronomiyalıq punktler jumıs isledi. Bul jılları jerden paydalanıw máselesin sovetlestiriw ushın «Qosshılar» awqamı dúzile basladı. 1924-jılı gúzde wálayatlıq «Qosshı» awqamınıń 3528 aǵzası bolıp, olardan 1467 adam Shoraxan uezdinde hám 2061 adam Shımbay uezdinde edi. Jáne de usı jılları awılda «toz», «melorativlik joldaslıq», «kommuna» qúsaǵan xojalıq shólkemleri dúzildi.

Biraq, jańa ekonomikalıq siyasattıń júrgiziliwi Ámiwdárya wálayatında kóbirek siyasiy áhmiyetke iye edi. Onıń júrgiziliwi waqtında 507 xojalıqqa tek ǵana 1147 ga jer bólinip berilgen edi. Ámiwdárya wálayatı komitetleriniń IV konferenciyasında qabıl etilgen qararda «Hár jılı gedeyler menen jersiz diyqanlar sanı azaymay, kerisinshe kóbeyip baratuǵınlıǵı» atap kórsetildi. Sońıń menen birge awıllardı sovetlestiriw maqsetinde dúzilgen hár túrli «awqamlar» hám «joldaslıqlar»da miynet ónimdarlıǵı tomen bolıp, materiallıq xoshametlew hám támiynat jaqsı qoyılmaǵan edi.

Sonlıqtan da, bul ózgerisler awıl xojalıǵınıń rawajlanıwına tásirin tiygize almadı. Nátiyjede, egislik jerlerdiń maydanı bolshevikler ústemligine shekemgi dárejesine ele jete almadı. Ol 1924-jılı Ámiwdárya wálayatı boyınsha tek 54816 gektardan ibarat edi. Mal sharwashılıǵı da artta edi. Kóplegen xojalıqlardıń malı joq edi.

Solay etip, 1920-jıllardıń birinshi yarımındaǵı Ámiwdárya wálayatındaǵı social-ekonomikalıq ózgerisler xalıq mápi ushın tiyisli nátiyjeler bermedi. Xojalıqtıń barlıq tarawları, ásirese, awıl xojalıǵı jer júzilik urıstan burıngı dárejesine jete almadı.

### Sorawlar hám tapsırmalar

1. Ámiwdárya walayatın dúziwden kózde tutılǵan maqset qanday edi?
2. Azıq-awqat razvyortkası hám jańa ekonomikalıq siyasat Ámiwdárya walayatı jaǵdayında qalayınsha boldı?
3. Jańa ekonomikalıq siyasattı engiziwdegi tiykarǵı maqsetı qanday edi?
4. Aqsha reforması hám onıń Ámiwdárya walayatındaǵı sátsizlikleri haqqında aytıp beriń.
5. Ámiwdárya walayatında sanaat, transport hám baylanıs tarawındaǵı jaǵdayı haqqında aytıń.
6. Walayatta irrigaciya jumısları hám diyqanlardıń awhalı qanday boldı?
7. Awıldaǵı sovetlik ózgerisleriniń sátsizligi hám Ámiwdárya walayatı ekonomikasınıń artta qalıwı haqqında aytın.

## §4. Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı Qaraqalpaqstan aymaǵı xalıqlarınıń awhalı (1920—1924jj.)

**Qazaq-Qaraqalpaq avtonomiyasınıń dúziliwi.** 1920-jılı Xiywa xanlıǵı qulaǵannan soń shep jaǵalıqtaǵı Qaraqalpaqstan aymaǵı Xorezm xalıq Sovet Respublikası quramında bolıp, onıń administrativlik orayları Xojeli hám Qońırat qalaları edi. Xojeli bekligindegi xalqı otırıqshı jasawshılar bolǵan hám olar tiykarınan diyqanshılıq, hár túrli kustarlıq óndiris penen shuǵıllanǵan. Qońırat bekligindegi xalıq otırıqshı jasaw menen birge kóshpeli turmıs keshirgen.

1921-jılı 15—23-may kúnleri II pútkil Xorezm Qurıltayı shaqırıldı, oǵan 230 delegat qatnastı, onıń 51 delegatı Xorezmniń qaraqalpaq aymaqlarınan edi. Qurıltayda 60 adam quramında Xorezm Xalıq Sovet respublikasınıń Oraylıq Atqarıw Komiteti saylandı, onıń ishinen Oraylıq Atqarıw Komitetiniń Prezidiumı hám Xalıq Komissarlar Soveti dúzildi. Qurıltayda Sovetlerdiń Oraylıq Atqarıw Komitetleri qaptalında túrkmen hám qaraqalpaq-qazaq bólimleri shólkemlestirildi.

1922-jılı 20-iyuldaǵı III pútkil Xorezm sovetleriniń qararına muwapıq Xorezm Oraylıq Atqarıw komiteti qasında qazaq-qaraqalpaq byurosı shólkemlestirildi. Bul byuro aldın ala T.Abdullaev, keyin S.Sarsenbaev basshılıǵında jeti adamnan ibarat bolıp, onıń aǵzaları N.Dilmuxamedov, M.Aminov, S.Koshmuxamedov, S.Rasulev, Tuganbaevlar boldı.

1923-jılı 18—20-oktyabrdağı IV Pútkil Xorezm qurıltayında jańa Konstituciya qabıl etildi. Onda ol Xorezm Sovet Socialistlik Respublikası dep atalıp, onıń quramında qazaq-qaraqalpaq hám túrkmen avtonomiyalı wálayatları dúzildi. 1924-jılı 6-aprelde Xorezm Oraylıq Atqarıw Komiteti qazaq-qaraqalpaq bóliminiń qospa májilisinde Avtonomiyalı walayatınıń Revkomı dúzildi hám onıń quramında ağzaları toğız adamnan ibarat bolıp, baslığı I.Muxamednazarov etip saylandı.

Qazaq-qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń orayı Xojeli qalası etip belgilendi. Wálayat quramında 4 bolıslıq (Qońırat, Góne-bazar yamasa Góne Úrgenish, Shomanay yamasa Jańa qala hám Xojeli), eki qala (Xojeli hám Qońırat) hám 90 aqsaqallıqlar boldı. Bul jılları qazaq-qaraqalpaq avtonom wálayatınıń tiykarğı xalqı qaraqalpaqlar (43778), ózbekler (34920), qazaqlar (26736) hám túrkmenler (6800) boldı.

**Irrigaciya. Jer suw máselesi.** Bul jılları Xorezm Respublikası quramındağı shep jağalıqtağı Qaraqalpaqstan jerlerinde jer suw máselesiniń jağdayı awır boldı. Eger Túrkstan Respublikasınıń basqa aymaqlarında bir desyatina jerdi suwğarıw ushın sol waqıttağı pul menen 1 manatlıq hám Ámiwdárya wálayatında 20 manatlıq miynet jumsalğan bolsa, al Ámiwdáryanıń shep jağalıq jerlerinde bir desyatina jerdi suwğarıwğa 47 manat 65 tıyın jumsaldı. Suw shıqpağanlıqtan jerler kóbinese shığır menen suwğarılatuğın edi. Xorezmde usı jılları 60 mıńnan aslam shığır bolıp, bir jılğa shığırdan suwğarıw ushın ortasha 18 millionlıq jumıs kún miyneti sarp etilgen.

Dáryanıń shep jağasındağı diyqanlar qazıw hám suwğarıwdıń qıyınshılıqları menen birge Ámiwdáryanıń suw basıw qáwpine baylanıslı qashı shabıw jumıslarında da oğada kóp miynet eter edi. Diyqanlar ásirese 1922-jılı Qonırat hám Xojeli aymaqlarında Ámiwdárya suw basqınıń toqtatıw ushın oğada kóp qashı shabıw jumısların orınladı.

1924-jılı Ámiwdáryanıń shep hám oń jağalıqlarında úlken suw alıw apatshılığı boldı. Onda Ámiwdáryanıń ağısı menen oń jağada kanallardıń sağasın degish alğan bolsa, kerisinshe shep jağalıqtağı kanallar sağasın uyıq bastı, suw aqpay diyqanshılıq oğada ulken qáwip astında qaldı. Bul apatshılıq penen neshe mıńlağan diyqanlar aylap gúres jurgizdi. Olar Xiywa okruginde 18 kanaldıń hám Xojeli suw okruginde 12 kanaldıń sağasın ońlap suw ağatuğın etti. Jáne de olar dárya jağasında 100 shaqırımday jerge qashı shabıw jumısların orınladı. Mańğıt hám Xojeli arnaları ushın qosımsha sağalar qurdı. Solay etip, diyqanlardıń pidákerlik miyneti nátiyjesinde kanallarğa suw ağıp, diyqanshılıq apatshılıqtan aman qaldı.

**Xalıq xojalığındağı ózgerisler.** Xorezm Respublikasında, sonıń ishinde Ámiwdárya shep jağalıqtağı Qaraqalpaqstan jerlerinde ekonomikalıq siyasat hám xojalıq tarawındağı reformalar qarama-qarsılıqlı

tárizde ótti. Salıqtıń awır júgi sawdegerler, sútxorlar hám iri jer iyeleriniń juwapkershiligine tuwrı keldi. Awıl xojalığında 1922-jılı dekabrde birden-bir salıq sisteması engizildi, al 1923-jılı iyunde ónermentshilik hám sanaat tarawındağı salıqlar da bir sistemağa salınıp, mámleketlik sanaat salığı engizildi.

Sonıń menen birge bul dáwirde sanaat kárxanaları qayta tiklenip, olardı mámleket qolına ótiw ámelge asırıldı. Sol qatarda qazaq-qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń orayı Xojeli qalasında da 1923—1924-jılları bir paxta tazalaw zavodı hám bir teri iylew zavodı iske qosıldı. Sonday-aq, bul jerde ónermentshilik sanaatınıń 193 kárxanası hám 265 sawda qárxanası jumıs isledi. Qońırat aymağında da balıqshılıq kárxanaları qayta tiklendi.

Awıl xojalığındağı sovetlik ózgerislerdi ámelge asırıw maqsetinde kooperativlik shólkemler, arteller, qosshılar awqamı batrachkomlar (batraklar komiteti) dúziw hám bekkemlew boyınsha ilajlar islendi. Máselen, 1921—1922-jılları Qońırat bolıslığında ağzalarınıń milleti boyınsha – «qaraqalpaq», «qırğız (qazaq)» hám «ózbek» atamalarında «Qosshı» awqamları payda boldı. Olar diyqanlarğa jer, kúsh-kólik, awıl xojalıq qural-saymanların, tuxım bólip beriw islerinde, olardı kooperativlestiriwde, diyqanlarğa agronomiyalıq járdem kórsetiwde jumıslardı júrgiziwge qaratılğan edi. Al, batrachkomlar bolsa jallanba jumıs islep júrgen batraklardıń esabın alıp, jallawshılar menen batraklar arasında miynet shártnamaların dúzdi.

1921-jılı 15-23 may kúnleri II pútkil Xorezm Qurıltayında burın Xiywa xanğa tiyisli bolğan 14 mıń tanap (5,6 mıń ga) jerdi konfiskaciyalaw haqqında qarar qabıl etilip, shep jağalıqtağı Qaraqalpaqstan jerlerindegi iri jer iyeleriniń jerleri de konfiskaciyalandı. Máselen, Qońırattağı P.Mırzabashığa tiyisli 2 mıń tanaptan aslam ayaqtan suwğarılatuğın «Jarlıqlı múlk» jeri, Qońırattıń arqasındağı «Azbergen bağı» dep atalatuğın 2 mıń tanap «Jarlıqlı múlk», Qutlımurat begler begige qaraslı Qanlıkóldegi jerler, jáne de Xojeli qalasınıń arqa-shığıs tárepindegi A.Safaryancqa tiyisli 9 mıń desyatina nasostan suwğarılatuğın jerler konfiskaciyalandı.

Bul jılları Xorezm respublikasında paxtashılıqqa áhmiyet berile basladı. Usığan baylanıslı paxtanıń egislik maydanı Xorezmde 10 mıńğa shamalastı. Onı rawajlandırıw maqsetinde diyqanlarğa ğálle menen, joqarı sortlı tuqım hám qural-saymanları menen támiyinlew boyınsha ilajlar korip, bul is aymaqta keń taralğan kooperativlik shólkemler arqalı ámelge asırıldı. Paxta egiwshi diyqanlarğa mámleketlik jerlerdi paxta egiw ushın irkinishsiz paydalana beriwine ruqsat etildi. Bundağı maqset Oray ushın paxta jetistiriwdi kóbeytiw bolıp esaplanadı.

**Agrar siyasatındağı qarama-qarsılıqlar.** Xorezm Respublikasında, sonıń ishinde shep jağalıqtağı Qaraqalpaqstan aymağında, ásirese, awıl xojalığındağı sovetlik ózgerislerge narazılıqlar payda boldı. Sebebi, birinshiden, jer iyeleri bul jerlerde neshe jıllardan berli iyelik etip, egislik jer bolıwında úlesleri bar edi, ekinshiden, diyqanlar múlk jerlerdi arendağa alıp úyrenisip ketken edi. Al patshalıq dep atalatuğın xanğa tiyisli jerlerden diyqanlar ata-babasınan beri paydalanıp, salığın tólep kiyatır edi. Bunıń ústine bul jerler burın xan jeri bolsa, endi Xorezm húkimetiniń (mámleketi) jerleri bolıp diyqanğa paydalanıwğa berilip, bári-bir salıq tólenetuğın jerler bolıp qala berdi. Jáne de Xorezm húkimeti bul jerdegi jasaytuğın xalıqlardıń ózine tán ózgesheligin esapqa almadı. Ásirese, sharwashılıqqa úyrenip, kóshpelilikti kásip etiwshi xalıqlardı birden otırıqshılıqqa aylandırıwğa sharwalar narazılıq kórsetti, biraq Xiywa Sovet húkimeti sharwalardı eriksiz zorlap otırıqshılıqqa aylandırmaqshı boldı. Xalıqlardıń narazılığınıń bulardan basqa da sebebi bar edi.

Haqıyqatında, Xorezm húkimeti hám onıń siyasatı xalıqlardıń ásirlik rawajlanıw tájiriybesinen emes, al sırttan bolğan tapsırmanıń nátiyjesinde, yağnıy bolsheviklerdiń, ásirese, Túrkkomissiyanıń sovetler haqqındağı kórsetpesi menen bolğan edi. Sonlıqtan narazılıq kúsheydi, ol Xorezmniń barlıq jerlerin óz ishine aldı. Bul háreketlerde Jóneyitxan belgili orın iyeledi. Onı Xiywadağı sovet hákimiyatına narazı bolğanlar qolladı.

Sonıń menen birge Sovetlerdi qollap-quwatlawshılar da az emes edi. Olar Xorezm húkimetiniń ámeldarları hám basqa da belsendileri edi. Xalıq arasında bulardıń tárepdarları barshılıq edi. Bul jağday xalıqtıń qarama-qarsılıqlarınıń kúsheyiwine alıp keldi. 1921-jılı jazda bir qansha qozğalańlar bolıp, geypara qalalar qozğalańshılar qolına ótti. 1924-jılı yanvar ayında Xiywa qalasınıń átirapına 10-15 mıńğa jaqın atlı hám piyada xalıq toplandı. Xorezm Sovet húkimetiniń awhalı qıyınlastı, biraq tezlik penen qala qasına jetip kelgen Qızıl Armiya kóterilisshilerdi zorlıq penen tarqatıp jiberdi.

Solay etip Xorezm Respublikasınıń quramında qazaq-qaraqalpaq avtonomiyalı walayatınıń dúzi-

liwi qaraqalpaq xalıqınıń birden-bir milliy mámleket bolıp tikleniwiniń eń áhmiyetli basqıshlarınıń bir bolǵanlıǵı haqqında atap kórsetiw kerek. Biraq onda xalıq erkinligi hám social-ekonomikalıq rawajlanıw baǵdarında unamlı ilajlar iske aspadı. Sonda da bul avtonomiyalı wálayatınıń dúziliwi úlken áhmiyetke iye boldı.

**Sorawlar hám tapsırmalar**

1. Qazaq-qaraqalpaq avtonomiyalı walayatınıń dúziliwi haqqında aytıń.
2. Irrigaciya tarawında qanday mashqalalar boldı?
3. XXSR dúzilgenen keyin, salıq tarawında qanday ózgerisler boldı?
4. Shep jaǵalıq Qaraqalpaqstan jerlerinde xalıq xojalıǵındaǵı ózgerisler nelerden ibarat boldı?
5. Xorezm respublikasında agrar siyasat hám oǵan xalıqlardıń narazılıǵı haqqında aytıp beriń.

# II BAP. QARAQALPAQSTAN TOTALITAR DÚZIMNIŃ QÁLIPLESIW DÁWIRINDE (1925—1939-JJ.)

## §5. Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń dúziliwi. Sovet húkimetiniń agrar siyasatı hám onıń aqıbetleri.

**Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń dúziliwi.** Orta Aziya hám Qazaqstan aymaǵında jasawshı xalıqlardı bólip Sovetlik milliy mámleketler dúziw haqqındaǵı pikirdi oraylıq hám úlkedegi evropalıq basshılar payda etip, olar milliy shegaralaw máselesinde qatań siyasat júrgizdi. Milliy shegaralaw nátiyjesinde Oraylıq Aziyada Ózbekstan, Qazaqstan, Túrkmenistan hám Qırǵızstan respublikaları dúzilip atırǵan waqıtta Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı oblastın dúziw ushın gúres baslandı. Onda Allayar Dosnazarov basshılıǵındaǵı járdemshi komissiya aytarlıqtay jumıs isledi.

1924-jılı 14-oktyabrdegi Sovetlerdiń Pútkil Awqamlıq Oraylıq Atqarıw Komitetiniń ekinshi sessiyası Túrkstan Oraylıq Atqarıw Komitetiniń milliy shegaralaw haqqındaǵı qarardın bir qatar ózgerisler menen tastıyıqladı. Bul sessiyada milliy shegaralaw komissiyasınıń qaraqalpaq boyınsha járdemshi komissiyasınıń baslıǵı A.Dosnazarov shıǵıp sóyledi hám ol qaraqalpaqlar da tatarlar hám basqa xalıqlar sıyaqlı óz ana tili hám mádeniyatına iye xalıq ekenin dálilledi. Onıń sóylegen sózlerin qazaqtıń danıshpan jazıwshı-shayırı S.Seyfulin russhaǵa awdarıp turdı. A.Dosnazarov haqqında Qaraqalpaqstan xalıq shayırı A. Muwsaevtiń sol jıllarda jazǵan «Bola basladı» degen qosıǵında mınaday qatarlar bar:

Óz milletim deyip Qaraqalpaqtı,
Bir bolsın dep arjaq penen berjaqtı,
Ulı Dosnazardıń Allahıyarı,
Máskew májilisine bara basladı.

Solay etip, kóp tartıs hám qıyınshılıqlardan keyin Awqamlıq oray Qazaqstan quramına kiretuǵın Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziwge qarar etti hám Revolyuciyalıq Komiteti Revkom dúzildi. Onıń baslıǵı bolıp A.Dosnazarov tastıyıqlanıp, ol shólkemlestiriw byurosı juwaplı sekretarı dep ataldı. Bul xabar wálayattıń barlıq qalalarına jetti hám Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń I shólkemlestiriw siezdin ótkeriw ushın tayarlıq mapazı baslandı.

1925-jılı 12-19-fevral aralıǵında Tórtkúl qalasında Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń birinshi shólkemlestiriw siezdi boldı. Onda Qazaqstan ASSRı quramında Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń dúzilgenligi haqqında «Deklaraciya» daǵazalandı. Siezdde Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń Atqarıw Komiteti hám Sovetlerdiń Pútkil Qazaqstan V siezdine 54 adamnan ibarat delegatlar saylandı.

Atqarıw Komitetiniń quramına A.Dosnazarov, Á.Qudabaev, I.Bekimbetov, Q.Áwezov, E.Kojurov, J.Atashev hám basqalar kirdi. Atqarıw komitetiniń baslıǵı bolıp **Á.Qudabaev,** al baslıqtıń orınbasarları bolıp A.Áyteshov hám T.Nepesovlar tastıyıqlandı. Shólkemlestiriw byurosınıń baslıǵı A.Dosnazarov Atqarıw Komitet Prezidiumınıń aǵzalıǵına saylandı.

1925-jılı 15-19-aprel kúnleri Qızıl Orda qalasında bolıp ótken pútkil Qazaqstan Sovetleriniń V siezdi Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın Qazaqstan quramına qabıl etiw haqqında qarar shıǵardı. Bul qarar 1925-jılı 11-maydaǵı Sovetlerdiń pútkil Awqamlıq XII siezdinde tastıyıqlandı.

**Qaraqalpaqstan AO nıń administrativlik dúzilisi.** Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatı Tórtkúl, Shımbay, Xojeli hám Qońırat okruglerinen ibarat bolıp, onıń aymaǵı 160 mıń kv.km. edi. 1926-jılǵı xalıqtıń esabın alıwdıń maǵlıwmatlarına muwapıq wálayat xalqınıń 38,1% qaraqalpaqlar, 28,5% qazaqlar, 27,6% ózbekler, 3,2% túrkmenler hám 2,7% basqa xalıqlar wákilleri edi.

Wálayatta Oraylastırılǵan partiyalıq ústemlikti iske asırıw hám onı bekkemlew ushın tiyisli ilajlar kórildi. 1925-jıl 19-23-oktyabr aralıǵında Tórtkúlde birinshi Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya konferenciyası bolıp onda wálayatlıq partiya komitetiniń basqarıw organların hám Qazaqstan wálayatlıq partiya konferenciyasına delegatlar sayladı. Solay etip, Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatında Oraylasqan bir partiyalıq ústemlik dúzildi.

Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń huqıqıy statusı 1926-jıldıń 12-noyabrinde Qazaqstan ASSR Oraylıq Atqarıw komitetiniń Prezidiumı tárepinen bekitildi. Mámleketti basqarıw isi Qaraqalpaqstanda kóp jıllarǵa shekem, yaǵnıy Konstituciya qabıl etilgenge shekem usı Rejege tiykarlanıp alıp barıldı. Bul rejede qaraqalpaq tili birinshi mártebe mámleketlik til dep járiyalandı.

Solay etip, dáryanıń oń hám sol tárepinde jaylasqan qaraqalpaq jerleri qosılıp, kóp milletli bir mámleket – Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı walayat payda boldı. Qaraqalpaq xalqınıń mámleketshiligi tiklendi. Xalqımızdıń bul ármanı sovet xúkimetiniń erki menen emes, al el azamatlarınıń úlken kúsh salıwınıń nátiyjesinde iske astı. Bul góreste, ásirese Allayar Dosnazarovtıń ismi birinshi orında turadı.

**Awıl xojalaǵı hám diyqanlardı talaw siyasatı.** Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı dúzilgennen sońǵı jılları jańa ekonomikalıq siyasattıń biykarlanıw hám totalitarlıq dúzimniń qáliplesiw dáwiri boldı.

Qaraqalpaqstanda da jeke menshikke qarsı sovet hákimiyatınıń ilajları, ásirese, awıl xojalıǵında keskinlesti. Egislik jerlerdiń ádewir bólegi ele jeke menshik edi. Buǵan xalıq ásirler dawamında úyrenisip ketken edi. Haqıyqatında, xalıq ushın baslı másele jeke menshikti joq etiw emes, al patsha Rossiyasınıń koloniyalıq ayawsız eziwshiligin saplastırıw edi. Biraq sovet húkimeti óziniń agrar siyasatın bunnan pútkilley basqasha júrgize basladı, atap aytqanda, diyqanlardı bay hám jarlı dep bólip, awıldaǵı bir topar xalıqtı (jarlılardı) ekinshi bir toparǵa (qurǵın xojalıqlarǵa) qarsı qoyıwǵa barınsha háreket etti. Hátteki, qurǵın xojalıqlardı, ásirese ruwxanıy hám ulamalardı xalıq dushpanı, dep xalıqqa túsindirdi.

Qazaqstan Oraylıq Atqarıw Komitetiniń 1926-jıl 20-maydaǵı qararına muwapıq Qaraqalpaqstanda jerlerdi esapqa alıw mapazı baslandı. Bul mapaz Orta Aziyanıń basqa wálayatlarındaǵı sıyaqlı jer-suw reforması dep atalmaǵanı menen sonıń mánisin bildiretuǵın edi. 1926-jılı baslanǵan jerlerdi esapqa alıw mapazı 1927-jıldan baslap keń en jaydı. Bul mapazdıń bes jıllıq jobası tastıyıqlanıp, ol barlıq okruglerde júrgizile basladı. Jerlerdi esapqa alıw mapazında, ásirese, jeke menshik jerlerdiń iyelerine qısım jasaw baslandı.

Jer ólshew mapazı awıl xalqınıń, ásirese qurǵın diyqanlar menen ruwxanıylardıń keskin qarama-qarsılıǵı jaǵdayında boldı, sebebi diyqanlar ózleriniń neshe ásirlerden berli dawam etip kiyatırǵan jer qatnasıqlarınıń buzılıwına qarsı edi. Sonlıqtan sovet húkimetiniń agrar siyasatı, hátteki,

qan tógiw jağdayına da alıp bardı. Solay etip, sovetlik agrar siyasat kem-kemnen kúsheyip bardı. Oraydıń kulaklardı klass retinde saplastırıw haqqındağı kórsetpesine muwapıq, 1928-jılı 17-avgustta Qazaqstan Oraylıq Atqarıw Komiteti «Baylardıń jerlerin hám múliklerin konfiskaciyalaw haqqında» arnawlı dekret shığardı. Bunnan keyin Qaraqalpaqstanda qurğın xojalıqlar menen ruwxanıylardıń jerlerin hám mal-múliklerin konfiskaciyalaw baslandı. Álbette, bul siyasat diyqanlardı tonawdan basqa hesh nárse emes edi. Bundağı tiykarğı maqsetı diyqan xojalıqlarında dástúrli jer-suw qatnaslardı joq etip, kolxozlastırıwğa ótiw edi.

**Rayonlastırıw.** Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatı dúzilgennen sońğı dáwirdegi ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy turmıstağı barlıq ózgerisler Oraydıń kórsetpesi menen boldı. Oraydıń kórsetpesin orınlaytuğın partiya-sovet apparatı edi. Sonıń ushın 1928-jılı jańa administrativlik basqarıw — rayonlastırıw dúzildi. Jańa administrativlik basqarıw burınğı tórt basqısh ornına úsh basqısh: wálayatlıq, rayonlıq hám awıllıq-poselkalıq sovetlerden ibarat boldı.

Rayonlastırıw burınğı 4 okrug bazasına ótkerildi. Atap aytqanda: Tórtkúl okrugi bazasında Tórtkúl, Shabbaz hám Tamdı rayonları; Shımbay okrugi — Shımbay, Kegeyli, Taxtakópir hám Qaraózek; Xojeli okrugi — Xojeli hám Qıpshaq, al Qońırat okrugi — Qońırat hám Moynaq rayonları bolıp bólindi. Solay etip, jańa basqarıw ótkeriliwi nátiyjesinde 11 rayon hám olarğa qaraslı 112 awıllıq sovetler payda boldı. Burınğı volostlıq hám okruglik bóliniw saplastırıldı.

**Sovet hákimiyatına qarsı narazılıqtıń kúsheyiwi. Taxtakópir waqıyası.** Sovet hákimiyatınıń dáslepki jıllarındağı (1918—1920-jj.) puqaralardıń azatlıq háreketleri bastırılğannan soń da narazılıqlar dawam etti. Ol ásirese 1926-jıldan keyingi Sovetlerdiń jer boyınsha ilajları (jer ólshew) dáwirinde, jáne de kulaklardı klass retinde saplastırıw hám kolxozlastırıw baslanğan waqıtta keskinlesti. Xalıq óz awılındağı ağayinleriniń hám ulamalarınıń sovet hákimiyatı tárepinen quwdalanıwına hám azaplanıwına ızası keldi, al kulaklardı klass retinde saplastırıw dáwirinde, olar Sovet húkimetine qarsı ashıqtan-ashıq bas kóterdi. Sóytip, xalıqtıń narazılıqları kúsheyip, olar qurallı kóterilis dárejesine shekem barıp jetti. Máselen, bunday kóterilislerdiń biri Taxtakópir rayonında 1929-jılı 27-sentyabrde baslandı.

Kóterilistiń basshısı Ismetulla maqsım. Biraq ol xalıq awzında Barlıqbay kóterilisi degen at penen de belgili. Kóterilisshiler Taxtakópirdegi Sovet húkimetiniń belsendilerin jazaladı. Kóterilisti bastırıw ushın Tórtkúlden tezden jaqsı qurallanğan áskeriy otryad jiberildi. Jáne de bul kóterilisti bastırıwğa Belonogovtıń komandirliginde 315 áskerden ibarat GPU otryadı qatnastı. Kóterilis ayawsız bastırıldı hám elde biygúnalardı jazalawlar baslandı. Kóteriliske qatnasıwshılardıń 50 den aslamı atıldı, 250 ge shamalası qamaqqa alındı hám qatań jazalandı. 1930-jılı olardan tısqarı mıń nan aslam orta, bay xojalıqlar hám ulamalar Sovet húkimeti tárepin gúnasız repressiyağa, quwdalawğa ushıradı. Biraq degen menen bul kóterilis awıl diyqanlarınıń elimiz xalıqlarınıń oraydıń júrgizip atırğan «ullı burılıs» siyasatına, totalitarlıq dúzimge qarsı azatlıq gúresleriniń bir kórinisi edi.

**Sorawlar hám tapsırmalar**

1. Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatı qalay dúzildi. Onda Allayar Dosnazarovtıń tutqan ornı?
2. Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatınıń dúzilisi hám xalqınıń quramı qanday edi?
3. Wálayatta diyqanlarğa qarsı agrar siyasat qanday boldı?
4. Qaraqalpaqstanda rayonlastırıw qalay etip ámelge asırıldı?
5. Sovet hákimiyatına qarsı Taxtakopir waqıyası haqqında aytıń.

## §6. Rossiya federaciya quramındağı Qaraqalpaqstannıń jámiyetlik-siyasiy hám ekonomikalıq jağdayı

**Qaraqalpaqstan RSFSR quramına kiriw hám QQASSRdıń dúziliwi.** 1930-jılı 20-iyulde Pútkil Awqamlıq Oraylıq Atqarıw Komitetiniń prezidiumı Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń Qazaqstan quramınan shığıwı hám onıń Rossiya federaciyanıń tikkeley basqarıwına ótiwi haqqında qarardı qabıllağannan soń, 1930-jılı dekabrden baslap Qaraqalpaqstan RSFSR quramına kirdi.

1932-jılı RSFSR húkimeti Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Sovet Socialistlik Respublikası (QQASSR) etip qayta dúziw haqqında qarar qabıl etti. Sol jılı RSFSR húkimeti Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń Atqarıw komiteti IV plenumınıń gezeksiz májilisi bul haqqında usınıs etti. 1932-jılı 20-martta Pútkil awqamlıq Oraylıq Atqarıw Komitetiniń Prezidiumı bul máseleni qarap, eki punktten ibarat qarar qabıl etti.

Birinshiden, Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatı RSFSR quramına federativ bólim retinde kiretuğını, sol waqıttağı shegaralarında Qaraqalpaqstan Avto-

nomiyalı Sovet Socialistlik Respublika bolıp qayta dúziletuǵının kórsetildi. Al, ekinshi punktinde Qaraqalpaqstan wálayatlıq Atqarıw Komitetine hákimiyat apparatın shólkemlestiriw ushın birinshi Qaraqalpaqstan Sovetleriniń respublikalıq siezdin shaqırıw tapsırıldı.

1932-jılı 1-mayda Pútkil awqamlıq Oraylıq Atqarıw Komitetiniń Prezidiumı QQASSRdıń mámleketlik dúzilisi haqqındaǵı rejeni tastıyıqladı. Reje boyınsha Qaraqalpaqstan ASSRı RSFSRdıń federativlik bólegi boldı. Qaraqalpaqstan ASSRınıń mámleketlik hákimiyat apparatı RSFSR konstituciyalarına muwapıq jergilikli sovetlerden olardıń siezdlerinen hám xalıq komissarlar Sovetlerinen ibarat boldı. Qaraqalpaqstan ASSRındaǵı jumıslardı basqarıw ushın yusticiya, bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw, sociallıq támiynat, diyqanshılıq kommunal xojalıǵı, miynet, finans hám basqa da komissariatlar dúzildi.

1932-jılı 25-29 mayda Tórtkúl qalasında bolıp ótken Qaraqalpaqstan ASSR sovetleriniń I shólkemlestiriw siezdinde QQASSR dúzilgeni haqqında úndew daǵazaladı. Siezde Oraylıq Atqarıw Komitetiniń baslıǵı bolıp K.Nurmuxammedov, onıń orınbasarı - R.Irjanov saylandı.

1932-jıl 30-mayda jańadan saylanǵan Qaraqalpaqstan Oraylıq Atqarıw Komitetiniń birinshi sessiyası bolıp, onda QQASSR húkimeti – Xalıq Komissarlar Soveti dúzildi, onıń baslıǵı etip Q.Áwezov, al orınbasarı bolıp D.Loginov tayınlandı. Usı waqıttan baslap respublikanın joqarǵı atqarıw uyımı QQASSR xalıq komissarları komissariatı bolıp, ol xalıq xojalıǵı tarawların basqaratuǵın xalıq komissariatları jumıslarına basshılıq etti. 1946-jıldan baslap Xalıq Komissarları Komissariatı – Ministrler Soveti, Komissariatlar – Ministrlikler dep ataldı.

Solay etip, QQASSR dúziliwi menen xojalıq hám mádeniy qurılıs tarawlarında huqıqlar ádewir keńeydi. Respublika Konstituciyasın islep shıǵıw hám onı RSFSR mámleketlik húkimetiniń joqarǵı organlarınıń tastıyıqlawına usınıw, Nızamlar bekitiw, mámleketlik salıqlar belgilew, xojalıq jobaların tastıyıqlaw qusaǵan jumıslar QQASSR qarawına berildi. Biraq, bul jumıslar Oraydıń, ásirese partiyanıń tikkeley kórsetpesi menen bolatuǵın edi hám Oray máplerine tolıǵı menen derlik juwap beriwi tiyis boldı.

Qaraqalpaqstannıń Avtonomiyalı oblasttan Avtonomiyalı Respublikaǵa ótiwi bul mámleketshiliktiń rawajlanıwı jaǵınan bir qansha alǵa ilgerilew boldı. Biraq is júzinde onıń Respublika bolǵandaǵı huqıqları wálayatlardan artıq bolmadı.

**Jámiyetlik-siyasiy turmıs hám gúnasız quwdalawlar.** 1930-jıllarda Qaraqalpaqstanda jámiyetlik-siyasiy turmıs totalitarizmniń ústemliginiń bekkemleniwi jaǵdayında ótti. Oraydan baslap awıllarǵa shekem totalitarlıq basqarıw apparatı dúzile basladı. Xojalıqtıń barlıq tarawlarında hám eldiń siyasiy-jámiyetlik turmısında bolsheviklik partiya ústemligi ornatıldı. Adamlardı gúnasız quwdalaw hám jazalaw baslandı. «Tazalaw» mapazı waqtında azǵana xalqı bar Qaraqalpaqstanda partiya, sovet, xojalıq, mákemelerinen 300 adam, «qosshılar» awqamınan 1000 adam, al hár qıylı awıl xojalıq artellerinen 500 den aslamıraq adam shıǵarıldı.

Adamlardı bunday ayıplaw, gúnasız quwdalawlar hám jazalawlar sońǵı jıllarda da dawam etti. Hátteki, bul «mapaz» gúnasız adamlardı, ásirese ulamalardı jer awdarıw hám qamaqqa alıw dárejesine shekem barıp jetti. Mıńlaǵan gúnasız azamatlar túrmege salındı. Mıńlaǵan xojalıqlar, jurt awdarıldı. S.Majitov, I.Fazılov qusaǵan ataqlı shayırlar, A.Dosnazarov, Á.Qudabaev, U.Bekimbetov K.Nurmuxamedov, Q.Áwezov hám taǵı basqa da basshılar gúnasız qamalıp, qurban bolıp ketti. Partiya ústemligin kúsheytiw maqsetinde xojalıq tarawları, sovetler, komsomol, kásiplik awqam hám basqa da jámiyetlik shólkemler qaytadan dúzile basladı. Olardıń barlıǵı jámiyetlik rawajlanıwdıń bazar qatnasıqları jolına qarsı «socialistlik» hám «kommunistlik» dep atalǵan dúzim qurıw isine baǵdarlandı.

**Sanaat, transport hám sawda.** Qaraqalpaqstan ekonomikası bir tárepleme agrarlıq-industriallıq baǵdarda rawajlandı. Sonıń menen birge onıń óziniń ekonomikalıq mútájlikleri, tábiyiy-klimatlıq jaǵdayı esapqa alınbadı, shiyki zat resursların retsiz jumsaw arqalı burınǵı SSSRdıń oraylıq aymaqlarınıń sanaatın rawajlandırıw talapları támiyinlendi. Qaraqalpaqstan sanaatına qarjı ajıratıw kórsetkishi 1929-1932-jıllarda 6 million som, al 1933-1937-jıllarda 22 million somdı quradı. Nátiyjede, tek 1932-1937 jıllarda avtonomiyalı respublikada sanaattıń ulıwma óniminiń kólemi 14810 mıń manattan 39050 mıń manatqa shekem ósti. Sanaat jumısshıları da ádewir kóbeydi, olardıń sanı 1937-jılı 5,7 mıńnan ibarat edi.

Solay etip, 30-jıllardıń ortalarında úlkedegi sanaatınıń óndiriwshi kúshlerinde belgili dárejede ózgeris payda boldı. Onıń rawajlanıwı tiykarınan paxtashılıqtıń rawajlanıwına baylanıslı boldı. 1929-1932-jıllarda Tórtkúl, Xojeli, Shımbay, Qońırat paxta tazalaw zavodı qurılıwı sebepli avtonomiyalı respublikada paxta mamıǵın islep shıǵarıw 1932-jılı 1150 tonnadan 1937-jılı 54200 tonnaǵa arttı.

Azıq-awqat sanaatı tarawında balıqshılıq sanaatına áhmiyet berilip, balıq awlaw 1932-jılı 173 mıń centnerden 1937-jılı 194 mıń centnerge kóbeydi. 1933-jılı Tórtkúlde may zavodı hám un tartatuǵın kárxana ashıldı. Bunnan basqa avtonomiyalı respublikada jáne 9 kárxana jumıs isledi. 1934-jılı Nókis qalasında jońıshqa tuqım tazalaw zavodı paydalanıwǵa berildi. Bul zavodtıń tayarlaǵan jońıshqa tuqımı 1936-jılı 5640 centnerge jetti.

Qurılıs materialların jetistiriw boyınsha jańa kárxanalar dúzildi. Máselen, Nókis qalasında jılına 6 million dana gerbish shıǵaratuǵın gerbish zavodı paydalanıwǵa berildi. Bul jılları poligrafiya sanaatına da áhmiyet berilip, Tórtkúl baspaxanası keńeytildi, Shımbay menen Moynaqta jańa baspaxanalar iske qosıldı.

Bul dáwirde ónermentshilik rawajlanıp, sanaattıń ulıwma óniminde onıń tutqan ornı 1933-jılı 41-42% boldı. Olar xalıqtı ketpen, bel, oraq hám basqa da qurallar, jáne de kiyim-kenshek hám úy-úskene zatları menen támiyinledi. Biraq Sovet húkimeti bul tarawdaǵı jeke xojalıqlardı qatań qadaǵalap otırdı.

Degen menen Qaraqalpaqstanda sanaat ele júdá artta edi hám awıl xojalıǵı baslı taraw edi. Bul jılları sanaattıń ulıwma ónimi jan basına Qaraqalpaqstanda tek 36 somǵa teń bolsa, burınǵı awqam boyınsha bul kórsetkish 273 somǵa, Orta Aziya respublikalarında-71 somǵa teń boldı.

Qaraqalpaqstanda bul jılları transport tarawı da rawajlandı. 1930-jılı transport jol qurılısı (Dortrans) basqarması dúzildi, ol jol hám kópirler salıw jáne ońlaw, olardıń esabın alıw jumıslarına basshılıq etti. 1935-jılı avtomobil, arba, shana transportı tresti, al 1937-jılı onıń ornına «Qaraqalpaq tresti» basqarması dúzildi. Eger 1932-jılı Qaraqalpaqstanda 34 avtomobil bolǵan bolsa 1937-jılı respublikanıń avtoparkindegi mashinalar sanı 673ke jetti.

Suw transportı biraz janlandı. Aral teńizinde úlken kemelerdiń júk tasıw quwatı eki esege kóbeydi. 1935-jıldan baslap Ámiwdárya flotı jańa kemeler menen tolıqtırıldı. 1937-jılı Xojeli keme remontlaw ustaxanası iske kiristi.

Qaraqalpaqstanda payda bolǵan aviatransport Charjow-Tórtkúl-Úrgenish hám Moynaq arasında pochta, jolawshılar tasıytuǵın qatnastı ornattı. Qaraqalpaqstan aspanında birinshi bolıp, hawa jolların baslaǵan letchikler I.Vasilev, A.Sıchev, B.Timoshenko, V.Fedorov, S.Bogdanov, aviatexniklerden O.Qalmenov, A.Usmanov, A.Parfenov hám basqalar edi.

Bul jılları mámleketlik sawda tarawları kóbeytilip, jeke sawda qısıp shıǵarıldı. Eger 1928-jılı Qaraqalpaqstanda 240 mámleketlik sawda ornı bolǵan bolsa, 1932-jılı olar 456 ǵa kóbeydi.

**Awıl xojalıǵı.** XX ásirdiń 20-jıllarınıń aqırında Sovet húkimeti Qaraqalpaqstan awıllarında kolxozlastırıw siyasatın júrgizip, jeke xojalıqlar jeri hám kúsh-ólikleri menen kolxozǵa tartıla basladı. Sonday-aq, Oraydıń kórsetpesine muwapıq, 1928-jıldan baslap-aq diyqanlardıń jerlerin tartıp alıw hám mal-múliklerin konfiskaciyalaw baslandı hám usı jılı 2 kolxoz shólkemlestirildi. 1929-jılı 33 kolxoz boldı, al 1931-jılı onıń sanı 416 ǵa jetti. Qaraqalpaqstanda dáslepki sovxozlar da dúzilip, eń birinshi sovxoz Ámiwdárya jaǵalawındaǵı 25 mıń gektar jerdi iyeledi.

Bul jılları Qaraqalpaqstanda awıl xojalıq qánigeleri tek Tórtkúl awıl xojalıq texnikumında tayarlanıp, onda orta maǵlıwmatlı mamanlar tayarlandı. Diyxanlar traktor aydawǵa hám ońlawǵa úyretildi. 1936-jılı Qaraqalpaqstanǵa 30 traktor alıp kelindi hám Shabbaz benen Xalqabadta mashina-traktor stanciyaları (MTS) shólkemlestirildi. 1933—1937-jılları mashina-traktor stanciyalarınıń tarawları ádewir keńeytildi. Eger 1933-jılı Qaraqalpaqstanda 6 MTS bolsa, olar 1937-jılı 15 boldı.

Awıl xojalıǵın rawajlandırıw suwǵarıwsız múmkin emes ekenligin esapqa alıp, suwǵarıw jumıslarına dıqqat berildi. 1935-jılı respublikada eń úlken suw tarmaǵı qurılıslarınıń biri — Qızketken kanalı qazılıp, paydalanıwǵa berildi. 1929-jılı Shoraxan kanalı qayta qazılıp, Paxta Arna kanalı dep atalatuǵın boldı. 1936-jılı bul kanal uzınlǵı 35 shaqırımǵa qaytadan qurıldı. Tek usı eki kanaldıń suw jetkerip beretuǵın jer maydanı 238 mıń gektarǵa jetti.

Awıl-xojalıǵın kolxozlastırıwdaǵı sovet húkimetiniń jáne bir baslı maqsetleriniń biri Awqamnıń paxtashılıq boyınsha ǵárezsizligin támiyin etiw edi. Sonlıqtan da Qaraqalpaqstanda paxtashılıqqa áhmiyet berildi, onıń egislik jer maydanı kóbeydi hám zúráátligi ósti. Bunda sovet húkimeti paxtashılıqtı májbúriy túrde engizdi há, qarsı shıqqanlardı qatań jazaladı. Máselen 1933-jılı paxta ekpedi dep Qaraqalpaqstan boyınsha bir neshe mıń diyqan qamaqqa alındı.

Paxtashılıq penen birge pilleshilik, jońıshqashılıq, sharwashılıq hám basqa da awıl xojalıq tarawlarǵada áhmiyet berildi. Máselen, bul jılları Qaraqalpaqstanda ulıwma jer maydanı 62 gektar bolǵan birinshi mámleketlik tut pitomnigi qurıldı. Jońıshqashılıqta rawajlanıp, bunda, ásirese Shımbay sortı dep atalǵan qaraqalpaq jońıshqası sol waqıttaǵı Awqamda eń joqarı sapalı jońıshqa

bolıp esaplandı.

Qaraqalpaqstanda 1930-jılları sharwashılıq xojalıqların mámleketlestiriw keskinlesti. Kolxozlastırıw dáwirinde qurǵın hám basqa da diyqan xojalıqlarınıń malları konfiskaciyalanıp, kolxozǵa tartıp alına basladı. Sonlıqtan bunday siyasatqa qarsı gúres kúsheydi. 1930-jıllardıń basında diyqan xojalıqları, ásirese sharwalar malların joq etiwge kiristi, birazları kóship kete basladı. Máselen, 1930-jıldan baslap tek Tamdı rayonınıń ózinen sharwa xojalıqlarınıń 48%i basqa jaqlarǵa kóship ketti. Sovet húkimeti bularǵa qarsı ayawsız sharalar kórdi.

1937-jıldıń aqırında diyqanshılıq kolxozlarınıń egislik jer maydanı 66909 ga bolıp, ol barlıq egislik jer maydanınıń 57,7%in quradı. Kolxozlardıń paxta atızları 36173 ga bolıp, ol barlıq paxta egislik jeriniń 64,5%i edi. Kolxozlarda paxtashılıqtıń tutqan ornı 54%, al dara xojalıqlarda 40%ten aslam boldı.

Solay etip, awılda mámleketlik ekonomikalıq sektor ústemlik etip, diyqanlar kolxozǵa zorlıq penen kirgizildi hám májbúriy paxta ege basladı. Bul jaǵday diyqan xojalıqlarınıń dástúrlik jer-suw qatnasları buzılıwına alıp keldi.

**Sorawlar hám tapsırmalar**

1. Qaraqalpaqstandı RSFSR quramına ótkeriwdiń maqsetı hám ilajları nelerden ibarat edi?
2. Qaraqalpaqstan ASSRnıń dúziliw hám siyasiy ózgerisler tuwralı aytıp beriń.
3. Jámiyetlik-siyasiy hám gúnasiz adamlardı quwdalaw haqqında sóylep beriń.
4. Sanaattı hám transporttı Oray óz mápine aylandırıw ushın qanday ilajlar kórdi?
5. 1930-jılları Sovet húkimetiniń awılda diyqanlardı zorlap kolxozǵa kirgiziwi haqqında aytıń.
6. Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtıń rawajlanıw maqseti haqqında aytıp beriń.
7. Sovet húkimetiniń sharwashılıqta jeke xojalıqlardı saplastırıw ilajları hám oǵan qarsı narazılıǵı haqqında aytıń.

## §7. Qaraqalpaqstannıń Ózbekstan quramına kiriwi hám onnan keyingi jıllarda social-ekonomikalıq jaǵday

**Tariyxıy áhmiyetke iye waqıya.** Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıqları áyyemgi zamanlardan beri bir úlken aymaqta birge jasap, sırtqı dushpanǵa qarsı azatlıq gúreslerin birge júrgizgen xalıqlar bolıp esaplanadı. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıqları bir dáryadan suw ishedi, bir sıbaylas qońsı aymaqta jasaydı. Olardıń ekonomikası, úrp-ádetleri, tili hám mádeniyatı bir-birine oǵada jaqın hám uqsas bolıp keledi. Haqıyqatın aytqanda, bul xalıqlardı bólip taslaw aqılǵa muwapıq emes edi, onıń ústine Qaraqalpaqstandı Ózbekstan quramına qosıp basqarıw Oray ushın da qolaylı boldı.

Sonlıqtan 1936-jılǵı oraydıń Konstituciyasına muwapıq Qaraqalpaqstannıń Ózbekstannıń quramına kiretuǵını jazıldı. 1937-jıl 23-mart ayındaǵı Qaraqalpaqstan Sovetleriniń shólkemlestiriwshi III-siezdi Qaraqalpaqstan ASSR nıń Konstituciyasın tastıyıqlaydı. Konstituciyada puqaralardıń xojalıq, mádeniyat, jámiyetlik-siyasiy turmısı hám erkinlikleri járiyalandı, biraq, jámiyette ústemlik etken totalitar dúzim jaǵdayında olar qurǵaq sózler bolıp qala berdi.

Qabıl etilgen Konstituciyalar tiykarında Awqamnıń Joqarǵı Sovetine, jáne de, Ózbekstan menen Qaraqalpaqstannıń joqarǵı hám jergilikli sovetlerine saylawlar bolıp ótti. Qaraqalpaqstan ASSRı Joqarǵı Sovetine saylawlar 1938-jıl 25-iyuńde ótkerilip, oǵan saylanǵan 149 deputatlardıń kópshiligi (81) partiya aǵzası edi. Qaraqalpaqstan ASSR Joqarǵı Sovetiniń birinshi sessiyası bolıp, onda QQASSR Joqarǵı Sovetiniń Prezidiumı saylandı hám Respublika húkimeti dúzildi.

1939-jılı 29-dekabrde Qaraqalpaqstan miynetkeshler deputatlarınıń jergilikli sovetine saylawlar boldı. Saylaw nátiyjesinde respublikanıń jergilikli sovetlerine deputatlar saylanıp, solardan qalalıq sovetlerine 147, rayonlıq sovetlerge 424, awıllıq hám poselkalıq sovetlerge 2756 adam boldı. Biraq, saylawlar haqıyqıy demokratiyalıq emes edi. Ol bir partiyalıq ústemligi tiykarında bolıp, deputatlıqqa kandidatlar ushın joqarıdan arnawlı kórsetpeler berilip, saylawlar alternativsiz edi.

**Sociallıq ózgerisler.** Qaraqalpaqstan Ózbekstan quramına ótkennen keyin bir qatar sociallıq ózgerisler júz berdi. Jumısshı menen xızmetkerlerdiń xızmet haqı qorı kóbeydi. Kolxozshılardıń tabısları kóbeydi. Xalıqtıń satıp alıw uqıbı ádewir ósti. Sawda orınları kóbeyip, 1940-jılı olar 787 ge, al jámiyetlik awqatlanıw orınları 2242 ge jetti. Xalıqtıń densawlıǵın saqlawǵa dıqqat bólindi. Eger 1937-jılı respublikada tek 13 emlew mákemesi bolsa, ol 1940-jılı 37 ge kóbeydi. Olarda 117 shıpaker hám 758 orta maǵlıwmatlı medicinalıq xızmetkerler jumıs isledi. Bala baqshalar hám házirgi zamanǵa sáykes turaq jaylar salına basladı. Nókis qalası boy tikledi. Usı jılları qala kós-

heleri menen qalanıń qorǵanıw zonasına 66 mıń túp terek nálleri tigildi. Qaraqalpaqstan xalqınıń sanı ósti, ol 1926-jılı 331 mıń adamnan 1939-jılı 475 mıń adamǵa jetti.

**Sanaat, transport hám baylanıs tarawındaǵı ózgerisler.** Qaraqalpaqstanda sanaattıń rawajlanıwı paxtashılıq penen baylanıslı bolıw dáwam etilip, jańa paxta tazalaw zavodların salıw, islep atırǵan paxta tazalaw zavodların qosımsha quwatlılıq engiziw zárúrligi boldı. 1938-jılı Qońıratta paxta tazalaw zavodı paydalanıwǵa berildi hám avtonomiyalı respublikada paxta mamıǵın tayarlaw mexanizaciyalastırıldı. Paxta tazalaw zavodlarınıń úlesi sol dáwirde respublikamızdıń jeńil sanaatınıń 87,5%in quradı.

Aral teniziniń qubla jaǵalawında hám Ámiwdárya deltasındaǵı balıqshılıq tarawı úlken áhmiyetke iye edi. Hár jılı 126000 centnerge shamalas balıq duzlanǵan, keptirilgen, taza muzlatılǵan, sonıń ishinde 90%inen aslamı birinshi sortlı (shabaq, súwen, sazan hám t.b.) balıq ónimleri burınǵı SSSR qarıydarlarına jetkerip berildi.

1940-jılı oktyabrde balıqtı qayta islew maqsetinde Moynaq balıq gósh konserva kombinatı iske qosıldı, onıń quwatlıǵı jılına 15 million shártli qutı konserva shıǵarıwdan ibarat edi. Sonıń menen birge Úshsay, Úrge, Moynaq, Porlıtaw hám Qazaqdárya balıq zavodlarınıń óndirislik quwatı arttı. Balıq hám nanbayshılıq sanaatı respublikamızdıń azıq-awqat sanaatında belgili orın iyelep, olar kárxanalardıń 96%in quradı.

Awır sanaat tarawında respublikamızda tek ǵana keme, avtotransport, aǵashtan zat islew hám MTS ustaxanaları, gerbish hám hák zavodları isledi. Usı jılları Nókis gerbish zavodı, qamıs briketlew (plitalaw) óndirisi, Nókiste aǵashtan zat islew fabrikası hám basqa da kárxanalar paydalanıwǵa berildi. Kooperativlik kárxanalar turǵınlar ushın qurılıs materialların, tigilgen buyımlar, ayaq kiyim, ıdıs, mebel, ketpen, oraq, bel hám t.b. buyımlardı islep shıǵarıp turdı.

Avtonomiyalı respublikada maman jumısshılardıń hám injener-texnikalıq qánigelerdiń sanı da ósti. 1941-jılǵa kelip olardıń sanı 10 mıńnan aslam boldı. Olardıń kópshiligi jergilikli xalıqtan bolıp, olar 1939-jılı Qaraqalpaqstandaǵı barlıq jumısshılardıń 65 payızın quradı.

Qaraqalpaqstan Ózbekstanǵa qosılǵannan soń transport ádewir rawajlandı. Suw transportına áhmiyet berildi. Dárya flotı jańa kemeler menen tolıqtırıldı, júklerdi tiyew, tasıw hám túsiriw jumısların mexanizaciyalastırıw jaǵdayı jaqsılana basladı. 1938—1940-jıllarda suw transportınıń júk tasıw aynalısı 107,8%ke ósti. Aral teńizi arqalı suw-temir jol júk tasıwı jaqsılandı, bul respublikanıń Awqamnıń Evropa bólimi, Sibir hám Qazaqstan menen ekonomikalıq baylanıslarında áhmiyetli orın iyeledi.

Urısqa shekem dáwirde Qaraqalpaqstanda suw transportı menen birge aviaciya hám avtomobil baylanısları da rawajlandı. Tashkent-Charjow-Úrgenish-Tórtkul avialiniyası islep turdı, Nókiste aeroport qurılısı baslandı. «Qaraqalpaqtrans» jumısı qayta shólkemlestirildi. Ol Qaraqalpaqstan Xalıq Komissarlar Soveti qaptalında avtomobil transportı basqarması bolıp qayta dúzildi hám oǵan suw transportı da qaraslı boldı. Respublika avtoparkindegi mashinalar sanı 1100 ge jetti. Jol qurılısı keń kólemde júrgizildi. Usı jılları baslanǵan «Ulıwma xalıqlıq» dep atalǵan qurılıs usılı menen Tórtkúl-Aral teńiz jolı islendi. Qaratawdan túserlik jol júriwge qolaylastırılıp dúzetildi.

Qaraqalpaqstan Ózbekstan quramına ótiw menen radio esittiriw hám radiolastırıw taǵı da rawajlandı. 1941-jılı 24-martta Nókis qalasında radiostanciya jumıs isley basladı. Efirde birinshi mártebe «Tıńlańızlar, Nókisten sóyleymiz!» - degen sózler menen baslanıp, xabarlar berile basladı. Nókis-Tashkent radio-telefon liniyası úskenelendi. 1940-jılı respublikanıń jańa paytaxtı Nókis, barlıq rayonlar, kóplegen MTS hám kolxozlar menen telefon arqalı baylanısqa iye boldı.

**Awıl xojalıǵı.** Qaraqalpaqstanda bul jılları kolxozǵa qarsı ózleriniń jeke xojalıǵın rawajlandırıw keypindegi diyqanlar ele kóp edi. Olar awıl xojalıǵı arteli Ustavın moyınlamaw háreketlerin dawam etti hám kolxoz jeri esabınan ózleriniń úy qaptalı uchastkasın keńeytiwge umtıldı. Diyxanlardıń bunday háreketleri tek Qaraqalpaqstanda emes, al Awqamnıń barlıq respublikalarına tán boldı. Sonlıqtan buǵan qarsı 1939-jılı 27-mayda Oray «Kolxozlardıń jámiyetlik jerin talan-taraj etiwden saqlaw ilajları haqqında» qarar qabıl etti. Bul qararǵa muwapıq Awqamdaǵı barlıq respublikalarda, sonıń ishinde Qaraqalpaqstanda da diyqanlardıń úy qaptalı uchastkaların ólshew hám olardı mámleketlik fondqa qaytarıp alıwǵa kiristi. Jáne de, awıldaǵı hár bir miynetke jaramlı er hám hayal-qızlar kolxozda islep miynet kún tabıwdıń minnetli muǵdarı belgilendi. Ol muǵdar 60-100 miynet kún (paxta egisi hám tárbiya mapazında) boldı. Usı miynet kúndi islemegenler kolxozlardan shıǵarılıp, tiyisli jazalar alatuǵın boldı.

Bul jılları Oray Awqamnıń paxtashılıq boyınsha ǵárezsizligi ushın gúresti kúsheytti hám onıń baslı awırmanlıǵın Ózbekstan xalıqlarınıń moynına saldı. 1939-jılı 22-dekabrde Oray «Ózbekstanda

paxtashılıqtı bunnan bılay rawajlandırıw boyınsha ilajlar haqqında» qarar qabıl etti. Usı qararǵa muwapıq awıl xojalıǵın mexanizaciyalaw hám suwǵarıw boyınsha bir qatar jumıslar iske astı. Awılda MTSlarǵa áhmiyet berildi, olarda 1937-jılı 972 traktor bolsa, al 1939-jılı 1087 ge jetti. Kolxozda traktorshılıq, mexaniklik, shofyorlıq hám basqa da texnika jumıslarına dıqqat berildi. Tek erler emes, hayal-qızlardan da mexanizatorlar tayarlana basladı. Qaraqalpaqstanda 1938-jılı 47 hayal-qız traktorshı boldı hám 150 hayal-qızlar traktorshılar tayarlaw kursında oqıdı. 1939-jılı paxtanıń barlıq egislik maydanınıń 31%i traktor seyalkaları hám 69%i at jegilgen seyalkalar menen egildi.

Oraydıń 1939-jılǵı Ózbekstanda paxtashılıqtı taǵı da rawajlandırıw haqqındaǵı qararına muwapıq suwǵarıw jumıslarına úlken kewil berildi. Bul jıllardaǵı suw tarmaqları jumısları «Pútkil xalıqlıq qurılıs» dep ataldı. 1939-jılı Shımbay hám Qaraózek (ol waqıtta Qaraózek Shaxamanda edi) rayonlarınan mıńlaǵan kolxozshı-diyqanlardıń kúshi menen uzınlıǵı 25 shaqırım Mayjap kanalı qısqa waqıtta qazıp pitkerildi. Usı jılı dáryanıń sol tárepindegi rayonlardı suw menen támiyin etetuǵın uzınlıǵı 128 shaqırım bolǵan «Súwenli-Lenin jap» dep atalǵan kanal qurılısı baslanıp, ol 1941-jılı tamamlandı. Suwǵarıw tarawın qurıw Tórtkúl, Shabbaz, Taxtakópir hám basqa da rayonlarda boldı.

Nátiyjede 1940-jılı suwǵarıw tarmaqlarınıń uzınlıǵı 2500 shaqırımnan asıp ketti hám jańadan egislik jerler ashıwǵa imkaniyat boldı. Eger barlıq egislik jer maydanı 1939-jılı 116,3 mıń gektar bolsa, 1941-jılı 152,2 mıń gektarǵa jetti. Sonıń ishinde paxta egiletuǵın jerler 60,9 mıń gektar boldı. Nátiyjede paxtashılıq ádewir rawajlanıp, ol respublikada 1937-jılǵı 68,5 mıń tonnadan 1939-jılı 81,6 mıń tonnaǵa jetti. Sonıń menen birge dán jetistiriwde aytarlıqtay ilgerilew bolmadı.

1938—1940-jıllarda Qaraqalpaqstanda mámleketlik mal-sharwashılıǵın rawajlandırıwǵa da itibar qaratılmadı. Biraq, kolxozlarda mal-sharwashılıq fermaların dúziw hám rawajlandırıw jumısları júrgizildi. 1939-jılǵa kelip, kolxozlarda mal fermalarınıń sanı 1048 ge jetti. Bul jılları jońıshqashılıq almaslap egiw menen qatar mal sharwashılıǵınıń ot-jem bazası ushın kóbirek paydalanıldı. Onıń egislik maydanı eki ese kóbeydi, yaǵnıy 1937-jılı 9,6 mıń gektar bolsa, ol 1939-jılı 18,7 mıń gektarǵa arttı.

Solay etip, bul ózgerislerdiń barlıǵı Awqamlıq Oray mápi ushın edi. Elimiz ekonomikası shiyki zat tayarlawshı orınǵa aynalıp, awıl xojalıǵı hám sanaat tarawları Oraydıń mápi ushın xızmet etti. Diyqanlar jerlerinen hám mal-múlklerinen ayrıldı, olar óz miynetiniń nátiyjesine ózleri iyelik ete almadı. Diyqanlar kolxozda májbúriy hám erksiz isleytuǵın derlik mut jumısshı kúshi edi. Bul jılları Sovetlik xojalıq usılı ústemlik ete basladı. Diyqanlardıń neshshe ásirlik xojalıq dástúri buzıldı.

**Sorawlar hám tapsırmalar**

1. Qaraqalpaqstannıń Ózbekstan quramına kiriwiniń tariyxıy áhmiyeti haqqında aytıńız.
2. Qaraqalpaqstan ekonomikasında sanaat hám basqa tarawlar, onda qanday ózgerisler boldı?
3. Diyqanlardıń jeke menshigine qarsı Oraydıń ilajları qanday boldı?
4. Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtı rawajlandırıw boyınsha ilajları haqqında aytıp beriń.
5. Qaraqalpaqstanda kanallar qurılısları haqqında aytıń.

# III BAP. QARAQALPAQSTAN EKINSHI JER JÚZILIK URÍS JÍLLARÍNDA

## §8. Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń áskeriy maqsetke baǵdarlanıwı

**Urıstıń baslanıwı.** Ekinshi jer júzilik urıs 1939-jılı 1-sentyabrde fashistler Germaniyasınıń Polshaǵa basıp kiriwi menen baslandı, al 1941-jılı 22-iyuń kúni fashistler Germaniyası óz ara qáwipsizlik shártnamasın buzıp, SSSRǵa basıp kirdi. Ol dáwirde Ózbekstan menen Qaraqalpaqstan hám burıńǵı awqamdaǵı barlıq respublikalar SSSR quramında bolıp, ondaǵı xalıqlar nemec fashist basqınshılarına qarsı urısqa atlandı. Az sanlı xalqı bar Qaraqalpaqstannan frontqa 61500 den aslam, al áskeriy qorǵanıw sanatında jumıs islewge 25000 nan artıǵıraq, barlıǵı bolıp 86000 nan aslam er júrek ulları hám qızların atlandırdı. Qaraqalpaqstan xalqı ózleriniń frontqa ketken perzentlerine óz eliniń ar-namısın, azatlıǵı menen ǵárezsizligin jan ayamay qorǵawdı jawıngerlik wazıypa etip tapsırdı. Urıstıń baslanıwına baylanıslı Awqamnıń xalıq xojalıǵı áskeriy tiykarda qayta qurıldı. Bul jılları «Barlıǵı front ushın, barlıǵı jeńis ushın» — degen súren qatań túrde iske asırıldı.

**Sanaat, transport hám baylanıs.** Urıs baslanıwdan-aq Qaraqalpaqstanda sanaat, transport hám baylanıs jumısları áskeriy maqset ushın baǵdarlandı. Urıs jılları Qaraqalpaqstanda paxtanı, jóń

ıshqanı, balıqtı dáslepki qayta islew kárxanaları menen birge jergilikli sanaat kárxanaları úlken áhmiyetke iye boldı. Jergilikli sanaattı rawajlandırıw ushın 1941-jıldıń ekinshi yarımında 12 jańa rayonlıq sanaat kombinatı hám 124 hár qıylı ustaxanalar shólkemlestirildi, al 1942-jılı Qaraqalpaqstan sanaat awqamı qaptalınan 5 qurılıs ustaxanası, 5 un qaraz, 5 jip iyiriw arteli, shoyın eritiw hám trikotaj cexları ashıldı.

1942-jıldıń basında Nókiste jergilikli sanaat xızmetkerleriniń respublikalıq jıynalısı bolıp, onda Qaraqalpaqstannıń barlıq sanaat jumısshılarına hám injener-texnik xızmetkerlerine úndew qabıl etildi. Úndewde «Bizler, pútkil sovet xalıqları sıyaqlı barlıq jumıstı áskeriy bağdarda qayta quramız, fronttı hám respublika xalqın ózimizde islegen zatlar menen támiyin etemiz», — delingen edi. Urıs jılları xalqımızda burın kórilmegen miynet hám siyasiy belsendilik payda boldı. Adamlar frontqa qalayınsha hám neler menen kóbirek kómek beriwdi ğana oyladı. Hár bir kárxana, hár bir adam dushpanğa qarsı gúresshenler qatarında turdı. Urıstıń dáslepki kúnlerinen baslap sanaatta islewshi hayal-qızlardıń sanı ósti. Hayallar frontqa ketken erleriniń ornın tolıqtırdı. Jaslar óndiriske tartıldı. Máselen 1941-jılı sanaat kooperaciyalarında islewshi 3545 jumısshınıń 1950-hayal-qızlar boldı. Jumısshı hayal-qızlardıń sanı urıs dáwirinde gúnasız jer awdarılğan qalmaq, chechen, koreec hayal-qızlardıń esabınan da kóbeydi.

Urıs gúllán tıldağı adamlar aldına úlken talaplardı qoydı, jobanı orınlap qoymastan onı artığına orınlap ózi ushın hám fronttağılar ushın jumıs islew sol dáwirdiń kúndelikli isine aylandı. Usılayınsha óndiristiń ishki múmkinshiliklerin tawıp óndiriske engiziw, qarjı hám materiallardı únemlew ushın tılda gúres júrgizdi. Máselen, Qońırat, Shımbay, Xojeli paxta tazalaw hám may zavodlarınıń jámáátleri de óz ústilerine alğan jobanı arttırıp orınlap bardı. 1942-jıldıń aqırında Moynaq konserva kombinatınıń 71 jumısshısı olardıń ishinde A.Qabulova, A.Pechenkina, N.Sársenova ózleriniń normaların 200% etip orınlap, basqalarğa úlgi kórsetti. Moynaq balıq konserva kombinatınıń jámáátí 1941—1945-jıllar ishinde 20 million qutı konserva jetistirip berdi. Bul jılları Qazaqdáryalı balıqshı B.Nájenova tılda qaharmanlıq miynet etti.

Usı jılları Qaraqalpaqstanda xalıq tutınıw toqımashılıq tovarları islep shığarıldı, máselen, 1944-jılı jipten islengen gezleme tovarları 150 mıń metrge kóbeydi, al usı jılı jipek islew hám shayı toqıw óndirisi ózlestirilip, 60 mıń metr gezleme toqıldı. Bunda Tórtkúl qalasındağı 400 adam isleytuğın «Tekstilshik» sanaat arteli alda boldı. Bul arteldiń aldıńğı jumısshıları Abdullaeva hám Bazarbaevalar norma boyınsha ayına 14 kilogramm ornına 32 kilogramm hám onnan da kóbirek muğdarda jip iyiriwge eristi. Qaraqalpaqstan toqımashılarına 62 jasar ana — Raygorodskaya úlgi boldı.

Urıs jılları transport áhmiyetli orın iyeledi, onıń járdemi menen oğada kóp muğdarda áskeriy hám grajdanlıq júkler tasıldı. Urıstıń dáslepki aylarında-aq front ushın 419 avtomobil hám 4872 jılqı jiberildi. Qaraqalpaqstannıń dárya hám teńiz transportı Ámiwdárya hám Aral teńizi arqalı front hám tıl ushın zárúrli bolğan hár qıylı júkler tasıldı.

Qaraqalpaqstandağı baylanıs mákemeleri de front mápleri ushın qayta shólkemlesti. Onda 39 dan aslam pochta bólimleriniń xızmeti úlken boldı. Telefon stanciyaları barlıq rayon oraylarına ornatıldı. Radiostanciyalar turaqlı islep turdı. Nókis-Tórtkúl hám Charjow aralığında pochta, jolawshı tasıw hawa jolı baylanısı ornatıldı.

Urıs jılları kóplegen Qaraqalpaqstanlılar basqa qalalarğa jiberildi, onda olar front ushın jumıs isledi. Olar xalıqta «rabochiy batalon» dep te ataldı. Urıs jılları bunday batalonshılardı Sverdlov (Ekaterinburg) hám Perm, Orenburg hám basqa da qalalardağı zavodlarda, fabrikalarda hám shaxtalarda gezlestiriwge bolatuğın edi. Máselen Perm wálayatı Kizelevskiy rayonındağı «Kospatugol» trestiniń shaxtalarında Qaraqalpaqstanlı 1000 adam jumıs isledi. Al, Begabad metallurgiya kombinatı qurılısında Qaraqalpaqstannan 400 adam isledi. Bulardan tısqarı urıs dáwirinde Qaraqalpaqstannan Rossiya menen Ózbekstandağı FZO[1] hám kásip-texnikalıq uchilishelerine oqıwğa 3300 jigit hám qızlar jiberildi.

**Awıl xojalığın áskeriy maqsetke badarlaw hám onıń qıyınshılıqları**. Elde urıs baslanıp, awır áskeriy jağday payda bolğanlığı sebepli Qaraqalpaqstanda awıl xojalığı da áskeriy maqsetke bağdarlandı. Urıs sebepli eldiń ekonomikalıq awhalı qıyınlastı. Mámleket xalıqtı azıq-awqat hám sanaat zatları menen támiyinley almadı. Awıl xojalığındağı kúsh-kóliklerdiń (jılqılar) bir bólimi frontqa jiberildi. Qaraqalpaqstan diyqanlarınıń 80%ten aslamı Qızıl Armiya qatarında xızmet etti. Awıllarda miynetke jaramlı jas balalar hám orta jasqa barğan erler menen kempir-ğarrılar boldı. Usınday áskeriy awır jağdayda awıl xalqı respublikanı azıq-awqat zatları menen támiyinlewge hám onı front ushın tayarlap, jiberiwge minnetlendi.

Awıl xojalığında 1941-jıl urıs baslanıwdan-aq qatań jumıs tártibi belgilendi. Kolxozlarda miynet kún islew kóbeytildi, al jas balalar ushın 12 jastan baslap kolxozda miynet kún islep tabıw bel-

gilendi. Belgilengen miynet kún muǵdarın islemegen diyqanlar hám onıń xojalıq aǵzalarına qatań sharalar kórildi, hátteki, olar sudqa da beriler edi. Biraq, awıl diyqanları bunday qatań sharalarsız-aq ózleri hám fronttaǵı perzentleri ushın ayanbay miynet etiwge iykemlesken edi. Solay etip, Qaraqalpaqstan diyqanları urıs jılları adam inanbaslıq dárejede pidákerlik miynet etti. Fashistlerdiń Moskvaǵa topılısın Armiya qaharmanlıq penen qaytarıp atırǵan waqıtta, Qaraqalpaqstan diyqanları 1941-jılı paxta tayarlaw jobasın artıǵı menen orınlap, mámleketke 95,3 mıń tonna paxta tapsırdı. 1942-jılı Qaraqalpaqstan mámleketke 1940-jılǵa qaraǵanda 1,9 mıń tonna artıq paxta tapsırdı.

1943-jılı Qaraqalpaqstan diyqanlarınıń pidákerlik miynetleri nátiyjesinde ǵálle zúrááti menen ózin-ózi támiyin etiwge erisip, artıq ǵálleni frontqa jiberdi. Eger 1940-jılı ǵálle jetistiriw 45 mıń tonna bolsa, 1943-jılı 88 mıń tonnaǵa jetti. Usı jılı respublikada ulıwma uzınlıǵı 450 shaqırım bolǵan 25 jap qazıldı, 80 nen aslam suwǵarıw tarmaqları qayta islendi. Usınıń nátiyjesinde rayonlarda egislik jerler kóbeydi, al Tórtkúl, Qıpshaq, Qońırat, Xojeli hám Taxtakópir rayonlarında egislik jerler 2,5 ese kóbeyip, jetistirilgen ǵálle eki eseden artıq boldı. Qaraqalpaqstanda mal sharwashılıǵında da ádewir tabıslar boldı. Kúsh-kólik mallarınıń bas sanı kóbeydi.

Paxtashılıqtı taǵı da rawajlandırıw ushın suw tarmaqları jumısların kóbeytiw zárúr boldı. Solay etip, sol jılları «Shomanay», «Qırıqqız», «Kirovabad» hám basqa da úlken kanallar qazıldı. 1945-jılı Nazarxan kanalınıń saǵası betonlanıp qayta qurıldı. Quwanısh jarmaǵa tuwrılanıp jap qazıw jumısı júrgizildi, jáne, Sarıbiy kollektorınıń qurılısı baslandı.

**Jámiyetlik-siyasiy turmıs hám tıldıń front penen baylanısı.** Urıs jılları Qaraqalpaqstanda jámiyetlik-siyasiy turmısta Awqamnıń barlıq respublikalarındaǵı sıyaqlı, hár qashanǵıdan da qıraǵılıqtı kúsheytiw, tártip buzıwshılarǵa, ǵawasatshılarǵa hám qorqaqlarǵa qarsı ayawsız gúres júrgiziw, ulıwma áskeriy bilim beriw, frontqa ketkenlerdiń ornın toltırıw h.t.b. minnetli wazıypalar belgilendi. Siyasiy massalıq hám mádeniy-aǵartıw jumıslarınıń tiykarǵı maqseti xalıqta dushpanǵa qarsı jek kóriwshilik sezimlerin boldırıwdan ibarat boldı. 1943-jılı Qaraqalpaqstanda 4000 nan aslam úgit-násiyat taratıwshılardı birlestirgen 625 punkt jumıs isledi.

Siyasiy-kópshilik jumıslardı júrgiziwde hám tıl menen front arasındaǵı baylanıstı jaqsılawda baspa sóz hám radio úlken orın tuttı. «Qızıl Qaraqalpaqstan» (házirgi «Erkin Qaraqalpaqstan»), «Sovetskaya Karakalpakiya» (házirgi «Vesti Karakalpakstana») hám basqa da gazetalar ózleriniń barlıq jumısın urıs maqsetine baǵdarladı. Gazeta betlerinde qala hám awıldaǵı miynetkesh xalıqtıń miyneti, qorǵanıw qorına qarjı jıynaw fronttan xatlar hám urıstıń barısı hám basqa da áhmiyetli xabarlar basılıp turdı. Hár bir kárxana hám jámiyette diywalı gazetalar, jawıngerlik listovkalar, súwretli-gazetalar shıǵarılıp turdı.

Baspasóz benen qatar radio siyasiy-jámiyetlik turmısta hám front penen tıl arasındaǵı baylanısta ayrıqsha áhmiyetke iye boldı. Sovinformbyuro (Sovet xabarları byurosı) xabarları Moskva hám Tashkentten qabıl etilip, tezden qaraqalpaq tiline awdarılıp, radio arqalı esittirildi hám baspa sózde daǵazalandı. Sonday-aq, urıs jılları jámiyetlik-siyasiy hám mádeniy turmısta, kitap baspası, ádebiyat hám kórkem-ónerdiń áhmiyeti joqarı boldı.

Urıs dáwirindegi jámiyetlik-siyasiy turmısta qorǵanıw qorına miynetkeshlerdiń qosqan ekonomikalıq úlesi ayrıqsha áhmiyetli boldı. Qaraqalpaqstan miynetkeshleri de qorǵanıw qorına óz úleslerin qostı. Qaraqalpaqstan xalqı urıstıń dáslepki toǵız ayı ishinde-aq qorǵanıw qorına aqshalay 3662 mıń manat hám obligaciya túrinde 3497 mıń manat ótkerdi. Bunday mısallar júdá kóp boldı. Qaraqalpaqstan miynetkeshleri fronttaǵılardıń shańaraqlarına úlken járdem kórsetti. Olardıń shań araqları sıyır, qoy, eshki, kiyim-kenshek, aǵash, otın, ovosh hám basqa da azıq-awqat penen támiyinlenip turdı. Urıs jıllarında Qaraqalpaqstan kolxozshıları mámleketke 885 mıń tonna paxta, 764 mıń tonna pille, 61,9 mıń tonna ǵálle, 15,2 mıń tonna jún tapsırıw menen birge, mámleketlik qorǵanıwdıń 154589 manatlıq zaemına jazıldı.

Bulardan tısqarı Qaraqalpaqstan xalqı Leningradtı (Sankt-Peterburg) qorǵawshılarǵa 224916 manat, 5819 kilogramm gósh, 21614 kilogramm ǵálle, 3700 kilogramm gúrish hám basqa da azıq-awqat zatların jiberdi. Jáne de Qaraqalpaqstanlılar Stalingrad (Volgograd) qalasın azat etiwshi Qızıl Armiyaǵa 87 mıń manat qarjı, 45,5 tonna gósh, 262 mıń tonna biyday, 230 centner ıslanǵan balıq, 123,1 centner gúrish, 1370 kg. qaq erik hám 280 kg qawın qaq jóneltti. Qaraqalpaqstan fashistler basıp alǵan jerlerdegi partizanlarǵa da járdem qolın sozdı. Máselen, Ukraina partizanları ushın 733577 manat, 4690 kilogramm gósh, ǵálle jiberdi. Sonday-aq, dushpannan azat etilgen rayonlardıń xalqı ushın 1944-jılı 20 mıń bas mayda hám iri qaramal jiberildi.

Bulardıń hámmesi tıldaǵı Qaraqalpaqstan xalıqlarınıń fashistler ústinen erisilgen ullı jeńiske qosqan úlesleri boldı.

### Sorawlar hám tapsırmalar

1. Urıstıń baslanıwı haqqında aytıń.
2. Urıs jıllarında Qaraqalpaqstandaǵı sanaat, transport hám baylanıstıń áskeriy baǵdardaǵı jumısları qanday boldı?
3. Urıs jıllarındaǵı awıl xojalıǵı miynetkeshleriniń jigerli miynetleri nelerden ibarat?
4. Urıs dáwirinde Qaraqalpaqstanda jámiyetlik-siyasiy turmıs hám front penen baylanıs qanday boldı?

## §9. Qaraqalpaqstanlı jawıngerlerdiń fronttaǵı erlikleri

1941-jılı sentyabrdegi mámleketlik Qorǵanıw komitetiniń front ushın milliy brigadalar dúziw haqqındaǵı qararına muwapıq qaraqalpaq milliy brigadası dúzildi hám onıń quramında 4300 ge jaqın Qaraqalpaqstanlı jaslar boldı. Ol 97-qaraqalpaq atqıshlar (strelkovoy) brigadası dep ataldı. Brigada komandiri polkovnik F.Shutnikov, brigada komissarı Epifanov (burıngı Qaraqalpaqstan wálayatlıq komsomol komitetiniń sekretarı), brigada shtabınıń baslıǵı F.Erbaev (Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komitetiniń sekretarı) boldı. Brigadanıń frontqa áskeriy tayarlıǵı Buxara wálayatındaǵı Kattaqorǵanda boldı. 97-qaraqalpaq milliy brigadasınıń siyasiy bóliminde leytenant T.Bekimbetov (soń pedinstitut direktorı), kapitan Q.Ayımbetov (soń ilim doktorı hám professor) hám basqa da xalqımızǵa belgili adamlar bar edi. Bul brigadanıń barlıq soldat hám oficerleri fashistlerge qarsı qaharmanlarsha urıstı hám orden jáne medallar menen sıylıqlandı.

**Moskva qasındaǵı urısta** Ózbekstanlı jawıngerler de fashistlerge qarsı qaharmanlarsha urıstı. Moskvanı dushpannan qorǵawǵa Qaraqalpaqstannan J.Jumaǵulov, N.Dosımbetov, K.Bekbawliev, A.Allaniyazov, X.Bekmuratov, A.Jiyemuratov, Q.Ábdreymov hám basqa da jawıngerler qatnastı. Moskva túbindegi urısta Qaraqalpaqstanlı jawınger J.Jumaǵulov fashistlerdiń bir toparı 25 metrdey jaqınlasıp kelgen waqıtta bálent hawaz benen «Qanǵa-qan. Watan ushın» dep dushpanǵa pulemyotten oq jawdırdı, sebebi onıń jawınger dosları V.Fedorov hám Ivanov awır jaradar bolıp, pulemyot qasında qanǵa boyalıp jatır edi. Pulemyotshı J.Jumaǵulov Qızıl áskerler kelgenshe óz ornın qaharmanlıq penen qorǵadı. Bul sawashta dushpannıń 150 den aslam ásker hám oficerleri tutqınǵa alındı.

Qaraqalpaqstanlı jigit R.Begchanov haqqında Batıs fronttıń siyasiy basqarmasınıń baslıǵı general-polkovnik Kuznecov Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komitetiniń sekretarına bılay dep jazdı: «Tórtkúl rayonınıń Kirov atındaǵı kolxozınıń burıngı aǵzası serjant R.Begchanovtıń dańqı pútkil Batıs frontqa jayıldı. R.Begchanov diviziyadaǵı eń jaqsı snayper bolıp, ol 132 fashistti joq etti». R.Begchanov Qızıl Juldız ordeni menen sıylıqlandı.

**Stalingrad (Volgograd) sawashı** 1941-jılı 17-iyuldan 1943-jıl 2-fevral aralıǵında boldı. Bul dáwirdegi sawashlarǵa Qaraqalpaqstannan M.Mátnazarov, A.Karibaev, X.Mamutov, A.Sultanov, M.Maxmudov, B.Babaev, O.Kóptilewov hám basqalar qatnastı, Stalingrad ushın awır sawashlar waqtında Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıqları fronttaǵı óz perzentlerine jawıngerlik xat jazıp, olardı dushpandı jeńiwge ruwxlandırdı. Bul xat 1942-jılı 31-dekabrde «Pravda» gazetasında daǵazalandı hám ol tek Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanlı jawıngerlerdi emes, al fronttaǵı barlıq jawıngerlerdi fashist basqınshılarına qarsı ayawsız sawash júrgiziwge ruwxlandırdı.

**Kursk dugasındaǵı** (1943-j., iyul) tariyxıy sawashta Xojeliden urısqa ketken aǵa leytenant M. Maxmudov óziniń kishkene otryadı menen birge Kursk wálayatınıń Dekovskiy rayonındaǵı Sapilova awılın fashistlerden azat etti. Sawashta kórsetken batırlıǵı ushın M.Maxmudov 1-dárejeli Watandarlıq urıs ordeni menen sıylıqlandı. Fashistlerge qarsı sawashta «N» hawa polkiniń radisti X.Mamutovtıń erligi ayrıqsha boldı. Ol óz samolyotınıń ekipajı menen 1941-jılı 1-25-iyul aralıǵında dushpanǵa 23 ret tabıslı hújim jasadı hám fashistlerdiń 7 tankin 11 den aslam júk avtomashinaların birneshe zenit topların, 300 den aslam soldat hám oficerlerin joq etti. 1943-jılı 7-sentyabrde X.Mamutov Gastellonıń qaharmanlıq erligin tákirarlap, óz komandiri menen birge nabıt boldı. Solay etip, Qaraqalpaqstanlı jawıngerler fashistlerge qarsı urıs barısındaǵı túpkilikli burılısqa óz úleslerin qostı.

**Leningradtı (Sankt-Peterburg)** azat etiw ushın bolǵan qatań sawashlarǵa Qaraqalpaqstannan J.Iskenderov, J.Jumaniyazov, A.Orazımbetov, K.Dáwletov, A.Jálmenov, U.Yusupov hám basqalar qatnastı hám dushpanǵa qarsı qaharmanlıq urıs júrgizdi. Qaraqalpaqstanlı kapitan A.Orazımbetovtıń Leningrad hám Pskovtaǵı urıslarda qaharmanlıq atı shıqtı. Ol 1944-jılı mart ayında óz komandiriniń tapsırması boyınsha jawınger L.Fomichev penen ekewi barlawǵa shıǵadı. Ol dushpannıń qarday jawǵan oǵı astında jawıngerlik tapsırmanı orınlaydı hám basınan jaralanǵan joldası Leningradlı serjant L.Fomichevtı qáwipli zonadan alıp shıǵıp qaytadı. Sawashta kórsetken erligi ushın A.Orazımbetov Qızıl Juldız ordenin alıwǵa miyasar boldı.

Leningrad (Sankt-Peterburg) ushın urıs 300 kún hám tún dawam etti. Qalanı fashistlerden azat etiwdegi erligi ushın kóplegen Qaraqalpaqstanlı jawıngerler mámleketlik sıylıqlarǵa ılayıq boldı. Solardan J.Iskenderov «Qızıl juldız» ordenin alıwǵa miyasar boldı.

**Ukrainanı** fashistlerden azat etiw ushın sawashlarda Qaraqalpaqstanlı jawıngerler ayrıqsha qaharmanlıq kórsetti. Máselen, 73-atqıshlar diviziyasınıń 2-rota bólimshesiniń komandiri serjant M.Balmaǵambetov óz bólimshesi menen Dneprdiń oń jaǵalıǵındaǵı Borodaevka awılınıń qasında jawıngerlik poziciyanı bekkem uslap turdı. Ol 20 fashistti nabıt etti, 16 sın tutqınǵa aldı. Sawashta kórsetken erligi hám batırlıǵı ushın oǵan 1944-jıl 22-fevralda Sovetler Awqamınıń Qaharmanı ataǵı berildi.

J.Qaraqulov 327-Sevastopol atqıshlar polkında áskeriy wazıypasın orınlap, oqtı qarday boratıp turǵan dushpan pulemetınıń únin óshirdi hám A.Matrosovtıń óshpes erligin tákirarladı. J.Qaraqulovtıń qaharmanlıǵın ayrıqsha bahalap, 1945-jıl 24-martta oǵan Sovetler Awqamınıń Qaharmanı ataǵı berildi.

1944-jıldıń aqırında Sovet Armiyası óz jerin dushpannan tazalaǵannan keyin Evropadaǵı xalıqlardı fashizmniń uwlı tırnaǵınan azat etiw ushın óz úleslerin qostı. Bulardıń ishinde Qaraqalpaqstanlı jawıngerlerden N.Niyetullaev Rumıniya hám Vengriya aymaǵın dushpannan azat etiwge qatnastı. Chexoslovakiya hám Vengriya jerlerin dushpannan azat etiwde mártligi ushın K.Bekmuratov «Qızıl Juldız» ordenin alıwǵa miyasar boldı, al R.Matniyazov «Varshavanı azat etkeni ushın» medalı menen sıylıqlandı.

Nókis mámleketlik muǵallimler institutınıń studenti P.Nurpeysov dushpan bekinislerin súwretke alıw sıyaqlı áhmiyetli áskeriy tapsırmalardı orınladı. Ol 1944-jıldıń jazında fashistlerdiń 45 aerodromın, 384 metr jol esholonların, 17 tank gruppasın hám taǵı basqa áhmiyetli obyektlerdi súwretke aldı. P.Nurpeysov 1945-jıldıń 23-aprelinde gezektegi tapsırmanı orınlaǵan waqtında onıń samolyotın Berlin jerinde dushpan atıp túsirdi. Urıstaǵı qaharmanlıǵı ushın oǵan Sovetler Awqamınıń Qaharmanı degen ataq berildi.

Solay etip, Ekinshi jer júzilik urıs jıllarında barlıq sovet jawıngerleri menen birge Qaraqalpaqstan perzentleri de frontta qaharmanlarsha urısıp, fashistler Germaniyasın jeńiwde óz úleslerin qostı. 1941—1945-jılları Qaraqalpaqstannan frontqa ketken hám fashistlerge qarsı urısta ayrıqsha mártlik kórsetken 20 dan aslam jawıngerler Sovet Awqamınıń Qaharmanı ataǵın alıwǵa miyasar boldı. Olar O.Abdullaev, B.Babaev, M.Balmaǵambetov, I.S.Banifatov, D.V. Bernatskiy, M.A.Bulatov, O.Jumaniyazov, J.Qaldıqaraev, J.Qaraqulov, I.D.Lebedev, I.F.Maxorin, I.Nawrızbaev, P.Q.Nurpeysov, A.A.Pishulin, N.A.Saraev, A.M.Simanov, B.E.Tixomolov, A.D.Trashkov, A.S.Umerkin, F.F.Chepurinlar edi. Al Qaraqalpaqstanlı 6 jawınger I, II, III dárejeli «Dańq» ordenlerin alıwǵa miyasar boldı, olar — A.Amanbaev, E.P.Bespalov, A.M.Zayka, J.Qalimbetov, T.Ótemuratov, R.Q.Sayıpnazarovlar edi.

Bul urıs xalqımız ushın oǵada awır hám qayǵılı boldı. Frontqa ketkenlerdiń jartısınan kóbisi óz eline qaytıp kele almay qaldı. Bulardan basqa da neshe mıńlaǵan Qaraqalpaqstanlılar Watanı ushın hám onıń azatlıǵı ushın jan ayamay gúresti hám xızmet etti.

### Sorawlar hám tapsırmalar

1. Moskva qasında urısta Qaraqalpaqstanlılardıń qaharmanlıqları haqqında aytıń.
2. Stalingrad (Volgograd) hám Kursktegi sawashta Qaraqalpaqstanlılardıń qanday qaharmanlıǵın bilesiz?
3. Leningrad (Sankt-Peterburg) qalası ushın urıstaǵı Qaraqalpaqstanlılardıń qaharmanlıqları haqqında aytıp beriń.
4. Ukraina jerinde Qaraqalpaqstanlılardıń fashistlerge qarsı qaharmanlıq urısların aytıp beriń.
5. Evropa xalqın fashistlerden azat etiwge qatnasqan Qaraqalpaqstanlılar haqqında aytıń.
6. Qaraqalpaqstannan frontqa neshe mıń adam ketti, olardan kimlerge Awqamnıń qaharmanı ataǵı hám «Dańq» ordenleri berildi?
7. Piziń qala, rayon hám awıldan frontqa ketkenler hám olardıń qaharmanlıq isleri haqqında aytıp beriń.

## IV BAP. QARAQALPAQSTANNÍŃ URÍSTAN SOŃǴÍ AWHALÍ HÁM EKONOMIKANÍŃ BIR TÁREPLEME RAWAJLANÍW BAǴDARÍ (1946—1959-JJ.)

## §10. Urıstan sońǵı jıllarda jámiyetlik-siyasiy turmıs hám ekonomikanıń bir tárepleme rawajlanıw baǵdarı

**Jámiyetlik-siyasiy awhalı.** Ekinshi jer júzilik urıstan keyin sovet jámiyetiniń siyasiy dúzimi partiya, sovetler, kásiplik awqamlar, jaslar shólkemleri hám basqa da jámiyetlik shólkemlerden ibarat boldı. Biraq, bul siyasiy dúzimniń tiykarı partiya edi. Partiya ózin jámiyettiń basshı hám baǵdarlawshı kúshi dep esaplap, eldegi barlıq jámiyetlik-siyasiy, mádeniy-aǵartıw hám xojalıq organlarına ústemlik etti, olardıń jumısın qatań qadaǵaladı.

Partiya qararı hám kórsetpeleri nızam retinde orınlanıwı kerek boldı. Bul jaǵday elde nızamlardıń buzılıwına hám Sovetler roliniń tómenleniwine alıp keldi. Sovetlerdiń Joqarǵı organlarında qabıl etilgen konstituciyalarda sovetler hám basqa da jámiyetlik-siyasiy shólkemlerdiń jámiyettegi roli, saylawshılardıń huqıqları hám t.b. haqqında jazılǵanı menen, olar qaǵazda qalıp, is júzinde barlıǵı partiyanń ruqsatı hám kórsetpesi menen boldı. Partiyanıń Oraylıq Komitetinen baslap rayonlıq komitetlerine shekemgi partiya apparatında xalıq xojalıq tarawları hám jámiyetlik-siyasiy shólkemler boyınsha arnawlı bólimler boldı. Eldegi basshı qánigelerdiń hámmesi derlik partiya organlarınıń nomenklaturasında[1] bolıp, olar partiya aǵzası bolıwı shárt edi.

Solay etip sovetler Awqamınıń barlıq jerindegi sıyaqlı Qaraqalpaqstannıń da jámiyetlik-siyasiy turmısında monopartiyalıq ústemlik húkim súrdi. Bul jılları Qaraqalpaqstanda kóplegen siyasiy-bilimlendiriw úyleri, partiya kabinetleri ashıldı. 1950-jıldan baslap qaraqalpaq tilinde «Agitator bloknotı» jurnalı basılıp shıǵatuǵın boldı. Usı jıldıń iyul ayında Qaraqalpaqstan jaslarınıń «Jas Leninshi» gazetası qaytadan shıǵa basladı. Bunnan basqa respublikada bul jılları eki respublikalıq gazeta hám 14 rayonlıq gazetalar bolıp, olar monopartiya kórsetpeleri boyınsha jumıs isledi.

Siyasiy bilimlerdi taratıw boyınsha Ózbekstan jámiyetiniń 1947-jılı-aq Qaraqalpaqstan bólimi ashıldı. 1950-jılları Ózbekstan ziyalılarınıń I siezdi bolıp, olarǵa Qaraqalpaqstannan kóplegen delegatlar qatnastı. Bul siezdlerdiń shaqırılıwındaǵı tiykarǵı maqset bilim jámiyeti, mádeniy-aǵartıw mákemeleri, hátteki xudojnikler jumıslarına partiyalıq-siyasiy baǵdar beriw edi.

Jámiyetlik-siyasiy turmısta saylawlar belgili orın iyeledi. Sovetler Awqamınıń Joqarǵı Sovetine, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Joqarǵı Sovetlerine, jergilikli sovetlerge saylawlar bolıp ótti. Bunday saylawlar sońǵı jılları da boldı. Biraq, saylawlarda deputatlıqqa kandidatlar alternativasız joqarıdan kórsetilip saylandı, jáne de Sovetlerdiń, onıń turaqlı komissiyaları hám deputatlardıń elge basshılıq roli joqtıń qasında boldı. Haqıyqatında, sovet dáwirinde júzeki demokratiya bolıp, is penen sózdiń birligi bolmadı.

**Gúnasız jazalawlardıń dawam etiwi.** Bul jılları jámiyetlik-siyasiy turmısta adamlardı gúnasız jazalawlar dawam etti. Eger urısqa shekemgi 30-jıllarda gúnasız jazalanǵanlar, ásirese, partiya, sovet wákilleri, ulamalar, áskeriy qánigeler bolsa, urıstan sońǵı dáwirdegi Qaraqalpaqstanda «gúnasız jazalawlar» milliy mádeniyat hám ilim kadrları menen ruwxaniylerge qaratıldı. Bunday gúnasız jazalawlar ushın VKP(b) Oraylıq Komitetiniń 1946-jılı qabıl etken «Zvezda» hám «Leningrad» jurnalları haqqında, sonay-aq 1948-jılǵı «Drama teatrları repertuarları haqqında», «Úlken ómir» kinofilmi hám V.Muradeliniń «Ullı doslıq» operası haqqındaǵı qararları tiykar boldı. Usı qararlarǵa tiykarlanıp Qaraqalpaqstanda da ádebiyat hám kórkem óner dóretpelerine «milletshilik» hám «eskini úgitlewshi» — degen ayıplar taǵıldı. Oǵan mısal ushın M.Dáribaevtiń «Kóklen batır» draması, «Alpamıs», «Edige», «Máspatsha» xalıq dástanları hám basqa da shıǵarmalar kórsetildi. Al, ruwxaniylerdi quwdalawlar, ásirese 50-jılları qaytadan kúsheyip ketti. Hátteki, olardı dinnen bezdirip, ateist etiw qusaǵan zorlıq siyasatları da júrgizildi. 1956-jıldan keyin Stalin dáwirindegi gúnasız jazalanǵanlar aqlanǵan waqıtta da ruwxaniylerdi quwdalaw dawam ete berdi.

Ózbekstan hám Qaraqalpaqstannıń rawajlanıwına belsene qatnasqan kóp ǵana mámleketlik hám jámiyetlik ǵayratkerlerdiń kópshiligi Stalin hám onıń dáwirindegiler tárepinen gúnasız repressiyaǵa ushıraǵan edi. 1937—1953-jıllar arasında Ózbekstan Respublikasınan 100 mıńnan aslam adam qamaqqa alınıp, sonnan 10 mıńnan aslam adam ólim jazasına húkim etilgen edi. 1956-jıldan keyin 50 mıń adamnan 12 mıńnan aslam adam aqlandı. Olardıń ishinde Qaraqalpaqstannan A. Dosnazarov, Á.Qudabaev, Ó.Bekimbetov, Q.Áwezov, Q.Ermanov, K.Nurmuxammedov, S.Májitov, I.Fazılov, K.Allambergenov, O.Qosekeev, K.Sadullaev, I.Aliev, T.Nizamatdinov, F.Sunichaliev, D.Rizaev, S.Klıchev hám basqa da júzlegen adamlar bar edi. Bul adamlar totalitar dúzimniń awır jaǵdayında Qaraqalpaqstannıń rawajlanıwına ózleriniń barlıq kúsh-jigerin, aqıl-bilimin hám pútkil shólkemlestiriwshilik uqıpların ayanbay jumsaǵan edi.

Bul jılları elde ádillik hám demokratiyalastırıw haqıyqıy mazmunda júrgizilmedi. Is júzinde unamsız qubılıslar dawam ete berdi. Ásirese, 1950-jıllardıń aqırı 1960-jıllardıń basında sovet já-

miyetiniń rawajlanıwı partiya basshıları hám teoretikleri tárepinen insan inanbaytuǵın dárejede burmalandı. Olar socializmniń tolıq hám birotala jeńisi, jáne de, «kommunizm» jeńisi qusaǵan turmıstan ajıralǵan jasalma ideyalar menen teoriyalar edi.

**Ekonomikanıń paraxat turmısqa ótiwi hám onıń mashqalaları.** Qaraqalpaqstanda urısqa baǵdarlanǵan ekonomikanı paraxat jolǵa salıwdıń úlken mashqalaları payda boldı, sebebi, Qaraqalpaqstan frontqa jaqın jaylaspaǵanı menen urıs bul jerde de ekonomikaǵa úlken zıyan tiygizgen edi. Urıstan soń Qaraqalpaqstanda xalıq xojalıǵınıń barlıq tarawların rawajlandırıw zárúr edi. Urıstan soń monopartiya ústemligi burınǵıdan da kúsheydi hám eldiń rawajlanıwı Orayǵa baǵınıshlı boldı. Usı maqsette urıstan soń xalıq xojalıǵın qayta tiklew hám taǵı da rawajlandırıw haqqında nızam (1946—50-jıllar ushın), bes jıllıq jobalar qabıl etildi, al 1959-jılı jeti jıllıq joba tastıyıqlandı.

Bul jobalarda Qaraqalpaqstannıń ózine tán milliy ózgeshelikleri, ekonomikalıq zárúrlikleri esapqa alınbadı. Jobalarda respublikanıń rawajlanıwı Oray ushın paxta hám basqa da shiyki zatlardı tayarlaw wazıypalarına tıǵız baylanıstırıldı. Ol ushın úlken qarjılar, kompleks mexanizaciyalaw, qurılıs, qánigeler tayarlaw hám t.b. máseleleri ortaǵa qoyıldı. Kórsetilgen wazıypalardı orınlaw monopartiyanıń ústemligi tiykarında iske asatuǵın byurokratlıq hám buyrıq tártibi menen boldı. Usınday Oraylıq kórsetpelerge tiykarlana otırıp, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstannıń xalıq xojalıq rawajlanıw jobaları dúzildi hám olardı iske asırıw ushın ilajlar kórildi.

**Sanaat.** Urıstan sońǵı jılları Qońırat, Shımbay, Xojeli may zavodları, Háktaw qurılıs materialları kombinatı, Nókiste motor remontlaw, sút, may, pivo isleytuǵın zavodlar hám elektrostanciyalar iske qosıldı. Sonday-aq, 1950-jılları Xojeli, Qońırat may zavodları taǵı da keńeytildi, 1956-1958 jıllar Shabbaz (Beruniy) hám Taxtakópir paxta tazalaw zavodları jáne de Xojeli gósh kombinatı iske qosıldı. 1956-jılı Taqıyatas GRESiniń qurılısı baslanıp, 1961-jılı 10-sentyabrde onıń birinshi gezegi iske qosıldı.

1958-jılı respublikada 159 hár qıylı túrdegi kárxanalar bolıp, olarda 12700 adam jumıs isledi, onıń 585 i joqarı hám orta texnikalıq maǵlıwmatqa iye boldı. Bul jılları sanaat kárxanalarında islewshilerden 3000 adam óndiris aldıńǵıları bolıp miynet etti.

1950-jılları Qaraqalpaqstanda qurılıs kólemi ádewir ósti. 1956-jılı 19 mıń kv. metr turaq jaylar paydalanıwǵa berildi, ol 1958-jılı 30 mıń kvadrat metrge kóbeydi. 1958-jılı turaq jaylarda hám óndiris obektlerinde tábiyiy gazden paydalanıla basladı. Usı jılı respublikalıq «Qaraqalpaqresgaz» tresti dúzildi. Bul jılları respublikada jańa qalalar, rayon orayları hám poselkalar payda boldı. Olar Taqıyatas qalası jańa rayon orayları — Tórtkúl qalası, Shomanay, Keńes hám t.b. posyolkalar edi.

**Transport hám baylanıs.** Bul dáwirde avtomobil transportı, dárya hám teńiz flotı jumısları ádewir jaqsılandı. Dáryalıq hám teńiz transportı respublikada massalıq hám úzliksiz júk tasıwda tiykarǵı transport boldı. Aviaciya avtonomiyalı respublikanıń orayı Nókisti Moskva hám barlıq respublikalar menen baylanıstırdı.Sonday-aq, urıstan sońǵı jılları transport tarawındaǵı bir qatar tabıslar respublikanıń rawajlanıwına aytarlıqtay tásir ete almadı. Avtonomiyalı respublikadan shiyki zatlardı alıp ketiw hám kerekli mashina, úskeneler hám basqa da texnikalardı alıp keliw jumıslarında úlken qıyınshılıqlar hám tosqınlıqlar bar edi.

Sonlıqtan da 1947-jılı Charjow — Qońırat temir jolın salıw haqqında Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan húkimeti tiyisli ilajlar kórdi. Bul temir jol qurılısındaǵı qaraqalpaqstanlılardıń uchastkası Darǵanata menen Úrgenish aralıǵındaǵı 75,2 shaqırım jol qurılısı edi. 1952-jılı Charjow-Xojeli temir jol qurılısı tamamlaǵannan soń temir jol qurılısı Xojeli-Qońırat aralıǵında dawam etti. Onıń uzınlıǵı 87,3 shaqırım bolıp, ol Charjow-Qońırat temir jolınıń aqırǵı uchastkası edi. Bunda 1952—1953-jılları temir jol polotnasına topıraq úyiw jumısları alıp barıldı. 1953-jıldan baslap Xojeliden Qońıratqa qaray birinshi temir jol relsleri salına basladı. 1955-jılı 24-iyulde Qońıratqa birinshi poezd keldi. Solay etip, Xojeli-Qońırat temir jolı 1956-jılı oktyabrde tolıq paydalanıwǵa berildi.

Charjow — Qońırat temir jol magistralı Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Respublikası hám Xojeli wálayatınıń ekonomikasınıń rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye boldı. Úlkeniń kelbeti ózgerdi. Jańa stanciyalar, posyolkalar hám qalalar payda bola basladı. Qońırat, Xojeli hám Taqıyatas sanaatlı qalalarǵa aynaldı. Temir jol menen Oray ushın shiyki zatlar tasıw tezletildi hám úlkege awıl xojalıq mashinaları, mineral tóginler, sanaat hám azıq-awqat ónimleri kóplep alıp keline basladı.

Charjow — Xojeli — Qońırat temir jol liniyasınıń tapsırılıwı Qaraqalpaqstanda avtomobil jolınıń jaqsılanıwına tiykar boldı. 50-jılları uzınlıǵı 164 km bolǵan Xojeli — Pristan — Nókis — Xalqabad — Shımbay — Keńes —Qaraózek iri magistralı, al Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı Xojeli — Shomanay jolı asfaltlanıp bolındı. Qaraqalpaqstan paytaxtı Nókis qalası usı eki avtomagistral menen baylanıstı.

Temir jol menen salıstırǵanda júk tasıw qımbat bolıwına qaramastan dáryalıq hám teńiz

transportı da áhmiyetin joyıtqan joq. Rayon aralıq júk tasıwda Shımbay suwǵarıw tarmaǵına tiyisli irrigaciyalıq Qızketken, Kegeyli hám Quwanıshjarma kanallarınıń ádewir áhmiyeti boldı.

1950-jılǵa shekem-aq Nókis, Tashkent, Moskva arasında telefon baylanısı ornatılǵan edi. Bunnan sońǵı jılları basqa da qalalar menen telefon baylanısı dúzildi. Qalalar hám awıllar radiolastırıla basladı. 50-jıllardıń aqırına radiouzel hám radiotochkalardıń sanı 1940-jılǵa salıstırǵanda 4 esege kóbeydi. Nókiste 200 nomerlik avtomatlastırılǵan telefon stanciyası iske qosıldı.

Solay etip 1940—1960-jıllar aralıǵında Qaraqalpaqstannıń ekonomikası bir qansha rawajlandı. Biraq, usı jılları bul tarawda túpkilikli ózgerisler bolmadı. Avtonomiyalı respublika tek agrar-shiyki zat baǵdarı boyınsha rawajlandı.

### Sorawlar hám tapsırmalar

1. Urıstan sońǵı jıllardaǵı jámiyetlik-siyasiy dúzim hám onda monopartiya ústemligi qanday boldı?
2. Qaraqalpaqstanda gúnasız jazalawlar qalayınsha dawam etti hám onıń 1930-jıllardaǵı repressiyadan ózgesheligi nede?
3. Urıstan soń paraxat turmısqa ótiwdiń mashqalaları nelerden ibarat boldı?
4. Urıstan sońǵı jıllardaǵı sanaat, transport hám baylanıs tarawlarında qanday ózgerisler boldı?
5. Charjow — Xojeli — Qońırat temir jolı qurılısı haqqında aytıń.
6. Qaraqalpaqstanda ekonomikanıń bir tárepleme rawajlanıwın qalay túsinesiz?

## §11. Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵınıń urıstan sońǵı jaǵdayı

**Awıl xojalıǵındaǵı urıstan sońǵı mashqalalar. Agrar siyasatı.** Urıs Qaraqalpaqstanda ekonomikanıń barlıq tarawına, ásirese awıl xojalıǵına unamsız tásir etti. Awıl xojalıq eginleriniń maydanı hám olardıń ónimdarlıǵı júdá tómen edi. Sebebi, urıs jılları jumısshı kúshiniń jetispewi hám texnikanıń jetispewshiliginiń nátiyjesinde jerlerdiń meliorativlik awhalı hám irrigaciyalıq jaǵdayı oǵada tómenlep ketti. Qaraqalpaqstanda barlıǵı bolıp 4 ǵana zemnasos bolıp, olar kanallar saǵasın uyıqtan tazalaw jumıslarınıń 3%in de isley almadı. Sonlıqtan bul jumıslar da tolıǵı menen derlik kolxozshı-diyqanlardıń qol kúshi menen orınlandı.

Bul dáwirde agrar siyasatında kolxozlardı iriletiw ilájları ámelge asırıldı. Nátiyjede 1946-jılı Qaraqalpaqstanda 425 kolxozdıń 154,8 mıń gektar egislik jeri bolǵan bolsa, 1950-jılı 9-iyuldegi Oraydıń qararına muwapıq kolxozlardı biriktiriw nátiyjesinde Qaraqalpaqstanda 200 kolxoz payda boldı. Degen menen bul jılları kolxozlardı iriletiw isiniń ámeliy ilájları bir talay qıyınshılıqlarǵa alıp keldi. Diyqanlar psixologiyalıq jaqtan úyrengen kishi awıllardan iri kolxoz posyolkalarına kóshiwge tayar emes edi. Bul ilájlardıń unamsızlıǵı jumıslardıń tıǵız hám tez waqıt ishinde alıp barılıwın da qıyınlastırdı.

Qaraqalpaqstanda awıl xojalıǵınıń awhalı ele tómen boldı, ásirese, arqa zonadaǵı kolxozlardıń jaǵdayı júdá tómenlep, mámleketten qarızları kóbeyip ketti. Usınday jaǵdayda Oray kórsetpesine muwapıq Qaraqalpaqstannıń arqa rayonlarındaǵı 13 MTS hám 119 kolxoz bazasında 20 jańa sovxoz dúzildi. Bul ilaj kolxozlastırıw siyasatınıń sátsizligin kórsetti. Biraq, Oray kolxoz siyasatın dawam etti. 1958-jılı Oray MTSlardı saplastırdı, onıń texnikaları kolxozlarǵa satıp berildi. Lekin, bul ilajlar kolxozshılardıń MTS texnikaların birden satıp alarlıqtay múmkinshiligi joq edi.

Usı waqıtta diyqanlarǵa qarsı qaratılǵan qararlar qabıl etildi. Máselen, urıs dáwirinde kolxozlardıń jerlerine jeke hám jámáát bolıp diyqanshılıq etiwge ruqsat etilip, ol xalıqtı azıq-awqat penen támiyinlewde áhmiyetli orın tutqan edi. Biraq, Oray bul ilaj awıl-xojalıq arteli ustavınıń buzılıwına hám kolxoz jerleriniń talan-taraj etiliwine alıp keldi, — dep esapladı. Solay etip, 1946-jılı Oray «Kolxozlarda awıl xojalıǵı arteliniń ustavın buzıwlardı saplastırıw ilajları haqqında» qarar qabıl etti. Bul qararǵa muwapıq urıs jılları diyqanlar paydalanǵan jerler kolxozlarǵa qaytadan alındı, jáne de diyqanlardıń malları da kolxozǵa kúsh-kólik hám gósh tapsırıw jobası ushın alına basladı. Ekinshi jer juzilik urıs jıllarında qosımsha xojalıqlarǵa, jeke hám jámáátlik baǵshılıq isin rawajlandırıw ushın waqıtsha berilgen 2622 gektar jerler diyqanlardan alıp qoyıldı. Kolxozlarǵa 1083 bas iri qara mal, 4146 bas mayda mal, 180 bas jılqı xalıqtan qayta tartıp alındı.

1947-jılı aqsha reformasınıń ótkeriliwine hám azıq-awqat, jáne de sanaat tovarlarına kartochka sistemasınıń biykar etiliwine qaramastan respublikada qımbatshılıq dawam etti, elde aqsha inflyaciyası qaytadan kúsheye basladı. Bul jaǵday 1961-jılı qaytadan aqsha almasıwına alıp keldi. Eldegi azıq-awqat zatları hám sanaat tovarlarınıń qımbatshılıǵına baylanıslı kolxozlardıń azıq-awqat eginlerin egiw keypi kúshli boldı.

**Paxta monokulturası siyasatı.** 1946-jılı 2-fevralda Oray «1946—1953-jılları Ózbekstanda paxtashılıqtı qayta tiklew hám onı bunnan bılay da kóteriw jobası hám ilajları haqqında» qarar qabıl etti. Solay etip, respublikada Oray kórsetpesine muwapıq paxtashılıqqa tiykarlanǵan awıl xojalıǵın rawajlandırıw iske astı. Paxtashılıqtı rawajlandırıw maqsetinde paxtashılıq kolxozlarınıń mámlekettegi qarızları biykar etildi, jáne de olar mámleketlik ǵálle tayarlaw jobasınan azat boldı. Biraq, haqıyqatında bul qarar Respublikanıń ózine tán mápleri menen ózgesheliklerin esapqa almastan, joqarıdan paxta monokulturasın rawajlandırıwǵa qaratılǵan totalitar siyasattıń anıq kórinisi boldı. Bul ilajlar awıl xojalıǵına unamsız tásir etti hám xojalıqlardıń tutas rawajlanıwı buzıldı, awıl xojalıǵı da bir tárepleme rawajlana basladı.

Paxtashılıqtı rawajlandırıw ushın jańa suwǵarıw tarawları payda boldı. Awıl xojalıǵı ushın zemlesoslar, ekskovatorlar, buldozerler alıp kelindi. Bul Qaraqalpaqstanda mashina-ekskovator stanciyasınıń dúziliwine alıp keldi. 1948—1950-jılları 604 traktor, 144 avtomashina, 73 paxta teriw hám basqa da kóplegen awıl xojalıq texnikaları keldi. Suwǵarıw tarmaqların jaqsılaw, jańadan jer ózlestiriw, mayda kolxozlardı irilendiriw ilajlarınıń barlıǵı paxtashılıq ushın boldı. Nátiyjede paxtanıń egislik jer maydanı 1945-jılǵı 57,500 gektardan 1950-jılı 75 mıń gektarǵa kóbeytildi, al ulıwma jetilistirilgen paxta 39,5 mıńnan 129,49 mıń tonnaǵa kóbeydi. Biraq, usı ilajlarǵa qaramastan paxtashılıq boyınsha geypara tabıslar bolǵanı menen, besjıllıq jobalar orınlanbadı.

1954-jılı fevral ayında Oray «1954—1958-jıllarda Ózbekstanda paxtashılıqtı bunnan bılay da rawajlandırıw haqqında» qarar qabıl etti. Usı qararǵa muwapıq Qaraqalpaqstanda 1954-jılı paxtanıń egislik maydanı 89 mıń gektarǵa kóbeytildi. Traktor parki 1940-jılǵa qaraǵanda 4,4 ese ósti. Ózbekstan húkimeti tárepinen Qaraqalpaqstanǵa 18 injener hám agronomlar jiberildi. Awılda turaqlı jumıs islewge agronom, zootexnik jáne mexanizatorlar keldi. Bulardan tısqarı respublikalıq hám rayonlıq belsendilerden 225 adam kolxoz hám MTSlardaǵı basshı jumıslarǵa jiberildi. 1954-jılı Qaraqalpaqstanda eń birinshi paxtashılıq sovxozı Xojeli rayonınan «Ámiwdárya» sovxozı shólkemlestirildi. Paxta mapazına qala hám rayon orayındaǵı xalıq mobilizaciyalandı. 1954-jılı paxtakeshler ushın qolaylı keldi hám paxta jobasın orınladı, hár bir gektardan 17,9 centner zúráát alındı.

Biraq, 1955—1956-jılları paxtashılıq boyınsha jobalar orınlanbadı. Paxtanıń zúráátliligi, ásirese, Tórtkúl, Shabbaz (Beruniy) hám Qıpshaq (Ámiwdárya) rayonlarında júdá tómenlegen edi. Paxta jetistiriwdiń tómenlewiniń sebepleri suwıqtıń erte baslanıwı, ásirese, texnikanıń tómen bolıwınan edi. Jerlerdi melioraciyalaw iske aspadı, awıl xojalıǵındaǵı baslı jumıslardıń barlıǵı ele qol miyneti menen islenetuǵın edi.

Bul jılları Qaraqalpaqstanda paxta ushın tıń hám partaw jerlerdi ózlestiriw baslandı. Tek Tórtkúl rayonınıń ózinde 1954—1960-jılları Qırıqqız massivinde 3177 gektar jer ózlestirildi. Al, Shomanay massivindegi jerlerdi ózlestiriw esabınan 1950-jılı Shomanay paxtashılıq rayonı payda boldı. Kóplegen rayonlarda suwǵarıw tarawları keńeytilip jańa kanallar qazıldı, eskileri qayta qurıldı. Bul egislik jerlerdiń, ásirese paxtanıń egislik maydanınıń kóbeyiwine alıp keldi. Paxta ushın egislik jerlerdi keńeytiw hám jerler ashıw ushın, 1957-jıldan baslap Qaraqalpaqstanda birinshi ret Tórtkúl, Beruniy, Ámiwdárya hám Xojeli rayonlarında kolxozlar aralıq qurılıs shólkemleri dúzildi.

Solay etip, urıstan keyingi on jıllıqta Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵınıń rawajlanıwında qarama-qarsılıqlar sezile basladı. Jobalastıratuǵın oray, óziniń sózsiz húkimdarlıǵın bekkemlep, Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı bir tárepleme rawajlanıwın belgiledi hám azıq-awqat eginlerin shekletip, paxtashılıq egis maydanlarınıń muǵdarın kóbeytip jiberdi.

**Awıl xojalıǵı ónimleriniń awhalı.** Bul dáwirde Awqamlıq Oray ushın awıl xojalıǵında paxtadan keyingi shiyki zat sharwashılıq hám pilleshilik ónimleri bolıp esaplandı. 1948-jılı Shımbay rayonında tuqım mallar sovxozı shólkemlestirilip, ol hasıl tuqımlı qaramallardıń bas sanın kóbeytip, respublika kolxozlarına taratıwı tiyis boldı. Pilleshilik tarawında da nátiyjelerge erisildi. 1950-jılǵa kelip pille ónimin jıynap alıw 1945 jılǵa salıstırǵanda 150,7%ke ósti.

1950-jılları ondatra xojalıǵı rawajlana basladı. 1956-jılı ol burınǵı SSSR quramında ondatra terisiniń sanı hám sapası boyınsha birinshi orındı iyeledi. 1957-jıldan baslap Qaraqalpaqstannıń Moynaq rayonında bahalı terisi bar haywanlardı baǵıp ósiretuǵın fermalar shólkemlestirildi. 1958—1960-jıllarda olar mámleketke bahalı ań terilerin tapsırıwdan 900 mıń manattan aslam payda alıwǵa eristi.

50-jıllardıń ortasında Oray «mákke — eń zúráátli dán ósimligi, onı elimizdiń barlıq rayonlarında keńnen taratıw» zárúrligin kórsetti. Bul ósimlik respublikamızdıń Qaraózek, Xojeli, Qońırat, Shımbay, Qıpshaq hám Moynaq rayonlarında egile basladı. Usı jılları jońıshqa egisligin kóbeytiwge de jeterli dárejede dıqqat awdarıldı. Jońıshqa egislik maydanı 1953-jılı 37400 gektar bolsa, 1958-jılı-57720 gektardı quradı. Bul óz gezeginde mal sharwashılıǵınıń jańa ot-shóp bazasın

bekkemlewge alıp keldi.

Biraq, sovet húkimeti tek ǵana mámleketlik mal sharwashılıǵına áhmiyet berdi, sonday-aq diyqanlardıń jeke menshigi hár tárepleme sheklengen edi. Kolxozshı diyqanlardıń jeke menshigi 1956-jılǵa kelip 15 sotıx jerge shekem qısqartıldı, al malları 1 sıyır hám 4-5 qoy-eshkiden artpadı. Eger diyqannıń jeri hám malı usı normadan kóp bolsa, qatań quwdalandı. Socializm teoretikleri menen Oraydıń oylap shıǵarǵan qaǵıydası boyınsha jeke menshiklik socializmniń rawajlanıwına tosqınlıq etedimish. Usınday siyasat nátiyjesinde jersiz hám malsız, jáne de malı az diyqanlar awılda kóp boldı. Biraq, usıǵan qaramastan kolxozshılar hám jumısshılar minnetli túrde mal sharwashılıq ónimlerin (may, jún, máyek hám t.b.) joba etip tapsıratuǵın edi, hátteki, kolxozshı diyqanlar minnetli mal tapsırıw jobasın orınlawı da tiyis edi. Usınday jollar menen de mámleketlik mallardıń bas sanı ádewir kóbeytilgen edi. Biraq, 50-jıllardıń ortalarınan baslap respublika mal sharwashılıǵında úlken qáteliklerge jol qoyılıwı sebebinen mallardıń bas sanı azayıp ketti.

**Sorawlar hám tapsırmalar**

1. Awıl xojalıǵındaǵı urıstan sońǵı mashqalalar hám sovet húkimetiniń agrar siyasatı haqqında aytıń.
2. Urıstan sońǵı jıllardaǵı Oraydıń paxta monokulturası siyasatın aytıp beriń.
3. Paxta ushın jańa jerler ózlestiriw qalay alıp barıldı?
4. Qaraqalpaqstanda awıl xojalıǵı ónimleri qalay rawajlandı?

# V BAP. QARAQALPAQSTANNÍŃ JÁMIYETLIK-SIYASIY HÁM SOCIAL-EKONOMIKALÍQ JAǴDAYÍ (1945—1991-JJ.)

## §12. 1960—1985-jıllardaǵı jámiyetlik-siyasiy hám social-ekonomikalıq jaǵday

**Jámiyetlik-siyasiy awhalı.** 1960-jılları eldiń jámiyetlik-siyasiy turmısında partiya ústemligi hám onıń unamsız háreketleri kúsheydi. Ásirese, 1961-jılǵı XXII siezdde qabıl etilgen partiya baǵdarlaması — «kommunizm baǵdarlaması» — dep atalıp, onda 1980-jılları SSSR da kommunizm jeń isi boladı, dep Oray qátelesti. Bul boljaw hám basqa da kommunistlik teoriya menen ideyalar jámiyet rawajlanıwın durıs bahalamaǵan úlken qátelik edi. Onıń ústine, bul jılları ótkerilgen partiya siezdleri, plenumları hám konferenciyalarında bul ideya menen teoriyalar hár tárepleme maqullandı.

Bul tek Qaraqalpaqstanda ǵana emes, al pútkil burınǵı Awqamdaǵı jámiyetlik-siyasiy turmısqa unamsız tásir etti. Solay etip, sovet elindegi barlıq xalıq xojalıq, siyasiy tárbiya, sovet organlarınıń jumıslarına monopartiya óziniń hákimiyatın kúsheytti. Ásirese, ideologiyalıq jumıs birinshi orında turdı. Bul tek jámiyetlik-siyasiy turmıs emes, al elimizdiń xalıq xojalıǵı menen ruwxıy mádeniyatınıń rawajlanıwında unamsız izlerin qaldırdı.

Soǵan qaramastan bul jıllardaǵı Ózbekstan Respublikasınıń basshıları Oraydıń qatań qısqısı jaǵdayında eldiń rawajlanıwı ushın úlken shólkemlestiriwshilik hám basshılıq jumısların iske asırdı. Avtonomiyalı respublikada xojalıq hám mádeniy tarawlardaǵı elewli ózgerisler Ózbekstan basshısı Sh.Rashidovtıń atı menen baylanıslı boldı. Sonıń menen birge 1959-1963-jılları Qaraqalpaqstan Ministrler Keńesiniń baslıǵı, keyin ala 1963-1984-jılları ÓzKP Qaraqalpaqstan obkomınıń birinshi sekretarı lawazımlarında islegen K.Kamalovtıń bul jetiskenliklerde aytarlıqtay úlesi bar edi.

**1960-jıllardaǵı ekonomikalıq jaǵday.** Qaraqalpaqstan ekonomikası 1960-jılları da bir tárepleme rawajlanıwın dawam etti. Awqamda ústemlik etken totalitar basqarıw tárepinen Oray mápi ushın belgilenip berilgen ekonomikalıq siyasat májbúriy orınlanıwdı talap etti. Oray dáslep jeti jıllıq, soń qaytadan jáne bes jıllıq jobalar tastıyıqladı hám iri qarjı jumsaw belgilendi. Olar tiykarında Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanda da jobalar qabıl etilip, onda Awqamlıq Oray ushın burınǵısha shiyki zat tayarlaw baslı minnetli wazıypa bolıp qala berdi. Bul wazıypalardı orınlaw ushın Oray «socialistlik jarıs», «kommunistlik miynet háreketleri», «kommunistlik miynet ılǵallıları» dep atalǵan súren payda etip, olardı minnetli túrde xalıq xojalıǵında shólkemlestirdi. 1965-jılǵa kelip bunday háreketke qatnasqanlardıń sanı Qaraqalpaqstanda 18 mıń adamǵa jetti. Bulardıń ishinen miynette ózlerin ayrıqsha kórsetken jámáatti hám adamlardı «kommunistlik miynet brigadası hám ılǵallıları» dep atadı.

Qaraqalpaqstan sanaatınıń rawajlanıwı paxtas-

hılıqtıń rawajlanıwı menen tıǵız baylanıslı bolıp, 60-jılları Oray ushın shiyki zat tayarlawdı támiyinleytuǵın sanaatı rawajlandı. Paxta tazalaw sanaatı Qaraqalpaqstanda burınǵısınsha jetekshi taraw boldı. Eger 1961-jılı paxta ónimin jetistiriw 75,3 mıń tonna paxta talshıǵın quraǵan bolsa, ol 1970-jılı 98,5 mıń tonnaǵa jetti.

Azıq-awqat sanaatında 1960-jıl Moynaq balıq konserva kombinatı eń kóp ónim bergen jıl boldı: ol 20,1 million shártli qutı balıq óndirip shıǵardı. Biraq, Aral teńizinde balıq awlaw tómenlep ketiwine baylanıslı bul kórsetkish kemeyip barıp, 1960—1970-jılları ulıwma sanaattıń barlıq óniminde balıqshılıq sanaatınıń úlesi 11,8%ten 5%ke shekem kemeydi. Bul sońǵı jılları da dawam etti. Sonlıqtan balıq óndiriwdi qayta tiklew ushın barlıq kóller hám suw saqlaǵıshlardan paydalanıw boyınsha ilajlar qabıl etildi. Biraq, olar tiyisli nátiyje bermedi. Araldıń suwı azayıwın dawam etti, onı kóbeytiw ushın tiyisli ámeliy ilajlar iske asırılmadı.

1960-jılları Sultan Wáyis tas maydalaw hám bóliw zavodı, Xalqabad paxta tazalaw zavodı, Xojeli sút-may zavodı, Nókistegi konserva kombinatı, aerovokzal, televidenie orayı hám t.b. qurılıslar paydalanıwǵa berildi.

1965-jılı Taqıyatas GRESi tolıq joybardaǵı quwatqa iye boldı hám Taqıyatas — Nawayı GRESiniń tarmaqları tutastırılıp, Taqıyatas GRESi Ózbekstan energetika tarmaqlarına qosıldı. Qaraqalpaqstannıń Orta Aziya energetika tarmaǵına qosılıwı qalalardı, elatlı punktlerdi, sanaat hám mádeniyat orınların elektr quwatı menen támiyinlewge múmkinshilik berdi. Egerde 1960-jılı avtonomiyalı respublikada 71,6 million kw/h. elektroenergiya óndirilgen bolsa, 1970-jılı ol 768 million kw/h. qa jetkerildi.

Buxara — Ural gaz magistralı qurılıp, ol Qaraqalpaqstan aymaǵınan ótti hám respublikamız tábiyiy gaz benen támiyinlew basladı. 1963-jılı dekabrde Taqıyatas GRESi tábiyiy gazge ótti, usınıń nátiyjesinde stanciyanıń jetistiretuǵın elektr quwatı kóbeydi. Respublikanıń sanaat kárxanaları hám elatlı punktleri kem-kemnen tábiyiy gazden paydalana basladı.

Qaraqalpaqstanda jol qurılısına úlken áhmiyet berildi. Ámiwdáryanıń eki jaǵasın boylap, Gazli — Úrgenish — Taqıyatas — Qońırat — Moynaq (uzınlıǵı 450 km) hám Dúldúl — Tórtkúl, Beruniy — Nókis — Qazaqdárya (330 km) avtotransport jol qurılısı baslandı.

1960-jılları Qaraqalpaqstannıń awıl xojalıǵında paxtashılıq oraylıq orında turdı. Paxtashılıqtı rawajlandırıw maqsetinde awıl xojalıǵı mexanizaciyalastırıla basladı. Diyqanlarınıń pidákerlik miynetiniń nátiyjesinide 1959—1965-jılları mámleketke ortasha 222,7 mıń tonna paxta tapsırıldı, al 1966—1970-jılları ol 281 mıń tonnaǵa kóbeydi.

1960-jılları awıl-xojalıǵınıń jańa tarawı bolǵan qánigelestirilgen salıgershilik sovxozlar dúzile basladı. Salınıń egislik maydanı birden kóbeydi. Ol eger 1961-jılı 1,9 mıń gektar ǵana bolsa, 1970-jılı 20,9 mıń gektarǵa kóbeydi. Salıgershilik awıl xojalıǵında paxtashılıqtan keyingi iri xojalıq tarawı boldı. Salınıń ulıwma ónimi 1961-jılı 3,5 mıń tonna bolsa, 1970-jılı 59,1 mıń tonnaǵa kóbeydi. Biraq, awıl xojalıq ónimlerin jetistiriwdiń kóbeyiwine qaramastan, awıl diyqanlarınıń turmıs jaǵdayı tómen edi, sebebi ónimler júdá arzan bahada mámleketke tapsırılatuǵın edi.

1960-jılları mal sharwashılıǵında ózgerisler boldı. Bul tarawda qánigelestirilgen xojalıqlar payda boldı. Gósh, sút hám ovosh boyınsha «Nókis» sovxozı, qarakólshilik boyınsha K.Marks atındaǵı, «Qaraqalpaqstannıń 40 jıllıǵı» hám basqa da mal sharwashılıq penen shuǵıllanıwshı sovxozlar hám kolxoz aralıq xojalıqlar shólkemlestirile basladı. Nátiyjede iri qara mal sharwashılıǵı ósti. Biraq, eshkiler, jılqılar hám túyelerdiń bas sanı ádewir azayıp ketken edi. Sebebi, mal sharwashılıǵınıń bul tarawlarına áhmiyet bermedi. Bul mal sharwashılıǵında unamsız jaǵdaylardı payda etti.

**Qaraqalpaqstan 1970—1985-jıllarda.** 1985-jılı Orayda hákimiyat basına kelgen basshılar 1970—1980-jılları tubalawshılıq dáwiri dep atadı. Biraq, haqıyqatında, bul jılları geypara qátelik hám kemshiliklerge qaramastan xalqımızdıń qaharmanlıq miyneti nátiyjesinde Qaraqalpaqstan ádewir rawajlandı. Bul jılları Qaraqalpaqstan xalıq xojalıǵınıń rawajlanıwı ushın iri qarjı jumsaw nátiyjesinde Qaraqalpaqstanda 30 dan aslam sanaat kárxanaları menen cexları iske qosıldı. Olar Nókis broyler fabrikası, Shımbay gúrish zavodı, Xojeli toqımashılıq hám Beruniy jip iyiriw fabrikaları, jay qurılısı kombinatları, keramzit, temir-beton buyımları, gerbish zavodları, temir jol qurılısı hám basqa da bir qansha obyektler edi.

70-jılları avtonomiyalı respublikada transporttıń rawajlanıwında da úlken ózgerisler boldı. Temir jol transportınıń rawajlanıw páti tezletildi. Qaraqalpaqstan hám pútkil Xorezm oazisiniń xalıq xojalıǵın rawajlandırıw zárúrligine baylanıslı 1967-jılı Qońırat-Beynew temir jolınıń qurılısı baslandı, ol 1973-jıldıń aqırında paydalanıwǵa berildi. Bul jol Orta Aziyadan Orayǵa baratuǵın ekinshi jol bolıp, bul áhmiyetli temir jol qurılısınıń pitiwi nátiyjesinde poezdlardıń júk tasıw jolı 1 mıń km. ge, al Qaraqalpaqstan ushın 1,70 mıń km. ge qısqardı.

Bul jılları avtonomiyalı respublikanıń óziniń ishinde de temir jol qurılısı keńeydi. 70-jıllardıń ortalarında Taqıyatas — Nókis temir jol tarawı turaqlı paydalanıwǵa berildi, sonday-aq, sońınan Shımbay qalasına shekem temir jol salındı. Bul jumıslar Qaraqalpaqstannıń xalıq xojalıǵınıń rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye boldı.

Avtomobil jolları qurılısınıń kólemi keńeydi. Qattı tóselmesi bar avtomobil jollarınıń uzınlıǵı 1970-jılı 1098 km bolsa, 1980-jılı 1834 km ge jetti.

1970—1985-jılları Oraydıń paxtashılıq hám salıgershilikti rawajlandırıw talabı barǵan sayın kúsheydi. Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtıń rawajlanıwı burıńǵı SSSRdıń paxta ǵárezsizligine jetiw haqqındaǵı mámleketlik siyasatı menen tıǵız baylanıslı bolıp, 20 jıl (1964—1984-j.j.) ishinde respublikamızda 7 million 144 mıń tonna paxta óndirilip, oraydıń toqımashılıq fabrikalarına 2 million 219 mıń tonna paxta talshıǵı tapsırıldı.

Bul jılları jańa jerler ózlestiriw nátiyjesinde Ámiwdáryanıń tómengi aǵısında úlken salıgershilik rayonları payda boldı. 1980-jılı respublikamızda 17 salıgershilik sovxozlar bolıp, olar zamanagóy awıl xojalıq texnikası menen támiyinlengen edi. Eger 1970-jılı 59,1 mıń tonna salı jetistirilgen bolsa, 1983-jılı 332,3 mıń tonna salı ónimi tayarlandı.

Qaraqalpaqstanda paxtashılıq hám salıgershilik penen birge, mal sharwashılıǵın rawajlandırıwǵa da dıqqat awdarıldı. 1970-jılları Moynaq hám Bozataw rayonları tiykarında iri qaramallar ósiriwge qánigelesti, al Qızılqumda qoy ósiriw xojalıqları shóklemlestirildi. Jáne de, segiz sharwashılıq kompleksi paydalanıwǵa berildi. Avtonomiyalı respublikada mexanizatorlardıń sanı arttı.

Bul jılları Qaraqalpaqstannıń ekonomikalıq rawajlanıwında tabıslar menen bir qatarda bir qansha mashqalalar hám unamsız qubılıslar orın aldı. Xalıq xojalıǵınıń barlıq tarawlarında hám jámiyetlik-siyasiy turmısta birden-bir partiyalıq ústemlik dawam etiw nátiyjesinde elde totalitar dúzim burıńǵıdan da beter kúsheydi. Xalıq xojalıǵında ulıwmalıq mámleketlik múlk hám buyrıqpazlıq-administrativlik sistemanıń en jayıwı aqıbetinde bul elimizdiń rawajlanıwına óziniń keri tásirin tiygizdi. Qaraqalpaqstanda ekonomikanı rawajlandırıwdıń sheshiwshi baǵdarında kemshilikler orın aldı, yaǵnıy miynet ónimdarlıǵınıń hám miynet sapasınıń tómenlewi, ónim jetkeriw boyınsha jobalar menen minnetlemelerdiń orınlanbawı, sonıń menen birge ekonomikanıń tiykarınan ekstensivlik usılda rawajlanıwı boldı.

Qaraqalpaqstan xalıq xojalıǵı tiykarınan paxtashılıq penen tıǵız baylanıslı boldı hám onı rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan edi. Qaraqalpaqstan sanaatınıń paxta tazalaw kárxanaları tek paxtanı dáslepki qayta islewden ótkerdi, al onıń eń bahalı hám áhmiyetli bólegi paxta mamıǵına Oray iyelik etti. Sovet hákimiyatı dáwirinde Qaraqalpaqstanda paxtadan tayar ónim isleytuǵın bir de toqımashılıq kombinatı salınbadı. Avtonomiyalı respublikanıń rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye bolǵan temir jol qurılısı da Oray mápleri ushın qurılǵan edi.

Joqarıda kórsetilgen Qaraqalpaqstanda paxtashılıq hám salıgershilikti rawajlandırıw haqqındaǵı Oraydıń qatań kórsetpelerine muwapıq májbúriy túrde Ámiwdárya hám Sırdárya suwların paydalanıwda jer-suw resursların esapqa almaw, jerlerdi barınsha bastırıp suwǵarıw, xalıqtıń densawlıǵına zıyanlı ximikatlardı paxta atızlarda hádden tıs paydalanıw dástúrge aylanıp ketti.

Bul jaǵday Aral teńizi suwınıń azayıp, ekologiyanıń buzılıwına alıp kelgen sebeplerdiń biri boldı. Ámiwdáryadan aqqan suwdıń basım kópshiligi duzlanǵan pesticid, gerbicidler menen ziyanlanǵan, kollektorlardan shıqqan suwlardan ibarat boladı. Bul jaǵday egis jerlerdi isten shıǵardı, adamlarda túrli kesellikler payda etti.

Solay etip, sovetler elinde bir partiya ústemlik etken totalitar dúzimniń unamsız aqıbetleri xalıq xojalıǵı menen jámiyetlik-siyasiy turmıstıń barlıq tarawlarında en jaydı. Aral mashqalasına oraylıq húkimettiń bası awırmadı. Bul jaǵday XX ásirdin 80-jıllardıń aqırında Qaraqalpaqstannıń ekonomikasınıń, sonıń ishinde, ásirese awıl xojalıǵınıń rawajlanıwın tubalawshılıqqa alıp keldi.

**Sorawlar hám tapsırmalar**

1. Qaraqalpaqstannıń jámiyetlik-siyasiy jaǵdayında qanday ózgerisler boldı?
2. Qaraqalpaqstanda ekonomikanıń bir tárepleme rawajlanıwınıń ózgesheligi qanday boldı?
3. Sanaat, transport tarawlarındaǵı jetiskenlikleri hám mashqalalar haqqında aytıń.
4. Awıl xojalıǵındaǵı ózgerisler hám olardıń nátiyjeleri haqqında aytıń.
5. Jańa jerlerdi ózlestiriw hám mexanizaciyalastırıwdıń tiykarǵı maqseti neden ibarat?
6. Totalitar dúzimniń kúsheyiwi hám onıń unamsız aqıbetleri tuwralı aytıń beriń.
7. Ekologiyalıq apatshılıqtıń baslanıw sebeplerin tusindirip beriń.

## §13. 1985—1991-jıllarda qayta qurıw siyasatınıń

**nátiyjeleri hám ǵárezsizlik ushın gúrestiń kúsheyiwi**

**«Qayta qurıw» siyasatınıń nátiyjeleri.** XX ásir 80-jıllardıń ortalarına kelip eldegi totalitar dúzimniń unamsız aqıbetleri keskinlesip ketti. Jámiyetlik-siyasiy hám ekonomikalıq turmısta sheshiwshi ózgerisler islew zárúrligi payda boldı. 1985-jılı Oray sovet jámiyetin qayta qurıw máselesin ortaǵa qoydı. Onıń tiykarǵı maqseti — elde demokratiyanı hám járiyalılıqtı rawajlandırıwdan, xalıqtı ózin-ózi basqarıw jolına úyretiwden, sheshiwshi ekonomikalıq reforma júrgiziwden, jámiyette ádep-ikramlılıqtı ornatıwdan, adamnıń erkin hám hár tárepleme rawajlanıwınıń tiykarı bolǵan dóretiwshilik múmkinshiliklerdi ashıwdan ibarat boldı. Biraq, bul waqıttaǵı Oraydaǵı basshılar ilimge tiykarlanǵan hám siyasiy jaqtan dálillengen haqıyqıy qayta qurıw baǵdarlamasına iye emes edi. Olar tek demokratiya hám járiyalılıq uranları astında qıyalıy hám qáte, jáne de zorlıq-zombılıq penen jumıs usılların kúsheytti.

Haqıyqatında, Oray bul dáwirde elde qaytadan gúnasız jazalawlar hám quwdalawlar júrgizdi. Onı Oray tárepinen respublikaǵa jiberilgenler hár tárepleme quwatladı. Hátteki, jergilikli xojalıq hám mádeniyat tarawındaǵı basshılardıń jumısları, kóbinese, lawazımnan bosatqan hám jazalanǵan adamlarınıń sanı menen bahalandı. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanǵa Oraydan arnalıp jiberilgen SSSR Bas prokuraturasınıń Gdlyan hám Ivanov toparı gúnasız jazalaw háreketlerin kúsheytip jiberdi. Olar respublikaǵa jiberilgenler menen birlikte neshe mıńlaǵan gúnasız adamlardı, hátteki, pútkil xalıqtı ayıpladı. 1985—1990-jılları Ózbekstan boyınsha jámi 40 000 adam tergew etilip, 5 000 adam bolsa jalǵan ayıplar menen jınayiy juwapkerlikke tartıldı. Bunı olar «paxta isi», soń ınan «ózbek isi» dep atap, xalıqtıń namısına tiydi. Bul pútkilley nadurıs hám xalıqqa jala jabıw edi. Qaraqalpaqstanda «paxta isi» boyınsha 80-jılları tiykarsız ayıplanıp 90 nan aslam respublika hám rayon, kolxoz basshıları qamaqqa alındı. Ózbekstan Respublikası óz ǵárezsizligin alǵannan keyin, hámme gúnasız jazalanǵanlar aqlandı.

Solay bolsa da, avtonomiyalı respublika xalıqlarınıń qaharmanlıq miyneti nátiyjesinde bul dáwirde ádewir jumıslar islendi. Sonday-aq, Qaraqalpaqstanda xalıq xojalıǵı óndirisiniń rawajlanıwı ushın iri qarjılar jumsalıp, onıń óndiris potencialı jańa quwatlıqlar menen anaǵurlım tolıqtırıldı. Bul jılları Taqıyatas GRESiniń besinshi gezegi, bir qatar jeńil sanaat hám qurılıs kárxanaları iske tústi. Sonı da aytıp ótiw kerek, oblastlıq partiya komitetiniń qattı kúsh salıwınıń nátiyjesinde 1986 hám 1988-jılları awız suw menen támiyinlew obyektleri, magistral suw ótkizgishleri hám Nókis — Sultan Wáyis temir jol qurılısları tez pát penen islene basladı. Avtomobil jollarınıń tarmaqları uzaydı. Awıl xojalıǵında da diyqanlardıń miyneti nátiyjesinde ózgerisler boldı. Ulıwma paxta tayarlaw boyınsha jobalar orınlanbasa da, paxta talshıǵın jetistiriw jobası jıl sayın orınlana basladı.

Qayta qurıw dáwirinde Qaraqalpaqstanda ekonomikanı intensiv usıl baǵdarında rawajlandırıw maqsetinde xalıq xojalıǵınıń hámme tarawlarında ilimiy-texnikalıq progresti hám óndiriste jańa ekonomikalıq qatnasıqlardı eńgiziwi boyınsha ilájlar islendi. Awıl xojalıǵında dara diyqan xojalıqları dúzile basladı. Fermer xojalıqlarında 3 mıń adam isledi. Soǵan qaramastan, bul dara diyqan xojalıqları ele durıslı jolǵa túspegen edi. Xalıq xojalıqlarınıń basqa tarawlarında da buyrıqpazlıq-administrativlik usılda basqarıwdıń dawam etiliwi nátiyjesinde jańa ekonomikalıq qatnasıqlardı eńgiziwi tiyisli nátiyje bermedi.

Qaraqalpaqstannıń ekonomikasında túpkilikli burılıs bolmadı hám qayta qurıw dáwirindegi bes jıllıq jobanıń tiykarǵı kórsetkishleri orınlanbadı. Máselen, bes jıllıq jobada názerde tutılǵan sanaat óndiris muǵdarı elektroenergiya, diywallıq materialları, qurama temir-beton, ósimlik hám mal mayı hám t.b. óndiriw boyınsha jobalar orınlanbadı. Bul óndiristi basqarıwdıń kóplegen jerlerinde juwapkershiliktiń hám tártiptiń tómenlewi, materiallıq-texnikalıq jaqtan támiyinleniwdiń qanaatlanarsız bolıwı nátiyjesinde bolıp, sanaat óndirisi rawajlanıwınıń teppe-teńlik jaǵdayın qıyınlastırıwǵa alıp keldi. Iri qurılısta sozılıp kiyatırǵan artta qalıwshılıq bul jıllarda da dawam etti. Tiykarǵı qorlardı iske qosıw jobasıńń orınlanbawı, sonday-aq qurılıs obyektleriniń bólsheklenip ketiwi nátiyjesinde pitkerilmegen qurılıstıń ósiwi dawam etti.

Awıl xojalıǵınıń jaǵdayı qayta qurıw jılları burınǵıdan da beter tómenledi. Bul jılları Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı bir tárepleme rawajlanıp, paxta monopoliyası ústemligi dawam etti. Xojalıqtıń basqa tarawları da áhmiyetli bolıwına qaramastan olarǵa itibar berilmedi. Tek oray ushın kerekli awıl xojalıq ónimlerin óndiriwge áhmiyet berildi. Oraydıń tapsırmasına muwapıq 1990-jılı mámleketke paxta tapsırıw 420 mıń tonna, salı 400 mıń tonna bolıwı kerek edi. Biraq, olar qaǵaz júzinde qaldı. Qayta qurıw jılları tek paxta emes, awıl xojalıǵınıń basqa tarawları da daǵdarısqa ushıradı. Bul jılları awıl xojalıǵınıń jaǵdayı jıldan-jılǵa tómenledi.

**Aral apatshılıǵına qarsı ilajlar hám onıń nátiyjeleri.** Ke-

ńes húkimeti Aral apatshılıǵın kópke shekem jabıq saqlap keldi. 1985-jılı baslanǵan jáRiyalılıq siyasatı nátiyjesinde bul mashqala pútkil burınǵı SSSRǵa hám sırt mámleketlerge járiya boldı. Bul jılları Nókiste pútkil Awqamlıq awıl xojalıǵı akademiyasınıń (VASXNIL) Orta Aziya bólimininń (1985-j.) hám Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń (1986-j.) kóshpeli sessiyaları bolıp ótti. Olarda sanaat penen awıl xojalıǵın rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan bir qatar máseleler qaraldı. Sessiyalarda qabıl etilgen sheshimler Aral mashqalasın sheshiwge baǵıshlanǵan úlken eki qarardıń júzege shıǵıwına járdem berdi.

1986-jıldıń 17-martında KPSS Oraylıq Komitetı menen SSSR Ministrler Keńesiniń 340-sanlı qararı shıqtı. Bul qarar oǵada áhmiyetli hújjet bolıp esaplanadı. Sebebi, onda ekonomikalıq hám sociallıq jaqtan rawajlandırıwdı tezletiw boyınsha qabıl etilgen ilájlar Qaraqalpaqstan ushın úlken múmkinshiliklerdi ashıp berdi. Bul hújjettiń arqasında tiykarǵı maqseti — xalıqtı dushshı awız suw menen támiyinlewden ibarat bolıp avtonomiyalı respublikada awız suw menen támiyinlew orınları bolǵan Túyemoyın hám Taqıyatastaǵı tiykarǵı suw toplaw qurılısları, Túyemoyın — Nókis — Taxtakópir, Taqıyatas — Qońırat — Toley magistral suw ótkizgishler qurıw isleri baslandı.

Qayta qurıw dáwirinde xalıqtıń sociallıq turmıs awhalı tómenlewine baylanıslı bul jılları Qaraqalpaqstannıń arqa rayonları (Moynaq, Qońırat, Shomanay, Qanlıkól, Kegeyli, Shımbay, Qaraózek, Taxtakópir hám Nókis qalası) jumısshı hám xızmetkerlerdiń, muǵallimler menen mediklerdiń miynet haqıları, jáne de pensionerlerdiń pensiyası kóbeytildi hám 1987-jıldan baslap ekologiyaǵa baylanıslı rayonlıq koefficient qosıldı. Turaq jaylardı salıw, qala hám awıllardı gazlestiriw boyınsha da bir qatar jumıslar islendi.

Biraq, bul ilajlar xalıqtıń materiallıq jaǵdayın jaqsılay almadı. Awqamnıń 340-sanlı qararda belgilengen áhmiyetli ilájlardıń orınlanıwı qattı qadaǵalanbadı. Qaraqalpaqstan bul jılları social-ekonomikalıq rawajlanıwdıń barlıq tarawları boyınsha artta qaldı. Onıń ústine ekologiyalıq krizis xojalıqtıń barlıq tarawlarına júdá jaman tásir etti. Álbette, bul unamsız qubılıslardan qutılıw ilajları kórildi. Biraq, olar tiyisli nátiyje bermedi.

Awıl xojalıǵında egislik jer maydanlarınıń sapası buzıla basladı. Aral teńiziniń aynalasındaǵı kóllerdiń, qoltıqlardıń suwınıń azayıwına hám qurıwına baylanıslı 2,5 million gektar jerler duzlı hám kebirli shólistanlıqqa aylandı. Nátiyjede teńiz ultanınan hawaǵa kóteriletuǵın jılına 75 million tonnadan aslam duzlı shańlar tek Qaraqalpaqstanda emes, pútkil Orta Aziya hám Qazaqstannıń egislik jerlerin kebirlikke aylandırıp, ekologiyalıq sistemanıń buzılıwına alıp keldi.

KPSS hám SSSR Ministrler Sovetiniń 110-sanlı ekinshi qararı 1988-jılı 19-sentyabrde shıqtı, onıń da maqseti Aral teńizi regionında ekologiyalıq hám sanitariyalıq jaǵdaydı túp-tamırınan jaqsılaw, teńiz basseyninde suw jáne jer resursların paydalanıwdıń nátiyjeliligin arttırıw hám olardı qorǵawdı kúsheytiw ilájlardan ibarat boldı. Bul qarar boyınsha Aral boylarında tábiyattan paydalanıwdıń ekologiyalıq jaǵdayı boyınsha kompleksli ilim-izertlew jumısların júrgiziw hám usı máseleler boyınsha Orta Aziya respublikaları menen Qazaqstandaǵı ilim-izertlew jumısların baylanıstırıw ushın Nókis qalasında SSSR Ilimler Akademiyasınıń ekologiya mashqalaları boyınsha bólimi dúzildi. Sebebi, bul jılları Aral krizisi kúsheyip, ol pútkil jer júzilik mashqalaǵa aylana baslaǵan edi. Aral hám basqa da áhmiyetli máseleler boyınsha xalıqaralıq ilimiy ánjumanlarda, Joqarǵı Sovet siezdleri hám sessiyalarında Qaraqalpaqstan ilimpazları hám zıyalıları júdá sawatlılıq penen shıǵıp sóyledi hám Aral mashqalaların sheshiwge shaqırdı.

Biraq, bul áhmiyetli qarar da orınlanbay qaldı hám eldegi ekologiyalıq ózgerislerdiń unamsız saldarı Qaraqalpaqstan xalqınıń sociallıq turmıs dárejesin tómenletip jiberdi. Hawa rayınıń ózgeriwine, duzlı shańnıń kóbeyiwine hám ishimlik suwdıń qorı tómenlewine baylanıslı adamlardıń jasawı ushın qolaysız jaǵdaydıń kúsheyiwi ayrıqsha qáweterli jaǵday payda etti. Ámiwdárya suwınıń pataslıǵı adamlardıń densawlıǵına zıyanın tiygizip, avtonomiyalı respublikada epidemiologiyalıq jaǵdaydı kúsheytti.

Solay etip, qayta qurıw dáwirinde Aral apatshılıǵı regionında avtonomiyalı respublikanı ekonomikalıq hám sociallıq jaqtan rawajlandırıw, sonday-aq, regionda ekologiyalıq, sanitariyalıq jaǵdaydı jaqsılaw boyınsha paydalı ilajlar belgilenip bir qatar jumıslar islendi. Biraq bulardıń kópshiligi orınlanbay qaǵaz júzinde qalıp qoydı hám Qaraqalpaqstandı sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwǵa tiyisli dárejede pát endirilmedi.

Degen menen 1985—1990-jıllardaǵı qayta qurıw dáwiri Qaraqalpaqstan ushın aldaǵı ǵárezsizlik jolında alǵa qaray bir adım boldı. Demokratiya, járiyalılıq en jayıp barıp, Aral mashqalası pútkil dúńya júziniń dıqqatın ózine awdardı. Elde hám shet ellerde Aral mashqalasın sheshiwdi aldına maqset etip qoyǵan húkimetlik emes shólkemler dúzildi.

Bul dáwirde Oray menen milliy respublikalar arasındaǵı qarama-qarsılıqlar joqarǵı shıńına jetken edi. Xalıqlardıń milliy ǵárezsizligi ushın gúresi kúsheye basladı.

**Ǵárezsizlik ushın gúrestiń kúsheyiwi.** Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıqlarınıń doslıǵı hám ǵárezsizlik gúresleri ásirler dawamında sınaqtan ótken edi. Xalıqlar óz ara doslıqta jasap, ózin-ózi basqarıw, óz eliniń baylıǵına ózleri iyelik etiw, milliy ekonomika menen ruwxıy mádeniyatın rawajlandırıw kerek boldı. Bunı milliy respublika basshıları hám zıyalılar jaqsı túsine basladı. Bul wazıypa ÓzR Birinshi Prezidenti I.A.Karimov Ózbekstan Respublikasınıń basshısı bolǵannan keyin anıq qolǵa alına basladı. I.Karimov dáslepten-aq Ózbekstannıń ǵárezsizligi ushın durıs jol alıp bardı hám 1989-jıldıń ekinshi yarımınan baslap-aq Ózbekstan ǵárezsizligi ushın bir qatar ilajlardı iske asıra basladı. Olar ana tili mámleketlik til bolıwı haqqında nızam (1989-jıl), Ózbekstan Konstituciyasına (Tiykarǵı Nızamına) ózgerisler hám qosımshalar kirgiziw haqqında Nızam (1990-j.) hám t.b. Bular tiykarında Qaraqalpaqstan Joqarǵı Sovetinde de tiyisli nızamlar hám qararlar qabıl etildi. 1990-jıldıń 14-dekabrinde Qaraqalpaqstan Joqarǵı Sovetiniń sessiyasında Qaraqalpaqstan Ózbekstan quramındaǵı suverenli respublika dep járiyalandı.

Ózbekstan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti hám onıń basshılıǵındaǵı Ministrler Kabinetiniń Ózbekstan puqaralarına jeke turaq jay salıw hám jer uchastkaların ajıratıp beriw, turaq jaylardı gazlestiriw, mektepler, kásip-texnikalıq oqıw orınlarına ǵamxorlıq, ásirese paxta hám basqa da diyqanshılıq penen sharwashılıq ónimleriniń bahaların asırıw, sonday-aq, awıl xojalıǵında miynetke tólenetuǵın is haqını kóbeytiw tuwralı qararları úlken áhmiyetke iye boldı. Bul ilajlar Qaraqalpaqstanda awıl xalqınıń awhalınıń taǵı da tómenlewine jol qoymawǵa múmkinshilik berdi.

SSSRdıń sońǵı dáwirindegi — 1991-jıldıń mart ayındaǵı Novo-Ogarevadaǵı SSSR prezidenti hám toǵız awqamlıq respublikalar basshıları menen bolıp ótken sóylesiwlerde Ózbekstan delegaciyasınıń basshısı I.Karimov Ózbekstannıń suverenli poziciyasın anıq hám taysalmay ortaǵa qoydı. Biraq, Oray óz ústemligin ótkeriwge háreket etti. Sóytip, bul kelisim «9+1» (yaǵnıy Oray hám 9 respublika) degen at alǵan edi. Bul kelisimde ǵárezsiz respublikalardı mámleket dep atawǵa, hár bir respublikanıń jeri, qazılma hám basqa da tábiyiy baylıqların respublika menshigi dep atawǵa Oray qarsı boldı. Degen menen 1991-jıl iyuń ayında «Suverenli mámleketler Awqamı haqqında» shártnama joybarın dúziwge kelisildi. Biraq, KPSS Oraylıq Komiteti hám Awqamnıń bir qatar ministrlikleriniń basshıları «Ayrıqsha awhaldaǵı mámleketlik Komitet» (GKChP) dúziwi nátiyjesinde 19-21-avgust kúnleri Moskvada qańlı waqıyalar boldı. Bunda Rossiya Federaciyası basshılıǵındaǵı demokratiyalıq kúshler GKChP háreketin bastırdı. Bunnan keyin SSSRdıń tarqalıwı hám jańa Awqam dúziw mashqalası baslandı. Monopartiya hám sovet húkimeti Qaraqalpaqstanǵa oǵada awır Aral mashqalasın júklep ketti.

**Sorawlar hám tapsırmalar**

1. Qayta qurıwdıń wazıypası nelerden ibarat boldı?
2. XX ásirdiń 80-jılları repressiyalıq isler tuwralı aytıp beriń.
3. Aral mashqalasıń sheshiw hám xalıqtıń jaǵdayın jaqsılaw boyınsha qanday ilajlar islendi?
4. Ǵárezsizlik ushın gúreste ÓzR Birinshi Prezidenti I.A.Karimovtıń tutqan ornı.
5. Qaraqalpaqstan qashan suverenli respublika boldı?
6. GKChP hám onıń háreketi haqqında túsinik beriń.

# VI BAP. SOVET HÚKIMDARLÍǴÍ DÁWRINDE QARAQALPAQSTANDA RUWXÍY HÁM MÁDENIY TURMÍS (1917—1991-JJ.)

## §14-15. Ulıwma bilim beriw mektepleri, joqarǵı bilim hám ilim

**Arabsha sawatlılıqtı hám dindi quwdalaw.** Sovet hákimiyatı milliy mádeniyat penen ruwxıy rawajlanıwdıń tiykarǵı baǵdarların sovetlik etip belgilep, olar «socializmde dinge orın joq» degen súren ústemlik etip, dinge qarsı zorlıq etiw baslandı. Meshitler jabıldı, ulamalar hám dinshiller quwdalandı hám ayawsız jazalandı, olardıń kópshiligi qamaqqa alındı hám jer awdarıldı. Ásirler dawamında jasap kiyatırǵan xalıqlardıń kóp ǵana úrp-ádetleri dinshillik dep joq etildi.

Solay etip, xalıqlardıń milliy mádeniyatı menen ruwxıy baylıǵına ornı tolmas dárejede zıyan keltirildi. Bunıń ústine Sovet húkimeti xalıqtıń arabsha hárip boyınsha sawatlılıǵın moyınlamadı. Tek latınlasqan hám ruslasqan sawatlılıqtı rawajlandırıwǵa ayrıqsha áhmiyet berdi. 1919-jıl 20-yanvardaǵı «RSFSR xalqı arasında sawatsızlıqtı saplastırıw haqqında» shıqqan dekreti arab alfaviti boyınsha oqıw hám jazıwdı sawatsızlıq dep esaplap, Qaraqalpaqstan xalqın ǵalaba sawatsız dep esaplap, xalıqtı latın hám orıs alfavitinde qaytadan oqıtıw wazıypasın qoydı.

Dekretke muwapıq 8 jastan 40 jasqa shekemgi barlıq sawatsızlardıń sawatın ashıw mapazı baslandı. Xalıqtıń sawatsızlıǵın saplastırıw (likbez) mapazı eki baǵdarda egedelerdiń sawatın ashıw hám jaslardı mekteplerge oqıwǵa tartıw jolı menen alıp barıldı.

**Sawatsızlıqtı saplastırıw (likbez) mektepleri.** Egedeler arasında sawatsızlıqtı saplastırıw (likbez) mektepleri meshitlerde, klublarda, jeke xojalıq úylerinde ashıldı, olar ushın fabrikalarda, zavodlarda, kárxanalarda, mákemelerde arnawlı bólmeler ajıratıldı.

Qaraqalpaqstanda egedeler sawatın ashıwdıń dáslepki oqıwı (likbez) ushın 1919-jılı iyuńde Tórtkúl qalasında mektep ashıldı. 1924—1925-oqıw jılı Qaraqalpaqstanda egedeler ushın 25 mektep bolıp, ol 1927-jılı 52 orında sawat ashıw mektepleri boldı. Mektepler ushın oqıw quralları hám sabaqlıqlar basıp shıǵarıla basladı. 1925-jılı qaraqalpaq tilinde dáslepki sabaqlıqlar basıp shıǵarıldı, olardıń ishinde «Egedeler sawatı» Álipbesi bar edi. Onı qaraqalpaq ádebiyatınıń kórnekli wákilleriniń biri S.Májitov dúzdi.

Qaraqalpaqstanda 1930-jıllardıń basında jańa latınlastırılǵan alfavit engizilip, sawatsızlıqtı saplastırıw ushın atlanıstaǵı en jaydı. Bul «mádeniy atlanıs» dep ataldı. Onda latınlastırılǵan qaraqalpaq alfaviti tiykarında xalıqtı jazıw-sızıwǵa úyretiw maqset etildi. «Mádeniy atlanıs»qa muǵallimler, shıpakerler, joqarǵı klass oqıwshıları, mákemelerdegi sawatlı adamlar, sonday-aq jazǵı dem alısqa kelgen rabfak, institut hám texnikumlardıń talabaları qatnastı. 1933-jılı Qaraqalpaqstanda 51 mıń adamdı qamtıǵan 760 sawat ashıw (likbez) mektebi bar edi. Xalıqtıń ulıwma sawatlılıǵı dárejesi usı jılı 32, al 1938-jılı 60% boldı. Soń likbez mektepleri óz jumısın toqtattı.

1918-jılı 30-iyuńde oblastlıq Ámiwdárya xalıq bilimlendiriw bólimi dúzildi. Onıń wazıypası Sovet mekteplerin dúziw hám oǵan jaslardı tartıw, jáne de barlıq xalıq bilimlendiriw jumıslarına basshılıq etiw boldı.

Qaraqalpaqstan xalıq bilimlendiriwiniń dáslepki shólkemlestiriwshileri X.Mazitov, E.Kojurov, Yu.Axmedov, X.Salamov, S.Májitov, O.Ermanov, Q.Áwezov, I.Allambergenov, D.Tólesinov, R.Májitov, U.Nurjanov, X.Ismatulov, Q.Turǵanbaev, X.Amirov hám basqalar boldı. Qaraqalpaqstanda 1930-jıldıń aqırında ǵalaba baslawısh bilim beriwge ótiw tamamlandı.

**Ulıwma bilim beretuǵın mektepler.** Bul jılları jaslarǵa bilim beriw ádewir rawajlana basladı. Qaraqalpaqstanda 1937-jılı 1476 muǵallim bolsa ol 1940—1941-oqıw jılında 2605 muǵallimge kóbeydi. Nókiste, Tórtkúlde, Xojelide, Moynaqta, Shımbayda jańa mektep jayları salındı. Mektepler ushın sabaqlıqlar 1938-jıldan baslap Nókiste de basıp shıǵarıla basladı. 1940-jılı rus jazıwı tiykarındaǵı qaraqalpaq alfaviti engizildi. Urıs jıllarındaǵı oǵada qıyınshılıqlarǵa qaramastan Qaraqalpaqstanda islep turǵan mektepler saqlap qalındı. Respublikada 1944-jıldan baslap jaslar ushın keshki mektepler de shólkemlestirildi. Sóytip, jaslardıń óndiristen qol úzbey oqıwdı dawam ettiriwine múmkinshilik tuwdırıldı.

Urıstan sońǵı jılları ulıwma bilim beriwdi iske asırıw hám mektep tarawların keńeytiwge áhmiyet berildi. Ásirese, minnetli jeti jıllıq bilim beriwdiń engiziliwine baylanıslı jeti jıllıq tolıq emes orta mektepler kóbeydi. Olardıń sanı 1937-jılı 17 bolsa, al 1950—1951-oqıw jılı 176 ǵa jetti.

Mekteplerde politexnikalıq bilim beriwdi iske asırıw boyınsha ilajlar kórildi. 1956-jıldıń ózinde-aq Qaraqalpaqstan mekteplerinde 77 ustaxana hám 300 ge jaqın tájiriybe uchastkaları boldı. Olar óndiris jámáátleri bergen hár qıylı mashinalar menen támiyinlendi.

1960-jılları ulıwma orta bilim beriwge ótiw názerde tutıldı. Qaraqalpaqstanda 1967—1970-jılları 100 segiz jıllıq mektep orta mektep bolıp qaytadan dúzildi. Mektepler salıwǵa dıqqat awdarıldı. 1985-jılǵa kelip Qaraqalpaqstanda mektepler 857 ge jetti. Sońǵı jıllardaǵı mektep reforması tiykarında balalardı 6 jastan baslap mektepte oqıwǵa qabıl etiw baslandı.

Biraq, usı jetiskenliklerge qaramastan oqıtıw tarawında úlken qáte-kemshilikler orın aldı. Elde ústemlik etken totalitar dúzim jaslarǵa ulıwma bilim beriw hám tárbiya jumıslarına tásirin tiygizbey qalmadı. Qaraqalpaqstanda kóplegen mektepler, ásirese awıllarda zaman talabına say emes taxta polsız, jaqtılıǵı tómen boldı, mekteplerdiń hámmesinde derlik kanalizaciya hám vodoprovodlar joq edi, olardıń hesh qaysısı da mektep gigienasına juwap bermedi. Ásirese, mekteplerdiń materiallıq

bazası, úskeneleniwi oǵada tómen boldı. Húkimet mektepler ushın júdá az qarjı bólip shıǵardı. Máselen, 1980-jılǵı maǵlıwmat boyınsha biziń respublikada ilim, mádeniyat hám xalıq bilimlendiriwi — hámmesin qosıp esaplaǵandaǵı bólip shıǵarılatuǵın qarjı byudjettiń 3%ine shamalasın ǵana tutatuǵın edi.

Totalitar dúzimi xalıq bilimlendiriwine unamsız tásir etti. Bunda Kompartiya kórsetpeleri oqıtıw usılı hám oqıw-tárbiya jumıslarında tiykarǵı baǵdar bolıp, onda milliy mektepler ózgeshelikleri esapqa alınbadı. Bir qansha ilajlar kórilse de báribir mektep haqıyqıy turmıstan ajıralıp qala berdi. Oqıtıwshılardıń sanı qansha kóbeyse de olardıń kópshiliginiń bilimleri házirgi ilim-texnika rawajlanıwı dárejesine sáykes kelmedi. Hátteki, ayırım jerlerde, ásirese awıllıq mekteplerde muǵallimler ózleri qánige emes pánlerden de sabaq oqıttı. 1980-jıllardaǵı mektep reforması qaǵazda qaldı. Sebebi, onı ótkeriw ushın aldın ala tayarlıq kórilmedi hám tiyisli qarjılar bólip shıǵarılmadı. Onıń ústine usı reformaǵa muwapıq oqıtıw usılları da islep shıǵılmadı.

**Joqarǵı hám orta arnawlı bilim.** Qaraqalpaqstan mádeniyatı rawajlanıwında joqarǵı hám orta maǵlıwmatlı qánigeler áhmiyetli orın iyeledi. Biraq, bunday qánigeler ásirese joqarǵı maǵlıwmatlıları Awqamdaǵı basqa respublikalardıń oqıw orınlarında tayarlandı hám 193O-jıllar basında Qaraqalpaqstanǵa kele basladı. Máselen, 1932-jılı Qaraqalpaqstanǵa tek Orta Aziyadaǵı joqarǵı oqıw orınlarınan 43 adam pitkerip keldi.

Sonday-aq, RSFSRdan Qaraqalpaqstanda jumıs islewge joqarǵı maǵlıwmatlı qánigeler jiberile basladı. 1932-jıldıń 5 ayı ishinde Qaraqalpaqstanǵa 25 adam jumıs islewge keldi. Bulardıń ishinde shıpakerlerden T.A.Nikitina Xojelide, V.V.Voskovoynikov Qońıratta, Qara doktor Qaraózekte hám basqalar úlken abıroyǵa iye boldı hám Qaraqalpaqstanda turaqlı jumıs islep qaldı.

Orta qánigeli kadrlar Qaraqalpaqstannıń ózinde de tayarlana basladı. 1925-jılı Tórtkúlde pedagogikalıq texnikum ashıldı. Usı jılı Tórtkúlde partiya-sovet apparat hám mádeniy aǵartıw xızmetkerlerin tayarlaytuǵın sovet-partiya mektebi ashıldı. 1929-jılı Awıl xojalıq texnikumı ashıldı.

1935-jılı Tórtkúl finans-jobalastırıw texnikumı ashıldı, jáne usı jılı Tórtkúlde medicinalıq uchilishe hám Shımbayda hámshiyralar mektebi ashıldı.

**Pedagogikalıq institut hám universitet.** Qaraqalpaqstanda bilimlendiriwdiń rawajlanıwı joqarǵı pedagogikalıq maǵlıwmatlı qánigelerge mútájligi kúsheyiwine baylanıslı 1934-jılı muǵallimler institutı Tórtkúl qalasında ashıldı. Sol jılı sentyabrden baslap onıń bir jıllıq tayarlaw kursına, al dekabrden baslap eki jıllıq tayarlaw kursına oqıwshılar qabıl etildi. Mektepler ushın qánigeli hám ilimiy dárejeli kadrlardıń jetispewi sebepli 1935-jıldan baslap eki jıllıq muǵallimler institutına studentler qabıl etildi, onıń dáslepki studentleri tiykarınan bir jıllıq tayarlaw kursın pitkergenler edi. 1937-jılı muǵallimler institutın 27 adam birinshi bolıp pitkerip shıqtı. 1938-jılı instituttıń ulıwma kontinenti 336 studentke jetti. Solay etip bul institutta joqarǵı maǵlıwmattaǵı pedagogikalıq kadrlardı Qaraqalpaqstan ushın ózi tayarlap beriw múmkinshiligine iye boldı.

1944-jılı muǵallimler institutı Qaraqalpaqstan mámleketlik Birlesken pedagogikalıq hám muǵallimler institutı bolıp qaytadan dúzildi. Bul institutta qaraqalpaq hám rus tili, ádebiyatı, tariyx, fizika, matematika hám tábiyattanıw, geografiya fakultetleri bar edi. Institutta 240 orınlıq sırttan oqıw bólimi de ashıldı. 1950-jıldıń ekinshi yarımında bul institut Qaraqalpaqstan mámleketlik institutı dep ataldı. Ol respublikamızda birden-bir joqarǵı oqıw ornı bolıp, jámiyetlik-siyasiy hám mádeniyattıń rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye boldı. Institut óziniń islep turǵan dáwirinde 10 mıńnan aslam muǵallimler tayarladı. 1976-jılı pedinstitut Nókis mámleketlik universiteti bolıp dúzildi. 1976—1985-jılları universitet 19 qánigelik boyınsha 5214 joqarı bilimli jaslardı tayarlap shıǵardı. Sonıń menen birge, 1990-jılı Nókis mámleketlik pedinstitutı qaytadan ashıldı.

Bul jılları Qaraqalpaqstanda hár qıylı tarawlardaǵı orta arnawlı oqıw orınları da boldı. Bul oqıw orınları 1980-jıllarda 30 mıńnan aslam hárqıylı qánigeli jumısshılar hám 13 mıń hárqıylı qánigeler tayarladı. Endi Qaraqalpaqstan ushın jetkilikli joqarı hám orta maǵlıwmatlı qánigeler tayarlaw mashqala bolmay qaldı.

**Ilim.** Qaraqalpaqstannıń jer-suw resursları, xojalıǵı hám mádeniyatı ilimpazlardı qızıqtırdı. Olar Oraydıń tapsırması menen 1920-jılları bir qatar ilim-izertlew jumısların júrgizdi. Sonıń menen birge, sol jılları Qaraqalpaqstandaǵı ilimiy mákemeler wálayatlıq xalıq bilimlendiriw bóliminiń ilimiy-terminologiya sekciyası, úlke tanıw muzeyi, oblastlıq muzey, oblastlıq kitapxananıń ilimiy bólimi, oblastlıq jer basqarmasınıń ekonomika kabineti, jáne de meteorologiyalıq stanciyalar menen Soyuz NIXidiń tájiriybe stanciyaları bar edi. Qaraqalpaqstanda bul mayda ilimiy mákemelerdi birlestirip, kompleksli ilim-izertlew institutın shólkemlestiriw kerek boldı.

Solay etip, 1931-jılı 20-avgustta Qaraqalpaqstan kompleksli ilim-izertlew institutı ashıldı. Ol institut tariyx, filologiya, geologiya hám topıraqtı izertlew, pedagogika, etnologiya hám ekonomika sektorlarınan ibarat bolıp dúzildi. Institutta 5 professor hám 6 docent, barlıǵı 56 ilimiy xızmetker boldı. Biraq, bul institut 1936-jılı jabılıp qaldı.

1939-jıldan Qaraqalpaqstan xalıq Komissarlar Sovetiniń janında bolıp kelgen til, ádebiyat ilim-izertlew institutı 1947-jıldan baslap Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń quramına berildi hám ol Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan ekonomika hám mádeniyat ilim-izertlew institutı bolıp qayta shólkemlestirildi. Bul respublikanıń ekonomikasın hám mádeniyatın kóteriw boyınsha ilim izertlewde ádewir keńeytiwge hám tereńlestiriwge múmkinshilik berdi. 1957-jılı ol institut kompleksli ilim-izertlew institutı dep ataldı. Sonday-aq, SoyuzNIXIdıń Shımbaydaǵı zonallıq stanciyası 1958-jılı Diyqanshılıq ilim-izertlew institutı bolıp qayta dúzildi.

1959-jılı Qaraqalpaqstan kompleksli ilim-izertlew institutınıń bazasında Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filialı dúzildi. Dáslep filialdıń quramında tek bir institut — tariyx, til hám ádebiyat institutı, biologiya profilindegi bir neshe laboratoriyalar hám ekonomikalıq izertlew sektorları boldı. Soń 1966-jılı filialdıń quramında Tábiyiy ilimler kompleksli institutı hám 1976-jılı ilim-izertlew institutı huqıqındaǵı Esaplaw Orayı dúzildi.

Bunnan sońǵı jılları úlkede ekologiyalıq Oray hám Ózbekstan densawlıqtı saqlaw ministrliginiń Qaraqalpaqstan eksperimentallıq hám klinikalıq ilim-izertlew institutı, Tashkent qalasındaǵı ilim-izertlew institutları menen joqarı oqıw orınlarınıń birneshe filialları, bólimleri hám tirek punktleri payda boldı. Ilimiy mákemelerde júzlegen ilimiy xızmetkerler miynet etti. Olardıń kóbisi Tashkent, Moskva, Leningrad, Kiev, Alma-ata hám basqa da qalalarda dissertaciyaların jaqlaǵan belgili ilimpazlar boldı. Olardan N.Dáwqaraev, Ya.Dosumov, S.Kamalov, I.Sagitov, R.Qosbergenov, M.Nurmuxammedov, N.Japaqov, D.Nasırov, N.Orınbaev hám basqalar ózleriniń ilimiy jumısları menen Qaraqalpaqstannan tısqarı respublikalarda da belgili boldı.

XX ásirdin 70—80-jıllar aralıǵında Qaraqalpaqstannan úsh ilimpaz akademik bolıp saylandı. Olar — M.Nurmuxammedov (1974-j.), S.Kamalov (1979-j.), Ch.Abdirov (1989-j.). Tórt ilimpaz akademiyanıń xabarshı aǵzası bolıp saylandı. Olar Ya.Dosumov (1956-j.), I.Sagitov (1966-j.), A. Baxiev (1989-j.) hám J.Bazarbaev (1989-j.). Bul ilimdegi úlken jetiskenlik boldı.

Álbette, ilimiy mákemeler menen joqarı oqıw orınları Qaraqalpaqstannıń ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwında áhmiyetli orın iyeledi. Biraq, olar da xalıq xojalıǵınıń basqa tarawları sıyaqlı, totalitarizm tásirinen sırtta qalmadı hám onda kóplegen qáte-kemshililer orın aldı. Joqarı bilim hám ilim tarawında da kóbinese ekstensiv rawajlanıw boldı. Ilim-izertlew jumıslarınıń xalıq xojalıǵı menen baylanısı aytarlıqtay jolǵa qoyılmadı. Jámiyetlik ilim tarawındaǵı izertlewler temir torınan shıǵıp kete almadı. Ilimpazlardıń Aral krizisiniń aldın alıw haqqındaǵı pikirleri sheshiwshi túrde esapqa alınbadı. Joqarı oqıw orınları menen ilimiy institutlardıń materiallıq-texnikalıq bazası zaman talabına juwap bermedi.

### Sorawlar hám tapsırmalar

1. Sovet hákimiyatı dáwirinde din hám arabsha sawatlılıq ne sebep quwdalandı?
2. Sawatsızlıqtı saplastırıw (likbez) mektepleri tuwralı aytıń.
3. Ulıwma bilim beretuǵın mektepler hám ondaǵı mashqalalar haqqında aytıń.
4. Joqarı hám orta maǵlıwmatlı kadrlar tayarlaw haqqında aytıń.
5. Ilim-izertlew institutlarda ilimniń rawajlanıwı qanday edi hám ondaǵı kemshilikler nelerden ibarat boldı?

## §16. Ádebiyat hám kórkem óner

**Ádebiyat.** Bul jılları ruwxıy turmısta totalitar dúziminiń kúsheyip barıwına qaramastan ádebiyat hám kórkem óner óz rawajlanıwın taptı. Biraq, «ádebiyattıń partiyalılıǵı, socialistlik realizm» degen temir torlardan onıń shıǵıp ketiwi qatań qadaǵan etildi. Onda 1925-jılı 18-iyuńdegi VKP(b) Oraylıq Komitetiniń «Kórkem ádebiyat tarawındaǵı partiyanıń siyasatı haqqında»ǵı qararı tiykarǵı orın tuttı. Usı qararǵa tiykarlanıp, 1928-jılı Qaraqalpaqstanda qaraqalpaq proletar jazıwshılarınıń awqamı (associaciyası) dúzildi. Ol 1932-jılı Qaraqalpaqstan Sovet jazıwshılarınıń awqamı bolıp qayta dúzildi hám onıń «Miynet ádebiyatı» jurnalı shıǵa basladı.

1920-jılları-aq, Qaraqalpaqstannıń Sovet dáwirindegi dáslepki jazıwshı-shayırlar S.Májitov, Q.Awezov, A.Ótepov, X.Axmetov, A.Matyakubov, I.Fazılov, A.Begimov, J.Aymurzaev, Q.Ermanov

hám basqalardıń baspasóz betlerinde shıǵarmaları jarıq kóre basladı. Bul jılları Qaraqalpaqstandaǵı klassikalıq ádebiyattıń wákilleri, ájayıp xalıq shayırları A.Muwsaev, S.Nurımbetov, A.Dabılov, Q.Xojaniyazov hám basqa shayırlar xalıqqa keńnen belgili boldı. Olar óz qosıqların jańa zamanǵa muwapıqlastırıwǵa májbúr boldı.

Talantlı jırawlar hám baqsılar E.Nurabıllaev, Q.Tájibaev, E.Qospolatov, J.Shamuratov hám basqa da talant iyeleri xalıqqa xızmet etti.

1934-jılı 10-iyulde qaraqalpaq jazıwshılarınıń birinshi siezdi shaqırıldı, al usı jılı avgustta jazıwshılardıń Pútkil Awqamlıq siezdi bolıp, oǵan Qaraqalpaqstan jazıwshılarınan A.Begimov, I.Fazılov hám J.Aymurzaev qatnastı. 1939-jılı Qaraqalpaqstanǵa Moskva jazıwshılarınıń bir topari keldi hám olar rus tilinde «Поэты Каракалпакстана» toplamın baspadan shıǵardı.

1930-jılları N.Dáwqaraev, D.Nazbergenov, M.Dáribaev, N.Japaqov, Á.Shamuratov hám basqa da jas jazıwshı hám shayırlar ádebiyat maydanına kirip kele basladı. N.Dáwqaraevtıń «Partizanlar», «Internat», M.Dáribaevtıń «Mıńlardıń biri», Á.Shamuratovtıń «Eski mektepte», Q.Ermanovtıń «Balıqshılar» hám basqa da shıǵarmaları xalıq arasında tarala basladı. Sonday-aq, usı jılları rus ádebiyatı wákilleriniń shıǵarmaları da taraldı. Biraq, shıǵıstaǵı ásirese islam dúńyasınıń ádebiyat hám kórkem óner tarawındaǵı ájayıp shıǵarmaları eske alınbadı.

Urıs jılları ádebiyatta patriotrizm hám áskeriy qaharmanlıq tematikası oraylıq orındı iyeleydi. Olar poeziyada J.Aymurzaevtıń «Jawdı jeksen etemiz», N.Japaqovtıń «Moskva», D.Nazbergenovtıń «Keshirmeymiz, kek alamız», M.Daribaevtıń «Ant», X.Seytovtıń «Jawızlıq» hám basqa qosıqları edi. Al, N.Dawqaraevtıń «Ólimdi pisent etpewshiler» gúrrińi urıs jıllarındaǵı proza janrınıń eń jaqsı qaharmanlıq tematikadaǵı shıǵarmalarınan ibarat boldı. Sonday-aq, usı piesasınıń saxnalastırılıwı úlken siyasiy hám tárbiyalıq áhmiyetke iye waqıya boldı.

Urıstan sońǵı jılları qaraqalpaq ádebiyatına bir qatar jas talantlı ádebiyatshılar kelip qosıldı. Olar I.Yusupov, B.Ismaylov, Ó.Xojaniyazov, T.Seytjanov, M.Nurmuxamedov, S.Axmedov, T.Qayıpbergenov, G.Esemuratov, A.Aliev, G.Seytnazarov, M.Seytniyazov, Yu.Leontichev, I.Qurbanbaev hám basqalar edi. Olar A.Dabılov, S.Nurımbetov, J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov, X.Seytov, Á.Shamuratov, Q.Ayımbetov, N.Japaqov, B.Qayıpnazarov, T.Jumamuratov usaǵan jası úlken sóz sheberleri menen birge qaraqalpaq ádebiyatın bayıttı.

1956-jıldan baslap «Qaraqalpaqstan ádebiyatı hám kórkem óneri» jurnalı jańadan basıp shıǵarıla basladı. Ol 1958-jıldan «Ámiwdárya» dep ataldı.

Urıstan sońǵı jılları A.Dabılovtıń «Bahadır», S.Nurımbetovtıń «Baxtiyar», Á.Shamuratovtıń «Aq sholpan», A.Begimovtıń «Balıqshınıń qızı», J.Aymurzaevtıń «Ámiwdárya boyında», T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq qızı», I.Yusupovtıń «Joldas muǵallim», K.Sultanovtıń «Aqdárya» hám basqa da kóplegen jazıwshılardıń shıǵarmaları jarıq kórdi. Sonday-aq, qaraqalpaq ádebiyatınıń klassikleri Jiyen jıraw, Berdaq, Kúnxoja, Ájiniyaz, Omar, Ótesh hám basqalardıń shıǵarmaları bir neshe ret qaytadan basıp shıǵarıldı.

Bul jılları qaraqalpaq folklorınıń eń bay ádebiy miyrası «Qırıq qız», «Alpamıs», «Sháryar», «Qurbanbek», «Bozuǵlan» dástanları, qaraqalpaq ertekleriniń 3 tomlıǵı, «Qaraqalpaq poeziyasınıń antologiyası» hám «Qaraqalpaq xalıq qosıqları» járiyalandı. 1960-1970-jıllarda S.Nurımbetovtıń «Xanalaslar» dástanı, I.Yusupovtıń «Tumaris» poeması, T.Jumamuratovtıń «Mákarya sulıw» dástanı hám basqalar ádebiyat tariyxında belgili orın iyeledi. Usı jılları G.Esemuratova, T.Mátmuratov, K.Raxmanov, Sh.Seytov, O.Ábdiraxmanov hám basqa da talantlı jazıwshılar jámiyetshilikke belgili boldı. Prozada T.Qayıpbergenovtıń «Maman biy ápsanası», «Baxıtsızlar», K.Sultanovtıń «Ájiniyaz» romanları jarıqqa shıqtı.

1966-jılı ádebiyat hám kórkem óner tarawlarındaǵı eń jaqsı shıǵarmalar ushın Respublikalıq Berdaq atındaǵı sıylıq belgilendi. A.Dabılov, T.Qayıpbergenov, S.Xojaniyazovlar usı sıylıqtıń birinshi laureatları boldı. «Qaraqalpaq qızı» romanı ushın T.Qayıpbergenov Hamza atındaǵı respublikalıq sıylıqtı alıwǵa miyasar boldı.

Sońǵı jılları proza janrında Q.Ermanovtıń «Ótken kúnler», O.Bekbawlievtiń «Taras Aralda», «Beruniy», T.Qayıpbergenovtıń «Túsiniksizler», Sh.Seytovtıń «Xalqabad», S.Bahadırovanıń «Adam adamǵa baxıt inamlaydı», «Táǵdir», G.Esemuratovanıń «Arıw», «Jiyren» hám t.b. shıǵarmaları belgili orın iyeledi.

Qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwına sońǵı dáwirde kelip qosılǵan ilimpaz jazıwshılar da óz úleslerin qostı. Olar Q.Maqsetov, K.Mambetov, Á.Paxratdinov, S.Bahadırova, Q.Kamalov, K.Sultanov, K.Allambergenov hám basqalar bolıp esaplanadı. Ásirese, filolog ilimpazlardıń qaraqalpaq folklorınıń 20 tomlıǵınıń baspadan shıǵarılıwı ruwxıy mádeniyattaǵı áhmiyetli waqıya boldı. Biraq,

Qaraqalpaqstan ádebiyatı basqa xalıqlar ádebiyatı sıyaqlı jámiyetke keń taralǵan unamsız qubılıslardan aman qalmadı. «Ádebiyattıń partiyalılıǵı» hám «socialistlik realizm», — dep atalǵan Oray kórsetpeleri qaraqalpaq ádebiyatında da ústemlik etti. Máselen, 1953-jılı Respublikalıq talantlı shayır I.Yusupovqa burjuaziyalıq milletshil degen ataq jabıstırıw ushın urınıwlar boldı.

**Teatr hám kórkem óneri.** Qaraqalpaqstanda teatr kórkem óneri 1920-jıllardıń basında dúzilgen dramalıq dógereklerden ósip shıqtı. Bul jılları Tórtkúl, Shımbay, Xojeli hám Qońıratta háweskerler dógeregi boldı. 1924-jılı Tórtkúldegi wálayatlıq mádeniyat klubında eki dógerek — qaraqalpaq hám rus dramalıq dógerekleri bar edi, olar háptesine bir-eki ret gezeklesip spektakller qoyatuǵın boldı. Biraq, olardıń arasında qánige artistler joq edi, onıń qatnasıwshıları qaladaǵı jasawshı adamlar, ásirese pedagogikalıq hám awıl xojalıq texnikumlarınıń studentleri edi. 1925-jılı Á.Ótepov, Z.F.Qasımov tárepinen shólkemlestirgen Tań nurı dramalıq dógereginiń qaraqalpaq milliy truppası bolıp dúziliwinde úlken úles qostı. Ol 1922—1925-jılları-aq dramalıq dógereklerdiń kórkemlik jaǵına basshılıq etip, olardıń baǵdarlamalarına «Bozataw», «Qızminayım», «Bilezigim» qosıqların kirgizdi, «Jezdejan», «Aǵalar, xabar beriń», «Zindan» piesaların jazıp, saxnalastırdı. 1925-jılı «Teńin tapqan qız» hám «Shálekebay» piesaların saxnalastırdı. Solay etip, 1925-jılǵı «Tań nurı» dramalıq dógeregi 1927-jılı Á.Ótepov basshılıǵındaǵı birden-bir wálayatlıq milliy truppa bolıp dúzildi. Al, 1930-jılı dekabrde direktorı Á.Ótepov bolǵan birinshi qaraqalpaq mámleketlik teatrı bolıp ósip jetisti.

Ol jılları qaraqalpaq milliy teatrında S.Májitov, Q.Áwezov 1916-jılǵı kóterilis haqqındaǵı «Tilek jolında» piesasın jazdı, S.Májitov «Ernazar Alakóz» hám «Aqsaqal» piesaların jazdı. Bul piesalar 1927-jılı-aq «Tań nurı» milliy truppasında saxnalastırıldı.

1934-jılı Moskvadaǵı A.Lunacharskiy atındaǵı teatr kórkem óner institutında Qaraqalpaqstannan 33 adam oqıdı. Soń olar Qaraqalpaqstanda teatr kórkem ónerin rawajlandırıwda áhmiyetli orın iyeledi.

Teatr kórkem óneriniń rawajlanıwında Berdaq atındaǵı mámleketlik teatr belgili orın tuttı. Onda qaraqalpaq, ózbek hám basqa da xalıqlardıń dramaturglarınıń shıǵarmaları saxnalastırıldı. Bul teatr jámáátinde burınǵı SSSR xalıq artistkası A.Shamuratova, Ózbekstan xalıq artistleri T.Allanazarov, Yu.Mamutov, R.Seytov, U.Sharipov, G.Sherazieva, S.Áwezova, S.Qarabaeva, Sh.Ótemuratov hám basqa da saxna sheberleri ósip jetisti. Bul jası úlken artistlerdiń tájiriybe hám dástúrlerin ataqlı talant iyeleri Q.Ábdireymov, N.Ańsatbaev, R.Sayıpov, T.Qayıpnazarova, Z.Sayıpova hám basqalar dawam etti. Sońǵı jılları bul teatrda M.Sapaeva, J.Allaniyazov hám basqa da jas talant iyeleri payda boldı.

Nókiste jas tamashagóyler teatrı kópshilikti ózine tarttı. Kórkem óner tarawında jas talantlılar kóbeydi. Jeke qosıq, ayaq oyın, balet óneri de rawajlandı. Onda burınıraq Nókis qalasında shólkemlestirilgen Berdaq atındaǵı mámleketlik filarmoniya áhmiyetli orın iyeledi. Belgili xalıq artistleri S.Mámbetova, A.Atamuratova, T.Doshumova, G.Sırımbetova, B.Matjanov, G.Ayımbetova, B.Karimova, B.Ótepbergenova hám basqalardıń qosıqların súyispenshilik penen tıńlaytuǵın boldı. Sonday-aq Z.Saparova, P.Madreymov, B.Muradov, Z.Dawletmuratova hám basqa da kóplegen kórkem óner sheberleri ayaq oyın hám balet ónerin rawajlandırıwda úlken xızmet kórsetti.

Qaraqalpaqstanda muzıka mádeniyatı ósti. Onda respublika kompozitorları awqamınıń ornı girewli. 1966-jılı «Qırq qız» ansambli dúzildi. Nókis kórkem óner uchilishesi hám Nókis mádeniy aǵartıw texnikumı hár jılı júzlegen qánige tayarlap shıǵarmaqta.

Xalqımızda baqsı hám jırawshılıq dawam etti. Olar Qurbanbay jıraw, Esemurat jıraw, Qıyas jıraw, Jaqsılıq hám Jumabay jıraw, Shamurat jıraw. Baqsılardan E.Qospolatov, A.Xojalepesov, J.Shamuratov, I.Patullaev, Á.Tarixov, Ó.Tóreshov, G.Tlewmuratov hám basqalar. Házir olardıń kóplegen shákirtleri bar. Ásirese G.Tilewmuratov basshılıǵında dúzilgen duwtarshılar ansambli jámáátinde kóplegen talant iyeleri ósip jetisti.

Súwretlew ónerinde Q.Sayıpov, I.Savickiy, Q.Berdimuratov, J.Qutlımuratov, J.Izentaev, D.Tóreniyazov hám basqalardıń dóretiwshilik talantı xalıqqa keńnen málim. 1966-jılı belgili xudojnik I.V.Savickiy basshılıǵında kórkem óner muzeyi ashıldı. 1985-jılı belgili xudojnikler D.Tóreniyazov, A.Ótemisov hám B.Qarabaevlar Moskva qalasında ótkerilgen kórkem óner háweskerleri dóretpeleriniń burınǵı Pútkil awqamlıq kórgizbesiniń laureatları boldı.

**Ǵalaba xabar quralları.** Qaraqalpaqstan mádeniyatında baspasóz ayrıqsha orın tutadı. Biraq, ol sovet dáwirinde partiya qadaǵalawında bolıp, unamsız jaǵdaylar payda etti. Degen menen baspasóz óz rawajlanıwın taptı. 1928-jılı qaraqalpaq mámleketlik baspası dúzildi. Sonday-aq, 1946-jılı Qaraqalpaqstanda eki respublikalıq hám 9 rayonlıq gazeta bolsa, 1980-jıllar aqırında 4 respublikalıq, 14 rayonlıq hám 4 kóp tirajlı gazeta, «Ámiwdárya» jurnalı, «Agitator» bloknotı, Ózbekstan Ilimler

akademiyasınıń Qaraqalpaqstan bóliminiń «Xabarshı» atlı ilimiy jurnalı boldı. Sońǵı jılları jańadan Bilim baspası dúzildi.

Radio hám televidenie jumısı en jaydı. Radio esittiriw kólemi kóbeydi. 1941-jılı mart ayınan Nókis qalasında óz jumısın baslaǵan radiostanciya dawısları jańlap esitildi.

Qaraqalpaqstanda televidenie kórsetiwi baslandı. 1970-jılı Nókis qalasında «Ózkinoxronika» studiyasınıń Qaraqalpaqstan filialı ashıldı hám onda kóplegen kórkem filmler dublyaj etile basladı. Sońǵı jılları ol Qaraqalpaqstan kinostudiyası bolıp shólkemlestirildi. 1984-jılı televideniede reńli kórsetiw payda boldı hám televideniede kórsetiw kanalları kóbeydi. Televidenie hám radio ulıwma xalıqlıq minber sıyaqlı bolıp, respublika mádeniyatınıń rawajlanıwına óz úlesin qostı. Sońǵı jılları Qaraqalpaqstannıń mádeniy-aǵartıw tarawında mıńǵa jaqın kitapxanalar, júzlegen klub mákemeleri hám kino kórsetiw orınları jumıs isledi.

Solay etip, Qaraqalpaqstanda mádeniyat tarawında úlken ózgerisler boldı. Biraq mádeniyattıń rawajlanıwı «mazmunı socialistlik, forması milletlik», degen partiyalıq kórsetpe shegarasınan shıǵa almadı. Bul milliy mádeniyattıń erkin rawajlanıwına tosqınlıq jasadı. Ásirese, xalqımızdıń ásirlik milliy dástúrleri joq bolıp ketti. Olar házir ǵana suverenitetlik jaǵdayda qaytadan tiklenip, óz jolın tawıp atır.

### Sorawlar hám tapsırmalar

1. Qaraqalpaqstan ádebiyatınıń ruwxıy mádeniyattaǵı ornı haqqında aytıń. Qaraqalpaqstan jazıwshı hám shayırlarınıń qanday shıǵarmaların bilesiz?
2. Qaraqalpaqstan kórkem óneri haqqında sóylep beriń.
3. Ǵalaba xabar quralları hám mádeniy aǵartıw jumısları haqqında aytıń.
4. Milliy mádeniyattıń rawajlanıwına neler tosqınlıq etti?
5. Óz mektebińizde hám úyińizdegi kitapxana haqqında aytıń. Siz onnan qanday kitaplar alıp oqıdıńız?

## MAZMUNÍ

KIRISIW.........................................................................................3
I BAP. QARAQALPAQSTAN SOVET HÁKIMIYATÍNÍŃ
ORNATÍLÍWÍ JÍLLARÍNDA (1917—1924-JJ.)................................4
§1. Ámiwdárya bólimi 1917-jıl fevral-oktyabr aralıǵında.............4
§2. Bolshevikler ústemliginiń ornatılıwı hám sovet
hákimiyatına qarsı gúres (1917—1920-jj.)..................................10
§3. Ámiwdárya wálayatınıń dúziliwi hám
sotsial-ekonomikalıq ózgerisler.....................................................18
§4. Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı Qaraqalpaqstan
aymaǵı xalıqlarınıń awhalı (1920—1924-jj.)..................................26
II BAP. QARAQALPAQSTAN SOVET TOTALITAR
DÚZIMNIŃ QÁLIPLESIW DÁWIRINDE (1925—1939-JJ.).......32
§5. Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń dúziliwi.
Sovet húkimetiniń agrar siyasatı hám onıń aqıbetleri..............32
§6. Rossiya federaciya quramındaǵı Qaraqalpaqstannıń
jámiyetlik-siyasiy hám ekonomikalıq jaǵdayı..............................39
§7. Qaraqalpaqstannıń Ózbekstan quramına kiriwi hám
onnan keyingi jıllarda social-ekonomikalıq jaǵday.....................46
III BAP. QARAQALPAQSTAN EKINSHI
JER JÚZILIK URÍS JÍLLARÍNDA..............................................54
§8. Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń áskeriy
maqsetke baǵdarlanıwı...................................................................54
§9. Qaraqalpaqstanlı jawıngerlerdiń fronttaǵı erlikleri.................61
IV BAP. QARAQALPAQSTANNÍŃ URÍSTAN SOŃǴÍ AWHALÍ
HÁM EKONOMIKANÍŃ BIR TÁREPLEME RAWAJLANÍW BAǴDARÍ (1946—1959-JJ.)...67
§10. Urıstan sońǵı jıllarda jámiyetlik-siyasiy turmıs
hám ekonomikanıń bir tárepleme rawajlanıwı baǵdarı..............67
§11. Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵınıń urıstan sońǵı jaǵdayı.......74
V BAP. QARAQALPAQSTANNÍŃ JÁMIYETLIK-SIYASIY
HÁM SOCIAL-EKONOMIKALÍQ JAǴDAYÍ (1960—1991-JJ.).....94
§12. 1960—1984-jıllarda jámiyetlik-siyasiy hám
social-ekonomikalıq jaǵday..........................................................80
§13. 1985—1991-jıllarda qayta qurıw siyasatınıń

nátiyjeleri hám ǵárezsizlik ushın gúrestiń kúsheyiwi..................86
VI BAP. SOVET HÚKIMDARLÍǴÍ DÁWIRINDE QARAQALPAQSTANDA RUWXÍY HÁM MÁDENIY TURMÍS (1917—1991-JJ.)...........................................94
§14-15. Ulıwma bilim beriw mektepleri, joqarǵı bilim hám ilim..................................................................94
§16. Ádebiyat hám kórkem-óner...............................................102